

MAX ДУГ
MAX DUG
Индекс 73247
12+
10
2020
10
2020



ЦИУ?..

Амонд… æрра дæн, цæй амондмæ дзурын?..
Ацы рæстæджы та амонджын чиу?
Нæ, æз Хуыцауæй æндæр цыдæр курын…
Базон-ма, циу?

Къоста

* * *

Гуырысхо нæ дæн æз: алы хæдзары дæр зæды нывау ауыгъд уыдзæнис Къостайы ныв. Ныууадзут, ферох уæ уæд йæ зæххон цард, – фыдæбон, хъиамæт чидæриддæр кæны, фæлæ йын кæсут йæ рæсугъд зондмæ, уым агурут уæ зондæн сæрæвæрæн, бакæсут ын йæ зæрдæйы кондмæ – уым сахуыр уыдзыстут уарзын.

БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо

* * *


Къоста йæхи радта цардæн, æмæ йын цард дæр радта адæмы хорзæх, æнусон кад æмæ цыт.

* * *

Уынынæн цæстытæ кæмæн ис, æмбарынæн – зонд, æнкъарынæн – зæрдæ, уый йæхæдæг хъуамæ бамбара, цы уыд æмæ цы у ирон адæмы царды Къостайы ахадындзинад.

Нигер





НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

МАХ ДУГ

10
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

КАДГÆНÆНТÆ
ÆМБАЛТЫ Цоцко: 150 азы 5
ГУСАЛТЫ Барис. Ирыстоны фарн. *Разныхас* 6
Цоцкойы сфæлдыстадон бынтæ 8
ХЪУЫЛАТЫ Валодя. Æмбалты Цоцко. *Мысинæгтæ* 24
Зындгонд адæм Цоцкойы тыххæй 36

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ
ГÆБУАТЫ Галинæ. Æрвон стъалыты тæмæн. *Æмдзæвгæтæ* 38

ХЪАЙТТАТЫ СЕРГЕЙ: 100 АЗЫ
ХЪАЙТТАТЫ Сергей. *Радзырдтæ* 43

ЦГЪОЙТЫ ХАЗБИ: 80 АЗЫ
ЦГЪОЙТЫ Хазби. *Новеллæтæ, эссе* 65

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 81

НОГ ТÆЛМАЦТÆ
ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег. Зейнап. *Æмдзæвгæтæй фыст роман. Кæрон* 106

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ
ЕГАР. Дзырды хъомыс. Æмбисæндтæ 136

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН
ТОХСЫРТЫ Къоста. *Æмдзæвгæтæ* 139

ПУБЛИЦИСТИКÆ
ХУЫГАТЫ Сергей. Прототип æмæ æрмæст уый тыххæй дæр нæ. *Фыссæджы хъуыды* 145


ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ
ХОДЫ Камал. Гамо. *Радзырд* 149

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 158

ТÆФÆРФÆС ХЪАУЫРАТЫ ДАУЫР 159

КАДГÆНÆНТÆ

ÆМБАЛТЫ ЦОЦКО: 150 АЗЫ



(1870 – 1937)

ГУСАЛТЫ Барис

ИРЫСТОНЫ ФАРН

Кæд нæм, ирон адæммæ, дыууæ ахæм лæджы рантыст дунемæ, алы бæрцбарæнтæй дæр ахъаззаг романы аккаг чи у, уæд сæ иу æнæмæнгæй у Цоцко. Æмбалты Бицойы (Василийы) фырт Увар (Георги).

Ирон лæг æцæг ирон цæмæйты у, цы æууæлтæ æмæ бæрджытæй, уыдонæй хъулон хайджын уыд ацы нæртон гуырд: æгъдау, æфсарм, уæздан уаг, цыргъ æмæ хæлар зонд, ахуырмæ 'ргомыздæхт, лæджыхъæдджын, æнæбасæттон ныфсхаст, уазæгуарзон, рæдау, хæрзтыцæуæг, кафаг æмæ зараг…

Диссаджы кад ын уыд адæмы 'хсæн – ныхасæн баззад: «Ацы хъуыддагмæ Цоцкойы цæстæй æркæсын хъæуы».

Йæ цардвæндаджы цаутыл ын нал дзурын: «Ирыстоны фысджытæ», зæгъгæ, уыцы чиныджы уыдæтты тыххæй цыбырæй хорз фыст ис, уæдæ арфæйаг сты Соттиты Риммæ æмæ Туаллæгтæ фыд æмæ фыртæй – Æхсар æмæ Алан: Риммæ дæр æмæ адон дæр фæйнæ замманай документалон чиныджы сарæзтой Цоцкойы бирæвæрсыг цард æмæ хъазуатон сфæлдыстады тыххæй.

Цоцкойыл цы тæссармæзонд æмæ галиумæ архайд цардарæзт нæ бацауæрста, уымæн йæ фæрæтæлвæст къух батасыдаид суанг Къостамæ дæр, уый ма уыцы туглæсæн дуджы куы цардаид, уæд. Цæрæццаг нæ уыд уыцы тугмондаг хицаудзинад, æмæ 'рцыд йæ кæрон, йæ фæстæ æнахъинон бындартæ ныууадзгæйæ.


Ног Цоцкотæ нæм куыд фæзына, уый та нын Дунескæнæг, Дунедарæг æмæ Дунеуромæг Хуыцауы цæст бауарзæд, мах та нæ хæрзæджыты сæ аккаг кады бынаты æвæрын куыд зонæм æмæ уымæ куыд арæхсæм, ахæм табуйаг амонд нæ уæд!

Уæлдайдæр та нын зæрдылдаринаг сты Къостайы ныхæстæ Цоцкойы тыххæй: «Цоцко своей припиской в твоем письме растрогал меня до того, что я не мог удержать слезы… Спасибо ему! Лучшего успокоения я бы не мог желать даже перед виселицей! «Tvng mvn æj bafars!» – афтæ фыста Гаппомæ.

Уæдæ ахадгæ у Шамилы сонет дæр, ахадгæ æмæ поэты уды ратæдзæнтæй фыст:

Фæкæнынц æй, йæ хус цæнгтыл – рæхыстæ.
Сæрак пæлæзты – сау лæгмартæ – сонт.
Уый Уастырджийау – урс æмæ бæрзонд,
Йæ хуызы æрдз йæ курдиат æвдыста.
Йæ зæрдæ арфæй зæххы хъæрзын хъуыста,
Уыд арвы цъæхыл сау сындзæй æмбонд.
Вæййы куырыхон залымæн нывонд, –
Уый Дантейау уынгæг хъоргъмæ ныххызти.
Йæ разы сау арт урс чингуытæй сыгъд,
Уыдысты къултыл ируы хæрзтæ тыгъд,
Сæ разы лæг сæргуыбырæй æрлæууы.
Йæ урс боцъотыл сау цæссыг æрлæст,
Фæстаг хатт мæрдтыл ахаста йæ цæст,
Зæгъы хъæрзгæйæ: «Иры фарн фæцæуы».

«Цоцко»



ЦОЦКОЙЫ СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆЙ

ГОЛЛАГ*

Царди-уыди хахойлаг æмæ йæ ус. Уыдон уыдысты ænæзænæг. Хахойлаг быдыры байтыдта еуу. Еуу афтæ хорз æрзадис, афтæ, æмæ дзы адæймаджы зæрдæ рухс кодта. Æваст кæцæйдæр дымгæ февзæрд, æрбафутт кодта – еуу æрызгъæлд, æмæ йæ дымгæ фæхаста. Æрцыди хахойлаг сæ хæдзармæ, сагъæсыл сси, хъаст кæны йæ цардæй æмæ дзуры йæ усæн:

– Æнæ касæй дын баззайдзыстæм, усай.

Уæд ын ус бауынаффæ кодта:

– Цæугæ, лæппу, дымгæйы фыдмæ, хъаст ын ракæн йæ фыртæй, ракур дзы, нæ хъуыддаг нын куыд равзара æмæ нын куыд бафида нæ еууы зиан.

Хахойлаг сразы æмæ араст. Бацыди дымгæйы фыдмæ, бакуывта йын æмæ дзуры:

– Дæ бон хорз, Дымгæлдар. Æз дæм æрбацыдтæн стыр хъуыддаджы тыххæй.

Дымгæ базмæлыд æмæ загъта:

– Дзургæ, хъусын дæм æз.

Хахойлаг та йын бакуывта ноджыдæр æмæ йын кæны йæ хъаст, йæ маст:

– Дæ фырт мын мæ еуу азгъæлдта. Æз дæн мæгуыр лæг. Бафид мын еууы зиан.

– Цæмæй дын æй бафидон? – загъта йын дымгæ.

– Дæ цæсгом цы хъæцы, аккаг мын цы скæнай, уымæй.

Æмæ байдыдта дымгæйы фыд хъуыддаг æвзарын. Хъуыды кодта, хъуыды кодта æмæ æрхъуыды кодта.

– Æз дын, – зæгъы, – ратдзынæн голлаг.

– Æмæ голлагæй та цы скæндзынæн, цæмæн мæ бахъæудзæни? – дзуапп ын радта хахойлаг æмæ йæ къæбут аныхта.

* Ацы æрмæг ма мыхуыргонд уыд "Мах дуг"-ы, 2006 азы, №5.

– Æз дын хуымæтæджы голлаг нæ ратдзынæн. Куыддæр дæм хæрын æмæ нуазын æрцæуа, афтæ йæ æрмæст ской кæн «голлаг, голлаг, цы фæдæ» æмæ уайтагъд дæ разы фестдзæни хæринаг æмæ нуазинаг, дæ зæрдæ цасдæриддæр зæгъа, уыйбæрц.

– Хорз, уый дын мæ зæрдæмæ цæуы, – сцин кодта хахойлаг.

– Стæй куы бафсæдай, уæд-иу зæгъ: «Голлаг, голлаг, дæхи афснай». Æмæ-иу æваст йæхи афснайдзæни.

– Мæ зæрдæ мын æрæнцайын кодтай. Хæрзбон. Бузныг.

Уый фæстæ хахойлаг æрхаста голлаг æмæ æппæлы йæ усæн:

– Усай, мæнæ дын цы 'рхастон!

– Цы нын æрхастай, цы, лæгай?

– Голлаг.

– Æмæ уæд голлагæй та цы кодтам, лæгай, дæ мад, дæ фыдыстæн.

– Усай, хуымæтæджы голлаг æй æнхъæлдзынæ? Уый ахæм у, ахæм, æмæ йын æрмæст хæринаджы кой скодтай, афтæ дзы уыйбæрц æркæлдзæн алцыппæт минас, æмæ сæ æгас хъæу дæр хæрд нæ фæуыдзысты.

Айста ус къæртатæ, донмæ фæцæуы æмæ, фæндагыл кæуыл æмбæлд йæ сыхæгтæй, уыдонæн æппæлы:

– Махæн нæ лæг ахæм голлаг æрхаста, æмæ йын æрмæст хæринаджы кой скодтай, афтæ дын уыйбæрц æркалдзæн алцыппæт минас, æмæ сæ хæрд дæр нæ фæуыдзынæ.

Сæ хæлар куы фехъуыста ахæм диссаджы кой, уæд загъта:

– Хуыцаубоны уæм æз сихор хæрынмæ фæцæуын.

Хуыцаубоны сæм сæ хæлар æрцыди хуынды. Сбадын æй кодтой. Бады сæ хæлар æмæ хъуыды кæны: «Ныр мæ цымæ хорз цæмæй фенынмæ хъавынц?» Сæ хæдзары къуымты æппын куы ницы зыны. Пецы арт нæй, сæ арынг дæлгоммæ фæлдæхт.

Уалынмæ хæдзары хицау рагъæнæй райста голлаг. Уазæг кæсы æмæ хъуыды кæны: «Хъуамæ йæ усы гæды ныхæстæ раст разыной!»

Хæдзары хицау голлаг фынгыл æрæвæрдта æмæ дзуры: «Голлаг, голлаг, райгом у». Куыддæр голладжы ком фегом, афтæ дзы цынæ алыхуызон хæринаг февзæрди! Хæринаджы дзæбæхæй цыдæриддæр уыди, уыдонæй фынг айдзаг... Хæбизджынтæ, хъæбынтæ, фыд, туаг хъæрмхуыпп, хъаз физонæггондæй, къутутæ æхсырысæрты тылдæй, æхсыры кас... Иу ныхасæй, алцы дæр дзы уыди.

Хæрынтæ байдыдтой, хæрынтæ, æмæ сын фæуынæн ницы бафæрæзтой.

Уазæг йæ хæдзармæ ацыди, дзуры йæ усæн:

– Усай, голлаг та дзы кæмæ нæ вæййы, фæлæ уæддæр мæ хæлармæ цы голлаг федтон, ахæм никæмæ разындзæн.

– Æмæ уагæр цавæр голлаг у?

– Æз дын æй зæгъдзынæн, цавæр голлаг у, уый, æрмæст мæм хъусгæ кæн. Ærбадын мæ кодтой фынджы уæлхъус, райста рагъæнæй голлаг æмæ йæм сдзырдта: «Голлаг, голлаг, райгом у». Æмæ фынг айдзаг алыхуызон хæринагæй.

– Гъе уый дын æнахуыр диссаг, гъе!

– Уæдæ ма диссаг та цы вæййы!

– Кæцæй йæм æрбафтыдаид цымæ ахæм голлаг?

– Уымæй йæ нæ бафарстон, мæ зæрдыл не ’рлæууыди. Цон æмæ йæ æцæг бафæрсон, кæм ын уыди уыцы голлаг?

Фæцыди та йæ хæлармæ æмæ байдыдта ныхас кæнын:

– Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ ма мын зæгъ, дæ хорзæхæй, кæм ссардтай уыцы голлаг?

– Кæм мын уыди, зæгъыс? Дымгæ мын æй радта.

– Рауæй-ма мын æй кæн.

– Нæ, уæййаг нæу.

– Æз дын ыл дыууæ галы ратдзынæн.

– Нæ, мæ хур, цыппар галы дæр мæ нæ хъæуы.

– Ærтæ цæды айс.

– Нæ, ницæуыл æй ауæлдай кæндзынæн.

– Цæй, æмæ цыппар цæды айс.

Хахойлаг сагъæсыл фæци, йæ къæбут аныхта: ныр цы бачындæуа?

Уæд æй йæ ус æнцад нал уадзы æмæ йын сусæг ныхас кæны:

– Райс сæ, райс... Хуым сæ бакæндзыстæм.

Хахойлаг ахъуыды кодта, сразы. Райста галтæ æмæ йын голлаг йæ къухты радта. Йæхæдæг баздæхт æмæ галтæ йæ хæдзармæ ærыскъæрдта, хуым афæлдæхта, байтыдта еуу, æмæ диссаджы хорз ærзади. Æваст февзæрди дымгæ кæцæйдæр, ныццавта йæхи еууыл æмæ йæ азгъæлдта.

Ærцыди хахойлаг сæ хæдзармæ æмæ судзгæ ærдиаг кæны.

– Цы ма кæнæм? Бацараефтыд стæм. Дымгæ та нын нæ еуу азгъæлдта! Усай, кас нæ цæстæй дæр нал фендзыстæм!

Уæд та йын йæ ус дзуры:

– Лæгай, чи зоны, кæд та нын дымгæйы фыд фæлæвар кæнид голлаг, нæ фыццаг голладжы хуызæн.

Хахойлаг араст и. Бахæццæ дымгæйы фыдмæ:

– Дзæбæх уай, Дымгæлдар! – загъта хахойлаг.

– Ærгас цу! – загъта Дымгæлдар.

– Ærцыдтæн дæм мæ хъаст, мæ маст радзурынмæ.

– Дзургæ, хъусын дæм.

– Дæ фырт та мын мæ еуу ныццагъта. Бафид мын мæ зиан.

– Цæмæй дын æй бафидон?

– Хорз уаид, цы голлаг мын радтай, ахæм та мын куы радтис.

– Æмæ цы кæны, хорз лæг? Мæнæ та дын голлаг. Куыддæр быдырмæ ахæццæ уай, афтæ йын-иу зæгъ: «Голлаг, голлаг, райгом у». Æмæ уæд фендзынæ, цы уа, уый.

Хахойлаг райста голлаг æмæ йæ фæхæссы. Быдырмæ рахæццæ æмæ йæхи æруагъта аулæфынмæ. Хæрын æм æрцыди, райста голлаг йæ ронæй æмæ йын зæгъы:

– Голлаг, голлаг, райгом у!

Голлаг куыд фегом, афтæ дзы дзæбуг фæгæпп кодта æмæ хахойлагæн йæ уалхъустæ нæмын байдыдта. Куы йæ иу къæмисæнæн – цæф, куы – иннæмæн. Афтæмæй йæ хоста æмæ хоста. Хахойлагæн йæ цæстытæ атартæ сты, йæ уд сцæйхауди. Дзæбуг та кæны йæ хъуыддаг. Хахойлагæн ма йæ дзыхы æрмæст уый бафтыди:

– Голлаг, голлаг, мæ хуры чысыл, дæхи афснай!

Дзæбуг – сæррæтт голлагмæ. Хахойлаг ын абаста йæ ком æмæ йæ сæхимæ фæхæссы.

– Гъы, лæгай, ærхастай та нын?

– Ærхастон.

– Голлаг?

– Уæдæ мын æндæр цы ’рхæссын æнхъæл дæ?

– Фыццаг голладжы хуызæн та?

– Ай-гъай! Дæлвæд-уæлвæд дзы нæ фæуыдзæни!

– Лæгай, уæдæ та царды минасæй тъæпп хаудзыстæм...

– О, о! Уый фенд зоны.

– Цавæр у, лæгай, æнахуыр ныхæстæ куы кæныс?

– Фыццаг уал мын, усай, æрбакæс мæ уалхъустæм, мæ къæмисæнтæм, стæй уæд бамбардзынæ мæ ныхæстæ.

– М’арт бауазал! Уыцы фыдмитæ дын чи бакодта? Дæхи хуызæн куынæуал дæ!

– Голлагæн зæгъ «райгом у», стæй уæд бæрæг уыдзæн!

Ус цымыдис кæм нæу, æмæ йæм уайтагъд сдзырдта:

– Голлаг, голлаг, райгом у.

Фæгæпп кодта голлагæй дзæбуг æмæ, дæ балгъитæгыл уый ауайæд, усыл цы ауади! Йæ къæмисæнтæм ын хорз базылди. Йæ сæрбæттæн дæр ма фесхъиудта. Мæлæтдзаг фæци фыр надæй, тыххæй-фыдæй ма йæ дзыхы бафтыди: «Голлаг, голлаг мæ хуры хай, дæхи бафснай!»

Дзæбуг ныггæпп кодта голлагмæ. Мæгуыр лæг ын йæ ком абаста æмæ йæ рагъæныл æрцауыгъта.

– Гъы, усай, куыд ма цæрдзыстæм ныр амæй фæстæмæ? Искæй ныфсæй ныфс нæй. Алчи дæр хъуамæ цæра йæхи уды хъаруйæ.

Чысыл фæстæдæр ус азгъордта сæ хæлармæ æмæ йын æппæлы:

– Нæ хæлар, нæ лæг та нын голлаг куы самал кодта.

– Цавæр? Ахæм та?

– Кæннод ме ’нæуынон фод! Мæ дзыхæй нæма сирвæзти «голлаг, райгом у», афтæ дзы дзæбуг фæгæпп ласта æмæ мæм хорз базылди. Тыххæй-фыдæй ма мæ дзыхы бафтыди «бафснай дæхи» зæгъын.

– Æмæ уый цы фæци?

– Нæхимæ, рагъæныл.

– Æмæ ма уæ цæмæн хъæуы, цы боны хорзмæ ма йæ дарут уæ рагъæныл?

– Чи зоны, æмæ та фæуид ахæм уазæг, æхсызгон кæй бахъæуа.

Уæдæй фæстæмæ сæм йæ къах дæр никуыуал бавæрдта сæ хæлар.

БÆЛЦЦОНЫ БОНЫГÆЙ

(Фылдæр йæ зæрдыл бадардта Тибы æмæ Нары зæрæдты ныхæстæ. Тибы фыдæлтæ куыд цардысты, се ’гъдау, сæ кад. Тыхгæнæг сын чи уыди, сæхуыддæг кæмæн тых кодтой аннæтæй).

Тиб – Мамысоны комы. Зæрæмæгæй йæм ис 6 версты паддзахвæндагыл. Тиб балыгъдысты Уæлладжыræй – Донысæрæй, Дагомæй æмæ Урсдонæй. Сæхи хонынц Хъызæггатæй. Кæд балыгъдысты, уый бæрæг нæй. Тибы цæры: Къадзтæ, Боцитæ, Айлартæ, Кучитæ, Тедетæ, Багатæ æмæ Джергатæ.

Тиб цардысты фосы æмæ хоры куыстæй, стæй абырæгдзинадæй, тых кæнынæй. Хоры куыстæн дзы кæд уыди зæхх, уæддæр сæм фаг нæ уыди. Тынгдæр-тынгдæр дзы цардысты фосы куыстæй. Хизæнтæ уæрæхдæр уыдысты, хосгæрст – арæх, хъæд – сæ фаг.

Сæ кусæн рæтты зæйтæ арæх нæ цыдысты, адæмы зиан дзы стæм уыди. Хохаг бæсты æнцон цæрæнбæстæ уыди. Стонг дзы не ’йфтой.

Тиб уыди æфсæддон хъæу, абырæгстон. Тиб лæбурдтой Гуырдзымæ, Уæлладжырмæ, Куырттатæм, Дыгурмæ, Асымæ. Тибы бадæнтæ – Куырттатæй Захъайы астæу, Захъайæ Урстуалты астæу, Дыгурæй Гуырдзыйы астæу Къæрæугомы.

Тардтой Тиб алырдыгæй фос, ластой лæгтæ; лæгтæ уæй кодтой фæстæмæ сæ мыггæгтæн 30 галыл.

Быpсынмæ, лæбурынмæ цыдысты балæй, æфсæддон балæй. Сæвзæрстой-иу хицау, хуыдтой йæ «Балхон».

Кæй-иу бакуыстой, уый-иу уæрст æрцыд уды сæрыл æмхуызон. Уæлдай хай уыди, лæбургæйæ, фыццаджыдæр чи сарæхст, чи æрцахста. Ахсæггаг уыди хайæ уæлдай, кæй ахстой, уый гæрзтæ, кæнæ гал. Ахсты аргъæй-иу рахицæн кодтой гал æмæ-иу æй хъæуæн аргæвстой куывдæн. Хойраг, ноздиу æрхастой хæдзæрттæй. Сæ куывд уыди, цæмæй æндæр хатт хуыздæрыл сæмбæлой.

Тибы хуыдтой «Цæгъдæг Тиб». Æфсæддон тых-иу кæй бахъуыд, уый-иу фæцыди Тибмæ æмæ-иу дзы баххуырста. Иугай мыггæгтæ, иугай лæгтæ сæхи кодтой Тибы уазæг. Тиб куы уазæг кодтаиккой мыггаджы, иу лæджы, уæд уыдон чи æфхæрдтаид, уый уыдаид Тибы ныхмæ, ардта Тибы фыдæх ард.

Тиб-иу арвыстой тых сæ уазæджы хæдзармæ. Йæ хæдзары сисыл ын-иу ныууагътой «æрхъуын» (лæдзæг, уæхсты хуызæн, дыгурмæ хуынди «будургъæ»), фехъусын-иу кодтой хъæубæстæн, комæн: «Ацы хæдзар, ацы лæг, ацы мыггаг у Тибы уазæг, ай чи хъыгдара, чи æфхæра, уымæн йæ дзырддаг уыдзæни Тибимæ».

Уазæггæнæгæн Тиб сæ уазæгæй истой сæрылхæцæггаг «æфсады гал». Гал-иу æрбатардтой Тибмæ куывдæн.

Тиб лæбурдтой сæ сыхæгтæм, уæлдæр кæй кой скодтам уыдонмæ. Тиб схæцыдысты уырысы æфсæдтимæ дæр æртæ хатты 1822 азы, 1824 азы, 1839 азы. Уырысы тых нæ уагътой сæхимæ.

* * *

Дæргъæвсы царди Зоратæй (Ælдаттатæй) Æмзорыхъо, тæгиан лæг. Уый уыди стыр тыхгæнæг, лæбурдта Гуырдзыстонмæ, Хъулгъамæ, Кæсæгмæ, Ногъаймæ, иу ныхасæй, – алырдæм. Иттæг арæх лæбурдта Захъамæ – Уæлладжыры комы рæбын.

Иуахæмы Захъагомы Абайты хъæумæ фæхабарчынди, Æмзорыхъо сæм лæбурынмæ кæй цæудзæн. Абайты хъæу сбæрæг кодтой аивæй, цы рæстæджы сæм цæудзæн лæбурынмæ Зорайы-фырт. Уый куы базыдтой, уæд Абайты хъæу арвыстой Тибмæ минæвæрттæ, цæмæй сын Тиб баххуыс кæной æмæ фыдбылыз ма ’руадзой тыхгæнæгæй.

Тиб æрæмбырд сты сæ Ныхасы Таранджелосы дзуары раз фæзы. Бауынаффæ кодтой æмæ сразы сты æфсад арвитыныл Абайты хъæумæ. Хæцæг адæмæн сæ балхон уыди Бибо Боциты.

Куырттаты æфцæгыл Стыр хохыл Тиб æмæ Абайты хъæубæстæ иу къорд лæджы фæндæгтæ æрæхгæдтой.

Æмзорыхъо æд æфсад фæзынди Куырттаты æфцæгыл. Æфцæгыл дыууæты астæу хæст æрцыди. Дыууæрдыгæй дзы – мæрдтæ, цæфтæ. Бибо Боциты топдзæф фæци. Тæгиатæй дзы Æмзорыхъо фондз æмбалимæ ахст фæци. Æмзорыхъо куы раст кодта, уæд ын Тиб Таранджелосы бын ард бахæрын кодтой, куыд Уæлладжыры коммæ йæ тых нал æрбавзардзæни. «Ма дæ байрох уæд, хорз Æмзорыхъо: дæ ард куы фæсайай, дыккаг хатт нæ къухы куы бафтай, уæд Дæргъæвсы дæ цæстæй дæр нал фендзынæ, фæлæ кæнæ Гандза кæнæ Хъырымы балæудзынæ, чи зоны!» – загътой йын Тиб.

Ахст адæмы Тиб аластой сæхимæ. Иукъорд боны фæстæ сæ Тæгиатæ балхæдтой фæстæмæ.

ТИБЫ ФÆДИС ДЫГУРМÆ

(Хъырымы хан Девлет-Гери сæм куы ’рбафсæрста, уæд – 1750 азы кæнæ уæдмæ хæстæг).

Дыгургом базыдтой, Хъырымы хан Долæт-Джери сæм хæцынмæ кæй æрбацæуы. Æмæ Дыгуры хистæр Хъуыбатты Тазрет фервыста фæдисхъæргæнджытæ алы рæттæм Ирыстоны (Ирондоны). Æмæ æд æфсæдтæ æрбафсæрстой Хъырымы тætæр, кæсæг дæр семæ. Дыгур æрбадтысты комы дымæгмæ.

Тиб, хабар фехъусгæйæ, æрбадтысты тæрхоны. Раздæр рахастой

ахæм фæнд: цæуын хъæуы фæдисы. Дыккаг фæнд та уый уыди: дыууæ лæджы цы хæдзары ис, уымæй – иу лæг, æртæ лæджы цы хæдзары ис, уымæй дæр – иу лæг, цыппар лæгæй – дыууæ, фондз æмæ фылдæр лæгтæй – æртæ. Мамысоны хъæутæм дæр фæдзырдтой Тиб æмæ дзы акодтой хæдзарæн лæг фæдисы. Мамысоны хъæуты сæрæн лæгтæ сæхи барæй цыдысты, аннæты та æхсарæй акодтой.

Фæдисы адæмæн хицæуттæ уыдысты Къадзты Барата, Боциты Бæтæхъо. Дыгургомы адæмы хæцгæйæ ныййæфтой Мамысоны фæдисæттæ Тætæримæ. Дыгурмæ ма ныххæццæ сты Рацъæй дыууæ хъæуы: Хъиб æмæ Гъеура, сæ хицау – Луарсаб Дзапаратæй. Мамысон æмæ Рацъæй фæстæмæ иу адæймаг дæр нæ фæзынди фæдисы. Мæймæ фæстæмæ æрбаздæхтысты Мамысоны фæдис. Иу æнамонд хабар дæр дзы не ’рцыд . Хъырымы ханы атардтой комы дымæгæй.

АХМÆТ ЗÆНДЖИАТЫ ÆМÆ БОЦИТЫ ТАМУ

Дыууæ хæлары уыдысты Таму æмæ Ахмæт. Таму уыди хуыснæг, æмæ-иу Туалтæй цыдæриддæр радавта, уыдон-иу Ахмæты хæдзары балæууын кодта Стыр Мызуры. Ахмæт та кæй давта, уыдон хаста Мамысонмæ, лæвæрдта сæ Тамумæ.

Фæлæвæрдта Таму Ахмæтмæ. Æркасти Таму, æмæ Ахмæтыл фæхудт йæ зæрдæ: фылдæр радта Ахмæтæн. Ской-иу кодта йæ хæларæн, фæлæ йын уый ком нал дæтты: кæуыл фæхæст, уыдонæй ницыуал уæздан зæгъы Тамуйæн.

Хардзау æркасти Таму йæхимæ: «Мæ хæлар мын хорзкуыст нæ кæны, йæ дзырд сайы, фæхастон æм, æмæ мын ницыуал дæтты. Тамуйыл усы кæрдæн æркæнæнт, уый дын, Ахмæт, цы ’мбæлы, уый куы нæ бакæна, дæ дзырд куыд нæуал фæсайай, уый дын куы нæ сараза!».

Иуахæмы Стыр Мызуры Зæнджиаты Ахмæты хæдзармæ фысыммæ бацыди Таму. Дыууæ æрдхорды бацин кодтой кæрæдзиуыл. Иу æхсæв уазæгуаты фæци Таму, дыккаг æхсæв дæр. Æртыккаг æхсæв Ахмæты гыццыл læппу дзуры:

– Баба, æз дæр уазæгдоны хуыссын Тамуйы фарсмæ.

Таму æмæ læппу хуыссынц Ахмæты уазæгдоны. Хуыссæг нæ ахсы Тамуйы, сагъæсыл сси. Фæсахсæвæр куы фæци, адæм фыццаг фынæйыл куы систы, уæд Таму фæгæпп ласта йæ хуыссæнæй, араæвдз

кодта йæхи æмæ дзуры: «Саг фæрæтмæ æрцыди. Фендзыстæм, мæ хæлар Ахмæт, кæддæра Таму йæ уæлдай куыд ныууадздзæни дæуæн!» Уыйадыл фынæй лæппуйы йе ’ккой авæрдта замманайы къахджын лæг.

Sænджиатæ райсомæй рабадтысты æмæ – Таму дæр нал, лæппу дæр нал. Фæдисы ацыдысты Sænджиатæ, Мызур, Тибмæ. Æмраст Боцитæм сарæзтой сæхи. Базыдтой фæдисæтты Боцитæ. Таму дардæй йæ мидбылты худы æмæ дзуры йæхинымæр: «Мæ хæлар мын йæхæдæг æрбахæссы мæ хæс».

Ахмæт æм хъæр кæны дардæй:

– Æууæнчы ард дæ баййафæд, Таму!

– Тамуйы æнæууæнк чи скодта, ард уый баййафæд! – дзуапп радта Таму.

Дыууæ хæлары æрбадын кодтой фæдисæттæ æмæ Тиб æмæ сын загътой:

– Уæхицæй хуыздæр ничи зоны уæ кæрæдзийы хæстæ, æрнымайут сæ уæхуыддæг. Тæрхон та – мах бар.

Нымайынц дыууæ æрдхорды. Уыцы ранымай-банымай фæкодтой. Ахмæт хæсджынæй баззад. Йæ бæх æд саргъ Тамуйæн ныууагъта æмæ йæ лæппуйы ракодта. Уырдыгæй фæстæмæ дыууæ æрдхордæн сæ хæлардзинад аскъуыди.

ТИБЫ ХÆСТ УЫРЫСЫ ÆФСÆДТИМÆ 1822 АЗЫ СÆРДЫ

Калакæй рарвыстой хицæуттæ æфсæдтæ, сæ хицау Попов, Персоны полчъы хицау. Дзырд ын уыди хицæуттæй, Дзауы комы, Къуыдаргомыл куыд ацыдаид æмæ Згъилы æфцæгыл Мамысонмæ куыд ныххызтаид. Фæдзæхст ын уыди, адæмы сабырæй куыд раздæхтаид уырысы хицауадмæ, куыд сын бамбарын кодтаид уырысы тых, се ’гъдау, сæ уаг. Попов Дзауæй Тибмæ сабыргай фæцыди, хицæуттæ æрæвæрдта.

Тибы адæм йæ размæ æрлæууыдысты Къобы фæзы, Тлийы бын. Фæрсынц Поповы:

– Чи дæ, кæдæм цæуыс, стæй цæмæн цæуыс?

– Æз дæн æрвыст уырысы паддзахы номæй Калакæй, – дзырдта Попов тæлмацæй (йæ тæлмацтæ – гуырдзиæгтæ), – Паддзахы фæнды, цæмæй иры дзыллæ басабыр уой æмæ сæхи уырысы уазæг бакæной, уырысы æгъдæуттæм гæсгæ сабыр цард райдайой, Гуырдзы куыд бакодтой, афтæ.

– Уыдон хорз се ’ппæт дæр, фæлæ дын зæгъæм: мах бæстыл дæуæн нæй цæуæн. Кæуылты æрцыдтæ, фæстæмæ дæр уыцы рæттыл дæхи айс æд æфсад. Уырысы паддзахæй куы куræм, уæд нæм-иу фæзынæд, фæлæ уал ныр уæхи айсут нæ зæххæй.

Попов раздæр фæлмæн ныхас кодта, фæлæ Тиб ком нæ лæвæрдтой. Уæд булкъон хъæбæрæй ауагъта йæ ныхас. Уæд æм Тиб сминæвар кодтой: «Мæнæ нæ кæрæдзи бамбараем, дæ ныхæстыл æрсагъæс кæнæм æмæ дын ардыгæй изæрмæ дзуапп уыдзæн, æрмæст ардыгæй ма фезмæл нæ дзуаппы агъоммæ». Хъæумæ райстой сæхи Тибы адæм, сæхи æфсæддон арæзт æрбакодтой. Дыууæ дихы фæкодтой Тибы хæцæг адæм сæхи. Иутæн сæ хицау уыди Бибо Боциты, аннæтæн та – Саулох Кучиты. Саулох æд æфсад бацыди хуссæртты, Бибо та – цæгæтты. Уырысы æфсады сæ астæу фæкодтой æмæ йыл хæст самадтой. Бибо ма сыл хуссæрттæй хуыр раскъæрдта бæрзæндтæй. Топпы гæрах, хуыры хъæр иу систы. Æризæр, афтæ уырысы æфсæдтæ хæцын байдыдтой дыууæрдæм. Фæхæцыдысты, цалынмæ цæст уыдта, уалынмæ дыууæрдыгæй дæр. Куы бахсæв, уæд Попов æд æфсад фæстæмæ айста йæхи. Тиб æй сырдтой фæсте. Попов фæстæмæ Згъилы ’фцæгыл ахызти Къуыдармæ. Хъуыддаг ууыл ахицæн.

1824 азы Калакæй рарвыстой дыууæ æфсады. Иуæн дзы хицауиуæг кодта майор Бобриков, иннæмæн та – майор Керчен. Майор Бобриков хъуамæ рацыдаид Згъил-æфцæгыл Тибмæ. Керчен та – Захъайыл Нармæ, æмæ дыууæ æфсады сиу уыдаиккой Тибы. Уый фæстæ, Тиб байсыны фæстæ, дыууæ æфсады ацыдаиккой Уæлладжыры комыл Кæсæгмæ. Керчен æрхæццæ Нармæ. Нар æй суазæг кодтой. Радзырдтой йын, Екатеринæ-паддзахæй фæстæмæ Уырысмæ сæхи кæй радтой, Уырысæн кæй куыстой сæ фыдæлтæ, сæхуыддæг дæр кусыныл разы кæй сты. Куырдтой Керченæй, цæмæй Нары уырыссаг скъола арæзт æрцæуа, æмæ ахуыр байдайой уырыссаг чиныджы.

Иу-æртæ боны бафæстиат Керчен Нары. Бобриковæй йæм хабар нæй. Куы нæ ‘мæ куы нæ уыди, уæд йæ ныфс нал бахаста Тибмæ. Нар дæр æй не сразы кодтой, æмæ аздæхти фæстæмæ Ручъы æфцæгыл. Нарæй разыйæ ацыди.

Керчены ацыдæн йæ дыккаг бон Бобриков Згъилы æфцæгыл рахызт æмæ Тибмæ сарæзта йæ фæндаг. Тиб та уымæн дæр æрлæууыдысты йæ разы. Бобриков сæм дзуры:

– Хæстмæ не ’рцыдтæн, фæндаг мын раттут, Кæсæгмæ у мæ арæзт.

Хæрзиуджытæ уын ралæвар кæндзæни нæ паддзах.

– Сымахæй, уырысæй нæ хъæуы æрмæст иу хæрзиуæг, – загътой Тиб. – Нæ бæсты æмгæрæтты дæр куыд нæ цæуат, афтæ. Уадзут нæ цæрын æнцадæй нæхицæн.

Тиб фæныфсджын сты 1822 азы хъуыддагæй. Уыцы рæстæджы Поповы куы фæсырдтой, уæд уырысы æфсæдтæй фæмард 20 лæджы. Æхсæвы та Тиб Бобриковы æфсады алыварс æрзылдысты æмæ семæ хæцын байдыдтой. Тæрсæн гæрæхтæ фæкодта Бобриков дæр сармадзанæй – æртæ гæрахы, йæхæдæг æмæхсæвæджы алыгъд йæ фæд-йæ фæд. Райсомæй уырысы æфсæдтæй дыууæ марды ссардтой.

1830 – 1840 АЗТЫ

Оны Калачы базаргæнджытæ-иу цыдысты стыр Калакмæ базайрæгтæм. Уыдон-иу куыд нæ уæндыдысты, уымæ гæсгæ сæ-иу ирхæфстой дыууæрдæм дæр Дзапаратæ æд æфсад. Базаргæнджытæ сын уыдысты хъалондар уый тыххæй. 1839 азы Оны Калачы сæудæджертæ æрбацæйцыдысты Стыр Калакæй сæхимæ æд фос. Кодтой сæ Дзапаратæ. Сæ фæндаг – Дзауы комыл, стæй – Къуыдарыл, Къуыдарæй та – Онмæ.

Къадзты Цъебойæн бамбарынчындæуыд, Оны сæудæджертæ бирæ фосимæ кæй æрбаздæхынц Стыр Калакæй. Цъебо Тибы фæсивæды сæмбырд кодта, бабадти сæ размæ Къуыдарæй Дзаугомы ’хсæн Чъехы рагъыл. Фæлæбурдтой сæудæджертæм. Хæст бацайдагъ. Дзапараты мыггагæй дзы фæмард æртæ, аннæ æфсадæй – иу фондз. Тибæй фæмард иу – Цъебойы фыдыфсымæры лæппу, иу-фондз – уæззау цæфтæ. Тиб рахастой сæ марды, сæ цæфты, стæй фосыл дæр фæхæст сты.

Уыцы хъуыддаджы уæлвæд Дзапараты Уæхтæнг æмæ Цъеретели Григори ацыдысты Калакмæ. Хицæуттæм бахастой Тибы фыдуагдзинæдтæ: Поповы хъуыддаг, Бобриковы лыгъд. Стæй загътой:

– Цалынмæ Тиб пырх æрцæуа, уалынмæ нæй сабырдзинад мах бæсты. Алы ран дæр бафидыдтой, басабыр сты, æрмæст Тиб нæ фидауынц, нæ сабыр кæнынц æмæ адæмы æнцад нæ уадзынц.

Наместник дзырд радта, Тибы бынтон куыд фесафой. Сентябры, 1839 азы, Калакæй рацыд æфсад, къйаз Илиа Андроников – сæ хицау,

йемæ – Дзапараты Уæхтæнг æмæ Григори Цъеретели. Андроников уыди булкъон, Цъеретели – дæлбулкъон.

Хетæгкаты-Балаты Солтæ фехъусын кодта Тибæн, æфсæдтæ сæм фæцæуы Калакæй, зæгъгæ. Солтæ уыди паддзахы куысты. Кæд сæм цыдысты æфсæдтæ, уый Солтæ дæр нæ зыдта.

Тиб сæхи фæцæттæ кодтой, сæвзæрстой хицæуттæ – Цъебойы Къадзты æмæ Тыгайы Боциты. Дыууæ фæндаджы æрцахстой: Зруггомыл Дмийы, стæй Тлийы бын Фæс-Цъырехы. Æхсæв дзы хъахъхъæдтой радыгай.

Солтæ æрвыста Тибмæ: раззаг æфсæдты хуызæн сæ ма æнхъæлут, адон тыхджын æфсад сты.

Уырысы æфсæдтæ иу æхсæв Нарыл æрбацыдысты Тибмæ, хæцæнтæ æрцахстой, Суары фæз, Цъыфы фæз, фæндаджы сæр хæцæнтæ бацахстой, сармадзантæ дзы сарæзтой хъæутæм. Тиб бонæй федтой уырысы æфсæдты. Знагæн кæуылты æнхъæл уыдысты, ууылты нал æрцыд.

Уырысы æфсæдтимæ уыдысты ирæй Дзауы комы адæм, Куырттатæ æмæ Нар. Æфсæдты хицау Андроников Цъыфты æрбадт æмæ штабы тæрхон кодта: цы ’гъдауæй ахицæн кæной хъуыддаг Тибимæ. Дзапаратæ æмæ Гуырдзыйы, Дзауы ком æмæ Куырттаты фæндыди, цæмæй Тибы ныппырх кæной тыхæй. Хетæгкаты Солтæ æмæ Гæуысы Гуыбаты – фæндыди, хæст цæмæй ма ’рцæуа æмæ фидыдæй ахицæн уа хъуыддаг. Андроников Солтæ æмæ Гæуысимæ сразы: Тибæн радта æмгъуыд аходæнæй сихормæ – уæдмæ Тиб хъуамæ дзуапп радтой. Гæуыс æмæ Солтæ уыдысты минæвæрттæ. Радзырдтой Тибæн Андрониковы фæндон. Æрæмбырд сты Тибы дзыллæ. Дыууæ дихы фесты адæм. Иутæ лæууыдысты Цъебойы фæндыл – уый фæндыди хæцын. Аннæтæ лæууыдысты Боциты Тыгайы фæндыл – уый фидауыныл архайдта.

– Уырысимæ фидыд у тæсзæрдæ æмæ æнæлæгдзинад, – загъта Цъебо Къадзты. – «Фæтарстысты Тиб», зæгъдзысты уырыс æмæ фæстагмæ худинаг кæнæм, æмæ æфсарм уыдзæн нæ фæстагæттæн. Хæцæм æмæ та сæ фæтæрдзыстæм, айразмæ сæ куыд фæтардтам, афтæ.

– Ædылы ми уыдзæни схæцын, – загъта Тыга Боциты. – Хæцæнтæ кæм æрцахстой, хъæумæ кæм æрбацыдысты, уым нæ бон ницыуал бауыдзæни, нæхи дзæгъæлы бафхæрын кæндзыстæм.

Тыгайæн Балаты Солтæ уыд йæ каис, æмæ æрлæууыди уый дзырдыл. Солтæ йæ кодта фидауын. Тыга фидауыныл ныллæууыд:

– Æз азым мæхимæ нæ исын, фæстагæттæ мæ зылын кæндзысты, байсæфын нæ кодтой, сæ бон ницы уæвгæйæ, зæгъгæ.

Цъебо загъта:

– Хæцын кæй фæнды, уый мæ фæдыл рацæуæд.

Тыга та афтæ:

– Фидауыныл чи у, уый та мæ фæдыл.

Хæцæг адæм иууылдæр Цъебойы фæдыл фесты, Тыга иппæрдæй аззади. Тыга йæ фырт Цæлыччы къухыл рахæцыд æмæ йæ Андрониковмæ радта фыртæн-фидарæн. Андроников ын радта тырыса. Тыга тырыса Боциты мæсгуытæй астæуккаг мæсыгыл æрфидар кодта.

Хæцæг адæм бацыдысты мæсгуыты уæллаг Тибы æмæ Дæллаг Тибы – алчи йæхи мæсыджы. Уалынмæ иу – Дзаххотт Кучиты, æдылыгомау – фæгæрах кодта, уый та дзы сымахæн, зæгъгæ.

Уырысы æфсад Уæллаг Тиб сæхи бакодтой, сармадзантæй йын йæ мæсгуытæ апырх кодтой, хæдзæрттыл, мустыл арт бафтыдтой. Хæцæг адæм мæсыгæй уæладзыгмæ лыгъдысты æмæ уырдыгæй хæцыдысты. Фæстагмæ хæцæг адæм Къадзты стыр мæсыг Сацърейы бацыдысты, аннæтæ доны фаллаг фарс хъæдмæ сæхи байстой æмæ алы рæтты хæцыдысты. Авд боны фæхæцыдысты. Мæсгуытæ ныппырх сты. Баззади ма дзы Сацъре.

Андроников сагъæсы бацыди – хæцæнгарзæй æххæст нал уыди, ноджы æфцджытыл мит куы ныууара, стæй йыл ир сайдæй куы рацæуой. Баздæхт æмæ Гæуысæн дзырдта, цæмæй Сацърейæ исты хинæй куыд ралидзой.

Къадзты Цъебойæн Абайты Али уыд йæ усы æфсымæр. Гæуысы фæндæй Андроников Алийы барвыста хæцæг адæммæ.

– Уæхи айсут, – загъта Али. – Мæ хæстæг стут, æмæ, фесæфат, уый мæ нæ фæнды. Куы нæ алидзат, уæд Джонкъаситы бын кæнут. Егъау сармадзантæ æрбаласынц галтæй, ноджы æфсæдтæ æрбацæуы – нал уæ ныууадздзысты.

Байхъуыстой йæм, бауæндыдысты йыл.

Фæнд уыди мæсыджы. Цъебойы цыппар фырты Саулæг, Мурти, Богъи æмæ Дзанг уыдысты фæнды, стæй аннæ хæцæг адæм дæр. Боциты Бæтæ загъта:

– Тас куы нæу, стæй нын тас куы уа, уæддæр амæй хуыздæр ингæн нал ссардзыстæм.

Богъи:

– Ацæуæм, ам фесæфынæн æгæр стæм. Мæ мадыфсымæр мæ нæ сайдзæни.

Иу æхсæв ацыдысты. Цъебо уый агъоммæ фæцæф æмæ уыди сындзы. Уырдæм ын хастой хæринаг æмæ йын бастой йæ цæфтæ.

Хæцæг адæм иууылдæр хъæдмæ ацыдысты æмæ ардыгæй хæцын байдыдтой. Андроников дзырд радта, цæмæй сæ æхсарæй фæтæрой хъæдæй. Æфсæдтæ Сацъре-мæсыджы бын топпыхос бакодтой æмæ йыл арт бандзæрстой. Хос сгуыпп ласта, фæлæ мæсыг лæугæйæ баззади.

Хæцæг адæм Халацъæй коммæ балыгъдысты. Уырдæм сæм ацыдысты уырыс.

Хæстæн йæ райдайæнæй æртыккаг бон Уæллаг Тибæй цыппæрдæс лæджы æрцыдысты. Уыдысты Икъотæй, Кучитæй, Джергатæй æмæ Багатæй. Иуы фæндæй уацары фесты цыппæрдæсæй дæр æмæ фесæфтысты. Устыты æмæ сывæллæтты ныккодтой хæцæг адæм Андрониковмæ. Уый сæ суæгъд кодта.

Уырдыгæй фæстæмæ Тиб сæ сыхæгты фæндиаг фесты. Æрсабыр сты Тиб. Уырыссаг хицау сын æрæвæрдтой. Се знаг Дзапараты Симон сын байдыдта хицауиуæг кæнын.

ХУССАР ИРЫСТОНЫ ТОХ УЫРЫСЫ ÆФСАДЫ НЫХМÆ (1830-æм АЗТЫ)

1896 азы Калакмæ фæцæйцыдтæн Дзауы комыл. Чъребайæ Куртайы æхсæн амбæлдтæн иукъорд лæгыл дыргъбæласдоны раз.

– Уæ фæндаг раст.

– Æгас цу, уазæг. Кæцæй цæуыс æмæ кæдæм дарыс дæ фæндаг?

– Цæуын Тибæй, мæ арæзт та у Калакмæ.

– Тибæй зæгъыс? Æмæ уæд кæй лæппу дæ Тибы?

– Боциты.

Уæд сæ хистæр дзуры аннæтæн:

– Мæнæ бæласы бын абадæм, нæ фæллад суадзæм, уазæджы хабæрттæй афæрсæм. Кæстæр лæппу, фæсарцæй лалым райхал æмæ хордзен ардæм рахæсс.

Æрбадтыстæм бæласы бын. Æрæвæрдтой хæрд æмæ ноз т. Хæрд æмæ ноздмæ нæма бавнæлдтой, афтæ сæ æз дæр фæрсын:

– Æмæ бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ сымах та чи стут?

– Мах та стæм уыцы адæмæй, Тибы руаджы нæ мыггаг кæмæй баззади. Мах стæм Коцтæй-Джонкаситæй.

– Уый та куыд?

– Мæнæ уал фæйнæ аназæм, æмæ дын æй уæд радзурдзыстæм, нæ уазæджы хай.

Аныстам фæйнæ. Нуазæнтæ, рæсугъд ныхæстæ... Уый фæстæ мын дзурын райдыдта сæ хистæр Куыдзæг Коцты:

– Мæ фыд фæцарди зæронды бонтæм æмæ-иу арæх кодта, уырысимæ нæ фыдæлтæ куыд хæцыдысты, уый кой. Уырысимæ нæ фыдæлты хъуыддаг лæгъз нæ цыди. Уырысы къухмæ нæ фыдæлтæ сæхи нæ лæвæрдтой. Уырыс дæр сæ æнцад нæ уагътой. Æмæ уæд нæ фыдæлтæ сфæнд кодтой схæцын: «Цæйнæфæлтау ælдæртты къухмæ бафтæм, уыдонæн хъалондар суæм, фæлтау нæ иу дæр мауал баззайæд!» Лæгтæ баздæхтысты æмæ сæ бинонтæ, сæ фос Тибмæ акодтой. Боциты Малхъармæ æрынцадысты Коцтæ-Джонкаситæ, сывæллæттæ, устытæ, сæ ис, сæ бон. Сæхæдæг нæ фыдæлтæ, хæцынæн лæгау-лæгтæ чи уыди, уыдон сæхи сраевдз кодтой. 1830 азы сæ хæст æрцыди уырысимæ. Нæ фыдæлтæ бацыдысты Къолойы фидармæ Чеселты, æмæ 30 лæгæй фесæфтысты – нæ мыггаджы лæгтæ иууылдæр. Ныр ма нæ чи баззад, уыдон, Тибы уазæгуаты чи уыди, уыдон стæм. Мæ фыд дзы уыди чысыл лæппуйæ.

– Æмæ ацы сахат та цы ран цæрут, цас мыггаг стут?

– Ацот та кодтам Тибы руаджы, иу фынддæс хæдзары та баистæм, цæрæм Схлебы, Рустауы æмæ æндæр рæтты.

Ацы хабар æз мæхæдæг дæр фехъуыстон Тибы нæхи хистæртæй. Нæ фыдæлтæй фехъуыстон æз Коцты мæсыг Къолойы зарæг. Хорз æй нал хъуыды кæнын, фæлæ дзы уыди ахæм ныхæстæ:

Мæнæн мæ бын – цæнгæт,
Мæ фæрстæ – æргъæу,
Мæ сæр – сæууон стъалы, – дзуры мæсыг.
Мах дын фестын кæндзыстæм, – дзурынц уырысы æфсæдтæ,–
Дæ бын фаджыс,
Дæ сæр къæлуа,
Дæ фæрстæ кау.



Абайты Вассо, Æмбалты Цоцко æмæ Гулуты Андрей

ХЪУЫЛАТЫ Валодя

ÆМБАЛТЫ ЦОЦКО

Мысинæгтæ

Цоцкойы хистæр хо – Дзыгкын – 50 азмæ 'ввахс фæкуыста ахуыргæнæгæй Ærыдоны. Иры дзыхъхъы уымæй номдзыддæр ахуыргæнæг нæ уыд, æмæ йæ фæллойæн аргъ скæнынæн бахъæуид стыр чиныг ныффыссын...

Саламты Мæхæмæт – Цоцкойы хæлар, дыууиссæдз азæй фылдæр фæкуыста ахуыргæнæгæй Ирыстоны скъолаты. Мæхæмæт йæ боныджы куыд фыссы, афтæмæй уыцы рæстæг Цоцко цард Ленинграды æмæ куыста В. Ф. Миллеры «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуаты» дыккаг том рауадзыныл.

Æз дæр фыццæгæм къласы Дзыгкынмæ ахуыр кодтон, æмæ мæ зæрдыл хорз лæууы ахуыры фыццаг бон.

Номхыгъд куы бакаст Дзыгкын æмæ нын скъолайы æгъдæуттæн сæ ахъаззагдæртæ куы бамбарын кодта, уæд загъта:

– Абон ахуыр кæндзыстæм зарæг «Скъоламæ». Уæ абеты чиныджы ис уыцы зарæг, фæлæ сымах кæсын нæма зонут æмæ уын æй æз кæсдзынæн, стæй йæ иумæ зардзыстæм. Уырыссаг æвзагыл дæр ис ахæм зарæг, ирон æвзагмæ та йæ раивта Æмбалты Цоцко.

Æмæ стыр разæнгардæй райдыдтам зарæг ахуыр кæнын.

«...Цырддæр акæнут уæ дарæс.
Хур уæм рудзынгæй кæсы.
Адæм, сырдтæ, гыццыл цъиутæ,
Алчи куысты сæргъ лæууы:
Мæлдзыг уаргъимæ фæцæуы
Хизмæ мыдыбындз тæхы...»

Уыцы зарæг ссис мæ тæккæ уарзондæр зарæг. Нæ алы боны хъуыдытимæ фидар баст кæй уыдис, уый фæрцы. Цоцко йæ кæй ныффыста æмæ нын æй Дзыгкын кæй бацамыдта, уымæ гæсгæ та уæлдайдæр.

СÆХИМÆ – ÆРЫДОНЫ

Мæ зæрдыл бирæ цыдæртæ дарын. Суанг, мидхæсты рæстæг «урсытæ» Ærыдоны куы уыдысты, уый дæр ма хъуыды кæнын.

Æмæ мыл уæд та цыдис æрмæст цыппар азы.

Бирæ уарзтам мæ хистæр æфсымæр Муццæимæ Æмбалтæм цæуын, уæлдайдæр бæрæгбæтты. Уæд-иу сæ бинонтæ æрбамбырд сты.

Сывæллонмæ дзæбæх цæстæнгас кæм нæ уа, уырдæм разæнгардæй нæ уайдзæн. Æмбалтæ та ныл-иу сегас дæр бацин кодтой. Цы сæм уыди, уымæй ныл-иу рæвдауынæй нæ ауæрстой. Уæлдай æнувыд махыл дæр æмæ ннæ сывæллæттыл дæр уыдысты Дзыгкын æмæ Цоцко. Тынг ныл-иу ныццин сты Аппе 'мæ Софя дæр. Аппе – Æмбалты Бицойы зæнæджы хистæр – куырм уыдис. Фæлæ йæ æнцад бадгæйæ арæх не ’ййæфтам. Сæ кæрты цы гыццыл сарагонд уыдис, уым-иу кæнæ сугтæ лыг кодта иу къухын хырхæй æмæ сæ бæстон амадта къулрæбын, кæнæ æндæр исты куыстытæ кодта.

Мах-иу нæхицæй хуымæтæджы бузныг нæ ныйистæм, исты æххуыс-иу куы акодтам Аппейæн, æмæ нæ-иу уый куы раппæлыд уæд:

– Маладецтæ, мæ гыццыл хæрæфырттæ, Аппейы хуртæ!

Цоцко-иу сæхимæ куы уыдис, уæд-иу кæрты дæр æмæ цæхæрадоны дæр Аппеимæ иумæ архайдтой. Цыфæнды куыст дæр – хырхæй уа, фæрæтæй, кæнæ белæй, Цоцко кодта диссаджы уæнгрогæй æмæ хъæлдзæгæй. Никуы дзы ничи фехъуыстаид «бафæлладтæн», зæгъгæ. Сæ гыццыл цæхæрадоны цанæбæрæг куыстытæ сæм уыдис. Уæддæр-иу мах дæр архайдтам исты аххуыс кæныныл, æмæ нын-иу Цоцко уайтагъд нæ аккаг æнцон куыст ссардта. Цас-иу акуыстаиккам, фæлæ-иу Цоцко хъазæнæмхасæн махæй æппæлыныл схæцыд:

– Ай уæйгуытæ куы стут, уæйгуытæ, мæ хæрæфырттæ, Сæгуийы байзæддæгтæ. Цомут уал ныр, Софя нæ хоны, сихор, дам, сцæттæ...

Сæгуи махæн нæ фыдыфыд уыдис, æмæ йæ нæ зыдтам. Йæ кой та йын-иу фылдæр Цоцкойæ фехъуыстам.

Уый Цоцкойæн йæ миниуджытæй уыд, – фыдæлты фарн кæстæрты цæсты бæрзонд кæнын. Нæ фыдымад, Цоцкойæн йæ хистæр хо, Чабæ хуындис. Æмæ ма хорз хъуыды кæнын, Цоцко нæм-иу куы ’рбацыд, уæд-иу кæртæй йæ хъæлæс æрбайхъуыст:

– Цы фестут Хъуыдæбердтæ!?

Хъуыдæберд – Сæгуийы фыд. Кæм дæ æмæ куыдтæ дæ, Тотыры чызг?

Тотыр та – Цоцкойæн йæ фыдыфыд.

СЫГЪДÆГДЗИНАД, ÆГЪДАУ...

Скъоламæ дæр нæма цыдтæн, афтæ бафиппайдтон æмæ мæ зæрдыл дарын ныры онг, Цоцко-иу йæхимæ куыд зылди, уый. Уыцы рæстæджыты йыл æртиссæдз азмæ æввахс цыдаид Цоцкойыл, афтæмæй йæ рæсугъд дæндæгтæ уыдысты иууылдæр æнæхъæн. Йæ дæндæгтæм куыд бæстонæй зылд, уымæ-иу диссаджы каст кодтон æмæ раст гъе уыцы рæстæджыты фæцалх дæн мæ дæндæгтам Цоцкойау зилыныл. Ныр мæхиуыл рацыд æртиссæдз азы, уыдонæй цыппар арвыстон хæсты быдырты, уæддæр ма мæ дæндæгтæ сæ бынаты сты... Цоцкойы руаджы!

Цоцко æнæ зачъе, æвæццæгæн, никуы уыди, йæ цæсгомыл хил зайын куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ йæ сæр та даста бонцухæй. Цыма æндæр хуызы не сфидыдтаид, афтæ мæм кæсы.

Чи йæ уыдта, уыдон зонынц, Цоцко алы ран дæр ирон дарæсы кæй цыдис, уый. Хæдзары мидæг – урс куырæты, къæсæрæй та æнæ цухъхъа, æнæ худ (кæнæ нымæтхуд, кæнæ урс къæбæлдзыг худ) никуы рахызтаид. Къæхты дарæс – кæрты æмæ хæдзары – ирон уæлæнгай дзабыртæ. Уынджы æмæ балцы та – æрттиваг цырыхъхъытæ.

Европæйаг костюмы хæлаф Цоцко хуыдта «æнæфснайд хæлаф». Уымæ гæсгæ æз дæр, суанг мæ институты азтæй райдай æмæ æрæджыйы онг цыдтæн «æфснайд» хæлаф æмæ цырыхъхъыты.

Цыбыр ныхасæй, цæмæйдæрты фæзмыдтон мæ фыдымады æфсымæры æз дæр... Æрмæст курдиат фæзмгæйæ нæу. Мæ бон у зæгъын: Цоцкойы курдиатай хайджын уыдис нæ хистæр æфсымæр Ладимыр... Æмæ аскъуыди йæ цард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты.

Æгъдау. Цоцкойæн йæ алы дзырды, йæ алы фезмæлды дæр уыдис æгъдау, фæзминаг æгъдау.

«Ирон æгъдау», зæгъгæ, арæх фехъусы лæг. Æгъдау аразæг адæмы фæлтæртæ уыдысты. Æмæ æппæт адæмæн, æхсæнадæн, кад æмæ намысæн пайда чи уыдис, уыцы æгъдæуттыл-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæгъдау адæймæгтæ дæр сæхи «æгъдæуттæй» бафтыдтой. Æвæццæгæн, афтæмæйты ныпписи сты ирон царды уагыл ирæд, уайсадын...

Бирæ хистытæ, сидтытæ æмæ уæлдай нуазæнтæ та æгъдæутты нытътыссыныл архайдтой, æмæ ныр дæр нæ ауæрдынц гуыбындзæлтæ æмæ карз ностыл ænувыд уæвæг адæймæгтæ...

Æмбалтæн сæхимæ æмæ махмæ дæр æз никуы федтон Цоцкойы, фынгыл арахъхъы графин æрæвæргæ. Зыдтой йын æфсинтæ йæ ностытæ: хуырх, къуымæл, бæгæны.

Ленинграды ма куы куыста Цоцко, уæд ын-иу йе ссыдмæ Чабæ бæгæны скодта. Тынг дæсны уыд Чабæ бæгæны кæнынмæ.

Иуахæмы та, сæрдыгон æнтæф заман, хæдзармæ æрбайхъуыст Цоцкойы хъæлæс:

– Фарн уæ кæрты 'мæ уæ хæдзары, Хъуыдæбердтæ! Цы фестут?!

– Мæнæ стæм, мæнæ, мæ къона! – сдзырдта Чабæ, æмæ рагуылф кодтам æмхуызонæй Цоцкойы размæ. Уый Чабæйы йæ хъæбысы ныккодта, йæ рустæн ын апъатæ кодта... Стæй кæстæртæ – Земкæ æмæ Зирæ (иуыл дзы 8 азы цыдаид, иннæуыл – 3) дыууæйæ дæр йæ хъæбысы февзæрдысты. Ærхæццæ мæ рад дæр, мæ фæрстæм мын февнæлдта... æмæ цалдæр сикунды йæхи джихау фækодта, стæй:

– Фæлæуу-ма, дæ фæрсчытæ дын анымайон (лæппуйæ къæсхуыр хастон).

Иууылдæр ныккæлкæл кодтой. Уæд Муццæмæ фæци:

– Дæуæн та иу фæрск дæр нæй, фæйнæгфæрск куы дæ уый, Муццæ, Нарты Батрадзы хуызæн...

Цоцко мын мæ фæрсчытæ куы «нымадта», уæд кауы сæрты касти нæ сыхæгты лæппу Дзибу, мæнæй иу аз хистæр. Иуахæмы, гудайæ хъазгæйæ, æз цыдæр хæрам бакодтон, æмæ дын мæм Дзибу куы 'рбасхъæл уаид:

– Цоцко дын дæ фæрсчытæ йе 'нгуылдзты уырзтæй нымадта, фæлæ дын сæ æз тымбыл къухтæй банымайдзынæн!

Афтæмæй мæ фæрсчыты хабар нал рох кодта сыхы лæппутæй,– худæджы хос сын сси...

Фæхъæбыстæ кодта хистæртæн дæр – Ладимыр æмæ Райкæйæн. Уый фæстæ – нæ мад Лубæйæн æмæ йæ цард хæрæфырт, нæ фыд Буцкийæн.

Уалынмæ нæ сыхæгтæй дæр чидæртæ æрбамбырд, æмæ хуымæтæджы бон хъæлдзæг бæрæгбон æрбаци...

– Цоцко, кæд дæ зæрдæ арахъхъ зæгъы, двайно дæр нæм ис, – загъта Чабæ.

– Дæ бæгæны нæртон ноздт куы у, ælутон. Арахъхъ та – хæйрæджыты ноздт.

Никуы федтон Цоцкойы арахъхъ нуазгæ. Тамако дæр нæ дымдта.

Нæ мад – Лубæ – сыхы лæгтæн сæ фылдæрмæ уайсадгæ кодта. Цоцко та йæ йæхимæ сдзурын кодта, ног чындз ма куы уыд, уæд.

Æз никæй федтон Цоцкомæ уайсадгæйæ. Канд Ærыдоны нæ, фæлæ æндæр хъæуты дæр, бирæ хæттыты йемæ балцы уæвгæйæ.

ЙÆ КУСÆН УАТЫ

Кæд Цоцко ’мæ Дзыгкын рагæй дæр ахуыргæнджыты куыст кодтой, уæддæр сæ мыздæй фæстауæрц нæ уыд. Мæ фыд Буцкийæ куыд æрыхъуыстон, афтæмæй-иу, Цоцко йæ мызд куы райста, уæд-иу æй уайтагъд мæгуыртæн уæрстæй фæци. Афтæмæй та сæхæдæг цардысты гыццыл хъæмпсæр хæдзары.

Уый фæдыл æмбисондæн баззад Аппейы цыргъзонд ныхас. Уый уыдаид, æвæццæгæн, 1909 азы. Уæд Ærыдоны Æмбалты раз Ныхасмæ чидæр фæзынд ног ирон чиныгимæ æмæ, дисгæнгæ, рахабар кодта Ныхасы бадджытæн:

– Мæнæ дзы куыд фыст ис ацы чиныджы: «Лыстæг æм æркаст Æмбалты Цоцко».

Уæд Аппе йæ къæбут аныхта, йæ мидбылты бахудти æмæ дын афтæ:

– Уый бæсты мæнæ йæ хæдзармæ куы ’ркæсид лыстæг.

Дзырдарæхст æмæ цыргъзонд уыдис Аппе. Диссаджы разагъдæн баззад мæнæ ацы хабар.

Рагуалдзæджы хурмæ Ныхасы бадтысты Æмбалты сыхы лæгтæ, Аппе дæр се ’хсæн. Афтæмæй се ’ппæты каст дæр фæцис, сæ рæзты цы барæг æрцæйцыд, уымæ.

– Ахæм ма хъал бæх уа?! – бафиппайдта Ныхасы бадджытæй иу.

– Уæдæ цы диссаджы рæсугъд у?! – бафтыдта ма йыл иннæтæй чидæр.

– Æмæ куыд нард у, куы! – сдзырдта куырм Аппе.

Иууылдæр ныххудтысты æмæ цалдæрæй æмфарст акодтой Аппейы:

– Ды та йæ уынгæ куы нæ кæныс, уæд æй цæмæй базыдтай, нард у, уый?

– Уый цола бæх куы уаид, уæд рæсугъд æмæ хъал нæ уаид, – загъта Аппе.

Цоцко, Дзыгкын æмæ Аппейы хистæр чызг Верычка чысыл нæ бафыдæбон кодтой адæмы ’хсæн рухс тауыныл. Æппынфæстаг, 1913 азы, сæхицæн хæдзар скæнын дæр бафтыд сæ къухы. Хорз хæдзар. Æхсæз уаты æмæ дзы стыр тыргътæ.

Нæ фыд Буцкийæ куыд фехъуыстон, афтæмæй хæдзар скæнын бафтыд сæ къухы стыр æфстæутты руаджы. Тæккæ стырдæр уат Цоцкойы уыд. Йе ’ртæ къулы рæбын цары æмвæз фæйнæг тæрхæджытæ сæ тæккæ дзаг уыдысты чингуытæй. Бирæ зынаргъ чингуытæ дзы уыдис ирон, уырыссаг, немыцаг, французаг æмæ англисаг æвзагыл. Цалдæр хатты сæ анымаинаг уыдтæн æмæ, мæ къухы никуы бафтыд. Фæлæ ставд нымадæй чингуыты нымæц уыдайыд 6–7 мины бæрц.

Бафиппаинаг у, Æмбалты хæдзары æппындæр ницы уыд зынаргъ хæдзары дзаумайæ. Хуымæтæджы æфсæйнаг сынтæджытæ, фæйнæгæй стъолтæ æмæ бандæттæ. Уыдис дзы цалдæр къæлætджын бандоны дæр. Уыдонæй 2-3 – Цоцкойы кусæн стъолы раз. Цыбыр ныхасæй, ацы хæдзары хъæздыгдзинад æмæ ис-бис уыдысты чингуытæ. Æмæ куыд бæстон æвæрд уыдысты – æфснайд библиотекæйы куыд æмбæлы, афтæ.

Цоцко хорз зыдта цалдæр фæсарæйнаг æвзаджы. Тынг хорз зыдта немыцаг æвзаг.

Иуахæмы (1935 азы) Цоцкойы баййæфтон йæ куысты уæлхъус. Рагæй мæ нæ федта æмæ мыл бацин кодта. Æз уæд Хæххон хъæууон-хæдзарадон институты студент уыдтæн. Фæндыд мæ, Цоцко цæуыл кусы, уый базонын, æмæ йæ афæрсын æфсæрмы кодтон, фæлæ мæ йæхæдæг бамбæрста. Æвæццæгæн, мæ цымыдис цæстæнгасæй.

– Мæнæ «Рæстдзинад»-æн аргъау фыссын. Ærбад, кæд дын рæстæг ис, уæд, æз дын дзы иуцъус акæсон.

Куыннæ йæм байхъуыстаин!

– Куыд дæм кæсы?

– Тынг хорз... Æмæ, ирон аргъау куы фыссыс, афтæмæй немыцаг чингуытæ куы ис дæ разы.

– Уыдон куы акæсын, уæд фыссынмæ фæцыбæлдæр вæййын. Мæнæ ма байхъус, Гете куыд рæсугъд фыссы, уымæ.

Афтæмæй райста Гетейы чингуытæй иу, цалдæр сыфы дзы рафæлдæхта, стæй, чиныгимæ йæ галиу къух адаргъ кодта æмæ, лæугæйæ, райдыдта кæсын.

Цанæбæрæг зыдтон немыцаг æвзаг, фæлæ йæм джихауæй хъуыстон. Тынг сыгъдæг æмæ рæсугъд кастис немыцагау Цоцко.

Æз скъолайы, институты æмæ бирæ фæстæдæр аспирантурæйы дæр ахуыр кодтон немыцаг æвзаг. Афтæ мæм кæсы, æмæ мын мæ ахуыргæнджытæй искуы исчи Цоцкойау куы бакастаид, уæд æй бирæ хуыздæр, разæнгарддæрæй сахуыр кодтаин.

Фондз æмæ æртиссæдз азæй фылдæр куы рацыд Цоцкойыл, уæддæр æнæ цæсткæсæнтæй архайдта. Кæсинагæй, фыссинагæй-иу уыдысты дард æвæрд, афтæмæй иу гуырвидауц бадт кодта йæ къæлæтджын бандоныл. Æнхъæл дæн, æмæ йын хъуыдаид цæсткæсæнтæ, фæлæ сæ нæ дардта барæй, – цæмæй йæ стъолы раз гуыбырæй бадын ма хъæуа, уымæн.

БАЛЦЫ

Алы сæрд дæр Цоцко балцы цыди хæхбæстæм. Цалдæр хатты мæн дæр акодта йемæ. Мæ зæрдыл хорз дарын, куыд фæразон уыд Цоцко фистæгæй цæуынмæ хæххон фæндæгтыл!

Фæстаг хатт Цоцкоимæ абалц кодтам 1936 азы, июлы.

Нæ уæлæйы дарæсæй уæлдай нæм уыдис æрмæст иу чысыл хордзенгонд. Уым уыдис гæххæтты тыхтæй Цоцкойы фистæгæй цæуæн бæзджын уафсджын уæлæнгай дзабыртæ (сандалитæ), хисæрфæнтæ, сапон æмæ дæндæгтæ 'хсæн щеткæтæ æд порошоччы къопп, хилдасæн æмæ кæсæн. Уыдис ма дзы чысыл къружкæ дæр дон æмæ суар нуазынæн.

Фæндаггагæн хæринаг никуы хастам немæ. Хъæуæй-хъæумæ-иу бæлвырд уыдысты нæ фысымтæ.

Æрыдонæй Алагирмæ ацыдыстæм поезды. Алагиры Æмбалтæй кæмæдæр бацыдыстæм. Цоцкойыл тынг фæцин кодтой. Афæстиат стæм, æмæ нæ нал ауагътой уыцы бон нæ фысымтæ.

Дыккаг райсом хурыскастимæ сыстадыстæм. Нæ фысымтæ та нæ хорз федтой, æмæ аходæны фæстæ фæраст стæм Уæлладжыры коммæ. Нæ нысан уыд дарддæр æрмæст фистæгæй цæуын, æмæ, нæ рæзты цы машинæтæ цыдис фалæмæ, уыдон нæм цыма зынгæ дæр нæ кодтой, афтæ сæрыстыræй нæ цыды кой кодтам.

Тæмискъмæ æввахс Цоцко йæ цырыхъхъытæ раласта, æмæ иу-цалдæр минуты абадтыстæм доны был. Уыцы рæстæджы нæхи уазал кодтам, стæй уæд Цоцко йæ къæхтыл сандалитæ скодта, цырыхъхъытæ сæ хъустæй кæрæдзиуыл абаста, йæ лæдзæгыл сæ хордзентау æрцауыгъта 'мæ сæ йе 'ккойы фæстæ фæкодта.

Цыфæнды ми кодтаид Цоцко, – кæнæ истытæ дзырдта, кæнæ зарыд,

– уавæрмæ гæсгæ хохы фæндæгтыл дзырдта Къостайы 'мдзæвгæтæй, кæнæ Нарты таурæгътæй. Науæд та-иу, алыварс цы нывтæ рæзындис, уыдоныл уыд йæ хъæлдзæг, йæ арæхст æмæ зонджын ныхас æмбисæндтимæ.

Бирæгъзæнг нæ фæсте куы аззадис, уæд Цоцко зарæгау загъта:

– Бирæгъзæнджы Гæбутæ,

Æрыдоны хъæддзаутæ, дам сын ахордтой сæ муртæ.

Сондоны гуырæнмæ куы бахæццæ стæм, уæд æз ныффуттытæ кодтон:

– Цы 'взæр смаг кæны!

Цоцко мæм фæтагъд:

– Уый æвдадзы хос у, æвдадзы хос!

Фæцæуæм дарддæр:

– Мæнæ дын уый та Сыфтæрджын лæгæт. Дзæгъæлы йыл не 'сбадт уыцы ном. Кæс-ма, æхсæры къудзитæй куыд æмæхгæд у, уымæ.

Рахизырдыгæй уæлæуæз тигъæй æрбазынд Бызы аргъуан:

– Сахъгуырд, сагсур Бутаты хъæу, – хъæрæй та бафиппайдта Цоцко, – доны фаллаг фарс та Арсбадæн къуылдымтæ. Не сиахс, дæ фыдыфыд Науи уыцы ран хæцыди арсимæ хъæбысæй. Науи фæуæлахиз – амардта арсы, фæлæ йæхæдæг та мыггагмæ къуылыхæй баззад. Арсимæ, дам, кæрдо ма цæгъд...

20 версты хъазæгау фæсте фæуагътам. Æрбахæццæ стæм Уыналмæ раст сихорафон. Хидыл куыддæр бахызтыстæм, афтæ Цоцкойыл æмбырдтæ кæнын райдыдтой уыналонтæ, алчи дæр нæ хуыдта сæхимæ. Баздæхтыстæм хæстæгдæр хæдзæрттæй иумæ, Цæллагтæм. Хорз та нæ федтой адон дæр. Цæуынвæнд кодтам дарддæр, фæлæ та «уацары бахаудыстæм» æмæ æрæхсæвиуат кодтам.

Райсомы уазалы та «фæцагайдтам» æмæ æмбисбон схæццæ стæм Цъæйы цъитийы рæбын санаторимæ.

Ам дæр та ныл æрбамбырд сты санаторийы кусджытæ æмæ æрбацæуджытæй бирæтæ. Бацин кодтой Цоцкойыл, фæрсынтæ йæ систой:

– Куыд дæ, Цоцко, æнæниз нын дæ? – афарста йæ чидæр.

– Кæм ма ис, кæм, æнæниз, рынчын дæн, уæззау рынчын...

– Ау, æмæ ныронг куы никуы ницæмæй схъæрзыдтай, уæд дыл цы 'рбамбæлди?

– Ахсæнниз мæ скаст нал уадзы æппындæр, – уыцы æнкъардхуызæй та загъта Цоцко.

– Æмæ цы кодта, уагæры, дæ ахсæн?

– Куыд уын æй зæгъон цыбырæй?.. Цæвиттон, куы бафсæдын, уæд мæм хæрын нал фæцæуы...

Æмæ бæстæ хъæлдзæгдзинадæй байдзаг ис уайтагъд...

Фæссихор чидæртæ хæрæндонæй, хъæлдзæг ныхæстæгæнгæ, рацæйцыдысты, айхъуыстон:

– Цоцкойы низæй фæрынчын дæн ацы сихоры фæстæ.

– Цавæр низæй?

– Хæрын мæм нал цæуы...

Нал та нæ ауагътой Цъæйæ дæр. Изæрмæ ’ввахс симды фæз айдзаг улæфæг адæмæй, цъитихортæ сæ хуыдтой уыдон. Цоцкойы бирæ фæрафæрс-бафæрс кодтой, æмæ сын дунейы ныхæстæ фæкодта...

Уалынмæ фæндыр дæр фæзынд, йæ зæлтæ фæуæлахиз сты Цъæйдоны зардыл. Иу хъæлдзæг лæппу фæлæууыд хъазты хицау, æмæ хъазт стынг.

– Цоцкойæн иу кафт! – зæлланг хъæлæсæй рахъæр кодта чидæр.

– Ай-гъай, ай-гъай! – бафтыдтой йыл цалдæрæй.

– Иугæйттæй куы кафæм, уæд æмбисæхсæвмæ дæр не ’рхаудзæн рад кæмæдæрты. Симгæ, симгæ! Уый нæртон кафт у! – хъæлдзæгæй загъта Цоцко, сыстад йæ бынатæй, æмæ йын хъазты хицау санаторийы ’фсинтæй иуы цонг уайтагъд йæ къухы фæкодта...

– Уæ, нæ булæмæргъ, нæ фæндырдзæгъдæг, Цолайы зарæг нын куы ацæгъдис! – сдзырдта Цоцко æмæ базарыд: – Ой Цола, Цола хъазтмæ нæ цæуы, гъей!

– Уæрæйдæ!!! – æмхуызонæй фæрæвдз сты бирæтæ.

– Йæ урс куырæт æнæхсад, гъей!

– Уæрæйдæ!!!

– Йæ нымæтхуд пæлæхсар!..

* * *

Райсомæй раджы «хæрзбон» загътам фысымтæн. Уыдон нæ зæрдиагæй урæдтой:

– Цæуылнæ аулæфыс ам иуцалдæр боны, Цоцко?

– Бузныг, мæ хуртæ, уæ минас бирæ, æнæниз ут, хъæздыг уыл ичъийау ныддæвдæг уæд!.. Даргъ у нæ фæндаг...

«Фæндараст» нын загътой, æмæ фæуырдыг кодтам Цъæйдоны былтыл. Райсомы хуры тынты абузгæ цъитидон цæхæртæ калдта.

Суанг Къасарамæ цалынмæ ныххæццæ стæм, уæдмæ Цоцко Къостайы зарджытæ зарыд.

Цы диссаджы дзæнæты ран сты нæ хæхтæ сæрдыгон! Лæг дзы фæллад нæ зоны, зæронд дзы лæппуйау уæнгрог свæййы...

Къасарайы хæрдты нæ цыд, кæй зæгъын æй хъæуы, фæсабырдæр

кодтам комы къуымтæ ’мæ къуылдымтыл, фæндагыл цы уæгъд дуртæ уыдис, уыдон былæй Æрыдоны донмæ калгæ.

– Зоныс, Валодя, ацы рæтты куынæг нæ уыдысты ахæм дурты аххосæй уæрдоны хæудтытæ, – бафиппайдта Цоцко, стыр дур былæй схойгæйæ...

Уый фæстæ-иу дурмæ куы фæцæйхæццæ кодтам, уæд æм-иу æз фæтагъд дæн, цæмæй йæм Цоцкойы гуыбыр кæнын ма бауадзон...

Иудзæвгар абадтыстæм Зæрæмæджы суары раз. Æз кружкæимæ гæппæввонгæй бадтæн суары был, æмæ-иу кæм спæлхъ кодта, уырдыгæй та-иу фелвæстон йæ карзæй. Бирæ фæнызтам чысылгай-чысылгай...

Уæллаг Зæрæмæг стыræй, чысылæй нæ размæ рацыд. Зæронд лæгтæ Цоцкойы фæхъæбыстæ кодтой. Иу урс-урсид зачъеджын лæг, Хъайтмазтæй (йæ ном мæ ферох), уæлдай цинтæ ныцци:

– Цоцко, ды нæм куы ’рбацæуыс, уæд нын цыма Къоста райгас вæййы, афтæ æхсызгон нын вæййы.

Сæ фæрстытæн сын хъæлдзæг дзуаппытæ фæлæвæрдта, фæхудын сæ кодта Цоцко.

Уый фæстæ нæ хъæуы хистæр – Хъайтмазты зæронд лæг – бахуыдта сæ хæдзармæ.

Стыр хæдзары астæу, дыууæ зазхъæдæй цæджындзы цур – æфсæйнаг пец. Къулрæбын дæргъæй-дæргъмæ уæрæх бадæн – тæрхæг, йæ размæ, йе ‘мбæрц – стъол. Тæрхæг кæрæй-кæронмæ цъæх нымæтæй æмбæрзт.

– Фарн уæ кадджын хæдзары, гуыппырсар Хъайтмазтæ, æмæ уæ бонтæ райдзаст уæнт! – загъта Цоцко хъæрæй, кувæгау, куыддæр къæсæрæй бахызт, афтæ.

– Алы боны æгас нæм цæут, Цоцко æмæ де ’мбал, – арфæйы дзуапп радта зæронд сылгоймаг, хæдзары ’фсин, æмæ нын нæ къухтæ райста. – Æрбадут, уæ фæллад суадзут.

– Фæллад та кæм и? Нæ хæххон ælутоны уæлдæфы исчи фæллайгæ кæны? Фæлæ æрбаддзыстæм, уæдæ цы, – загъта та Цоцко. – Ахæм нæртон бадæнтыл чи бафсæддзæн бадынæй!

Æрбадтысты хæдзары хицау, сыхæгтæй цалдæр зæронд лæджы æмæ Цоцко. Мæн дæр Цоцкойы фарсмæ сбадын кодтой «уазæг лæппу куы уа, уæддæр хистæр у», зæгъгæ.

Цоцкойы ма цæмæйдæрты афæрстытæ кодтой, æмæ сын хъæлдзæгæй цыбыр дзуаппытæ фæлæвæрдта, стæй бахатыд хистæрмæ:

– Дæ аргъæуттæй мын, кæй нæма радзырдтай, ахæм ракæн.

Зæронд сабыргай, зарæгхуызæй райдыдта йæ аргъау...

Æз аргъаумæ хъуыстон æмæ мæхинымæр дис кодтон, Цоцко йæм куыд цымыдисæй хъусы, ууыл. Аргъаугæнæгæн, æвæццæгæн, ахæм зæрдиагæй хъусæг уыдис стыр разæнгарды хос...

Уый фæстæ ма Регахы, Тъæбæгъæуы æмæ Захъайы дæр фæхъуыстон Цоцкоимæ зæрæдты аргъæуттæм. Цоцко никуы ницы фыста, аргъаумæ хъусгæйæ, афтæмæй сæ-иу йæ зæрдыл бадардта æмæ, Æрыдонмæ куы ’рыздæхтис, уæд сæ ныффыста.

Хъайтмазтæ нæ алцæмæй дæр хорз суазæг кодтой: уæлибæхæй, фæхсынгонд фысы лывзæйæ, бæгæныйæ... Суанг изæры онг рæстæг арвыстам уыцы диссаджы бандоныл, аргъæуттæм, ныхæстæм, сидтытæм хъусгæйæ.

ТИБЫ

– Тибмæ дæр бауайын хъæуы, Валодя, и? Абадæм суары раз, – загъта Цоцко фæсаходæн.

Æз нæ фысымтæй иу стыр цайдан райстон мемæ, æмæ фæцагайдтам. Суармæ бахæццæ стæм къахвæндæгтыл. Абадтыстæм, анызтытæ кодтам Тибы суарæн йæ карзæй.

– Ау, æмæ ныр ænæ Тиб абæрæггæнгæ здæхæм ардыгæй?..

Куыд нæ сразы уыдаин Цоцкоимæ, æмæ бацыдыстæм Тибы дæллаг хъæумæ. Уæд ма уым ænæхъæнæй лæууыдысты авд бæрзонд рæсугъд мæсыджы. Цоцко дзы иуы хуылфы фæмидæг, æз дæр йæ фæстæ. Мидæгæй дзы – дурæй асинтæ. Уыдоныл схызтыстæм йæ цъупмæ. Афæлгæсыдыстæм. Æмæ Цоцко йæ хъæлæсы дзаг ныззарыди:

– Уæлладжыры комы, дам,

Тиб æмæ Калак...

Тибæгтæ ма-иу æй æрæджы дæр æрымысыдысты, Цоцко мæсыгæй куыд рæсугъд зарыдис, уый.

НАРЫ

Сихорафон æрбаздæхтыстæм Тибæй. Хъайтмазтæ та нæ хорз федтой, æмæ фæссихор фæуырдыг кодтам Нары ’рдæм. Хæххон хур нын нæ фæсонтæ рæвдауæгау хъарм дардта. Бауадыстæм Цымийы раз



Разæй бадынц Дзеранты Налыхъ, Цгъойты Агола, Æмбалты Цоцко, Быгъуылиты Быбо; фæсте лæууынц Хъалæгаты Миша æмæ Агънаты Агкæ.

хидыл Мамысондоны сæрты æмæ нæзы хъæдбынты фæзыл адардтам нæ фæндаг.

Ацы ран Цоцко кодта æрмæст Къостайы кой. Æз дæр æм-иу хаттæй-хатт мæ фарста баппæрстон.

– Бирæ уарзта Къоста Цымийы фæз, Мардон, Гуыркъуымты ком... Сау айнæджы рындзыл Нары хъæу хуыссы, – дзырдта Цоцко зарæгау зæрдæдзæвгæ.

Нары æппæты разæй фæсвæдты, Захъадоны былтыл, бацыдыстæм æдзæрæг хæдзары размæ.

– Гъе, амæй загъта Къоста: «...нæ хъæдкъул скъæт, ныр дæр мæ нæу рохы, æвгъæддон уыд уæд». Гъе мæнæ ацы ран скастис Иры дзыллæйы сызгъæрин хур – Къоста, – дзырдта хъæрæй, кувæгау Цоцко.

ЗЫНДГОНД АДÆМ ЦОЦКОЙЫ ТЫХХÆЙ

Один только Цоцко своей небольшой припиской в письме Гаппо тронул меня до слез... Какой он действительно славный.

Коста ХЕТАГУРОВ

* * *

Мой старший брат, мой горящий, пламенный Цоцко*!*

Привет тебе*!* Боюсь я твоего пламени, оно заразительно, искрометно*!* Боюсь, ибо если заражусь, то сгорю дотла и угасну. Ведь это ты неугасаем. В тебя Осетия вложила весь пыл свой, тобою она выразилась.

ЕЛБАСДУКО Бритаев

* * *

Æмбалты Цоцко иронау дзурынмæ у æппæты дæснылæртæй иу. Уый нын равдыста, сывæллæттæн æмæ фæсивæдæн аргъæуттæ тæлмац кæнынæй дарддæр ма йæ бон кæй у фæсивæд æмæ ацæргæтæн классикон уацмыстæ тæлмац кæнын дæр, стæй æрмæст эпикон нæ, фæлæ драмон уацмыстæ дæр.

ГÆДИАТЫ Цомахъ

* * *

...Цоцко Амбалов любезно согласился приехать в Ленинград для сотрудничества в работе во время печатания словаря (ныхас цæуы В.Ф. Миллеры ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуатыл. – Ред.), для каковой цели был командирован Северо-Осетинским Областным Отделом Народного Образования. Его постоянному дружескому участию в работе словарь в значительной мере обязан пополнением, особенно в отношении фразеологии.

Александр ФРЕЙМАН

* * *

Хохæгты æрвыст лæджы хуызæн мæм фæкаст, æмæ йæ хъавгæ бафарстон, университетмæ йæ цы хъуыддæгтæ æркодтой, уымæй. Радта мын ænæнхъæлæджы дзуапп*: «*Æз... Æз ам иучысыл лекцитæ кæсын*...»* Куыд базыдтон, афтæмæй хинывæст тынæй хуыд цухъхъайы мидæг æмбæхст уыд ахуыргонд адæймаг, стыр педагог,

ирон æвзаджы дæсны, адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг, поэт æмæ дунейы литературæйы хæзнатæ ирон æвзагмæ тæлмацгæнæг. Хуыдтой йæ Æмбалты Цоцко. Фæстæдæр мын фадат фæци Цоцкоимæ хæстæгдæр базонгæ уæвынæн. Цыдтæн йæ лекцитæм, иумæ тезгъо кодтам Невайы былты, уыдтæн-иу, цы хуымæтæг хатæны цард, уым. Бонæй-бонмæ йæ хуыздæр зыдтон. Канд зондджын æмæ мидисджын нæ, фæлæ хæдæфсарм æмæ уарзон адæймаг уыд. Студенттæ йæ уарзтой, хæларзæрдæ æмæ æдзухдæр хъæлдзæг, цардбæллон кæй уыд, уый тыххæй. Æмбалы-фыртæн бинонтæ нæ уыд. Йæ мызд-иу куы райста, уæд-иу Ленинграды уæлдæр скъолаты æмдзæрæнтыл зылд æмæ йæ студенттыл уæрста. Куыд педагог, афтæ Цоцкойæн æмбал нæ уыд.

Леонид ЛАВРОВ

* * *

В годы, когда все помыслы у всех были направлены к тому, чтобы как-нибудь сохранить свое физическое существование, когда вопрос о куске кукурузного хлеба становился вопросом и жизни и смерти, когда воистину было не до песен и сказок старины, Цоцко остается упрямым «искателем жемчуга» в родной словесности. Работу эту он выполнял по собственной инициативе и при этом совершенно бескорыстно.

Георгий БЕКОЕВ

* * *

Къуымых æмæ гуылмызыл нымайæм мах нæ ирон æвзаг, къæзгæйæ дзурæм иронау. Фæлæ Цоцко куы байдайы дзурын ирон æвзагыл, уæд цыма ænæбын малæй исы рæсугъд æмæ арф ирон ныхæстæ. Афтæмæй йын бантысти раивын «Вильгельм Теллы», гермайнаг æвзаджы рæсугъддзинад æмæ тых Шиллер æххæстæй кæм равдыста. Ирон æвзаг гуырысхойаг кæмæн у, ирон æвзагыл фыссын æмæ дзурын кæй фæнды, уыдон ænувыдæй бакæсæнт Цоцкойы тæлмацгонд чингуытæ.

ТЫБЫЛТЫ Алыксандр

* * *

...Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ ænкъарæны тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм ænæаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых.

АБАЙТЫ Вассо

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

ГÆБУАТЫ Галинæ

ÆРВОН СТЪАЛЫТЫ ТÆМÆН

ДÆУÆН

Дæуæн, мæ царды рухс, лæварæн
Ærхæсдзынæн зæрдæйы цин.
Дæу равзæрстон мæ цин æмбалæн,
Ды дæ мæ амонды æхсин.

Дæуæн æрхæсдзынæн лæварæн
Сæууон хуры фæлмæн ыскаст,
Нæ фыдæлты нартон фæндырæн
Йæ алæмæттаг зæлты хъазт.

Дæуæн, æрмæст дæуæн, лæварæн
Мæ зæрдæйы куы судзы арт,
Цæмæй дæ тава уый йæ хъармæй,
Цæмæй йæм райхæла дæ уарзт.

Хæххон æхсæрдзæнтæн сæ сатæг
Лæварæн 'рхæсдзынæн дæуæн.
Дæ уаты сæрмæ хъаздзæн алкæд
Ærвон стъалыты тæмæн…

НЫЙЙАРÆГ МАД

Ныййарæг мад, дæ сыгъдæг уды хъармæй
Ды радтай цардмæ рухс фæндаг мæнæн.
Дæн амондджын æз абон дæр дæ фарнæй,
Дæу фæрцы – лæгъз мæ цардвæндаг хæтæн.

Ныййарæг мад, дæ кад æмæ дæ намыс
Сатанайау – æнæмæлгæ зæххыл.
Дæ чысыл хуртыл цины тынтæ тауыс,
Дæ фæлмæн æнгас зæрдæйыл лæууы.

Хъæбулы мæтæй ды æнцой нæ зоныс,
Æнæхуыссæг æхсæвтæн 'рцыди рад.
Дæ «удæнцой», дæ «цæсты рухс» кæй хоныс,
Дæу а зæххыл нæ фæкæндзæн æгад.

Мæ ныййарæг, мæ фæлмæн мад, дæ фæрцы
Мæ фидæнмæ сæрыстырæй кæсын,
Мæ зараг хъæлæс азæлы нæ хæхтыл,
Мæ цардвæндагыл барджынæй цæуын!..

МÆ ФЫН

Ærцыдтæ та мæм, мидбылхудгæ, фыны,
Ærхастай та мын дзаг армæй дæ уарзт…
Мæн уыцы фыны баззайын фæндыди,
Æппындæр мæ куы нал фæндыди хъал…

Сæуæхсидæн йæ рухс тынтæй фæтарстæн,
Куы мын фæсурой м' адджын фынтæ дард…
Нæ рагуалдзæджы ц' амондмæ фæбæллæм,
Гъе уымæй вæййы арфæйаг нæ цард!

Нæ зæрдæты цы рухс фæндтæ æмбæхсæм?..
Кæй уындæй ссудзы зæрдæйы цæхæр?..
Нæ цæстытæ цæмæн фæкæсынц худгæ?..
Цæмæн фæкалынц стъалытау тæмæн?

Фæзæгъынц, зæрдæ хъал вæййы йæ фынтæй…
Ærцу-ма мæм, мæ фынты нæ, – æргом!..
Мæ рыст зæрдæ мын батавис дæ уындæй,
Нæ цард уæд уаид амондджын, æнгом!

МА УАРЗТЫ ЦИН

Боныцъæх йæ ирд хъæбысы
Стъалыты куы амбæхста…
Хур та нæ йæ æрвон балцы
Хорз æмбалæн равзæрста…

Ракодта йæ фæндаг дардыл,
Фестад арвы рон йæ фæд…
Алчидæр зæххыл йæ царды
Хайджын амондæй фæуæд!

Хæхты сæрмæ дымгæ зилы,
Комæй-коммæ скодта хъазт.
Урс къуымбил мигътимæ ’рсимы
Иу фыдуаг лæппуйау раст…

Бæлæстæ ирон чызджытау
Аив, нарæг астæу баст…
Сусæгæй сыбар-сыбуртæ
Дымгæйæн кæнынц æваст…

Хъал дымгæ йæ хивæнд фæндтæ
Никæмæн кæны æргом.
Фæлæ ’мбæхсы йе ’взонг зæрдæ
Йе ’нкъарæнты уаргъ, æргъом…

Хъазгæ зилы уый хæхбæсты…
Ныр кæй агуры, цæмæн?
Хуры скастимæ фæхæссы
Уый мæ уарзты цин дæуæн…

МЕ СТЪАЛЫЙÆН

Стъалыйау тæмæнкалгæ дæу федтон,
Хуры тынау уыд дæ уынд мæнæн.
Мысын ныр зæрдæрухсæй нæ фембæлд,
Агурын мæ хъал фынты дæ фæд…

Кастæн дын æз де ’нæбын цæстытæм…
Цас æфсарм сæ фæлмæн 'нгасы уыд…
Амондыл та бауæндтæн, зæххыстæн!..
Уарзты зарæг зардзынæн дæуыл.

Дидинджытау агурын дæ фæдтæ,
Дун-дуне дæр басгардзынæн,зон.
Чи бамбардзæн зæрдæйæн йæ фæндтæ?
Райхъал ис дæ мидбылхудтæй бон.

Судзгæ уарзт мын бахордта мæ зæрдæ,
Нал хæцы мæ цæстытыл хуыссæг…
Ногуард митау атайын дæ фæстæ,
Фембæлгæйæ, райгуырын нæуæг!..

ТÆХУДЫ

Рог дымгæ дæ сау дзыккутæ фасы,
Ехх, тæхуды, уыцы дымгæ фест!..
Хуры тын дæ рухс цæсгомыл хъазы,
Ехх, тæхуды, хуры тынтæй фест!..

Фурды арф – дæ æнæбын цæстытæ,
Ехх, тæхуды, баленк кæн гъе уым!..
Фембæлгæйæ де 'фсæрмдзаст кæстытæ
Алкæддæр мæ зæрдæйыл лæууынц…

Мæй дæр та дæ рудзынгмæ нымдзаст и,
Уымæн алкæд бацæуæнтæ – гом…
Ехх, цымæ æнæнцой удтæ цас ис?
Чи сдзуры йæ хъуыдытæ æргом?

Ехх, тæхуды, булæмæргъ куы фестин,
Уæд чызгайæн азарин хъæрæй.
Сусæг дзуапп йæ цæстыты куы фенин,
Амондджындæр нал уаид мæнæй!..

УАРЗОНÆН

Тæхудиаг, кæй равзæрста дæ зæрдæ,
Кæмæн кæныс дæ сусæг дзырд æргом…
Кæй рæвдауыс цæстæнгасæй æдзухдæр,
Кæмæн вæййы дæ зæрдæйы дуар гом…

Æз-иу æфсæрмæй иувæрсты куы кастæн,
Дæуæн салам кæд никуы загътон æз,
Уæддæр дæ, лæппу, тынг бирæ куы уарзтон,
Мæ хуры скаст, мæ дидинæгджын фæз!..

Тæхудиаг, кæмæ худы цъæх арвæй
Цæхæркалгæ ыстъалыты дзыгуыр…
Дæ номыл, цымæ, чи æркуывта дардæй,
Цæй амондджын у уый, цымæ, бæгуы!..

Лæууыдтæ-иу мæ рудзынджы бын арæх,
Æмбæрзтон æз, кæй мыл кæныс хъуыды...
Нæ базыдтай ды тох кæнын дæ уарзтыл,
Æнæ уарзтæй та зæрдæ у мæгуыр!..

ХЪАЙТТАТЫ СЕРГЕЙ: 100 АЗЫ



(1920 – 2010)

ХЪАЙТТАТЫ Сергей

РАДЗЫРДТÆ

ЗНÆГТÆ

Бады Уырызмæг æфсæддон рынчындоны кæрты калд зæронд бæласы бындзæфхадыл. Зынаргъ фыстæг – йæ къухы, ныр æй цалæм хатт бакаст... Бинонтæ радыгай цæстытыл уайынц. Ærымысыд, хæстмæ цы бон цыд, уый. Мæнæ цыма знон уыди. Мад фæндараст кæны йæ фырты. Æниу, канд мад нæ – иуварс лæууы ærыгон бинойнаг æмæ, авдæны æнæмæт цы саби фынæй кæны, уымæ сагъæсхуызæй кæсы.

– Дытта, æз цæуын, – баздæхт йæ мадмæ Уырызмæг.

– Фæлæуу, исты дын ацæттæ кæнон фæндагмæ, – загъта мад æмæ сабыргай хæдзармæ бахызт. «Ацæттæ кæнон», зæгъгæ, йæ бæлццонæн фæндаггаг раджы æрцæттæ кодта. Йæ разы чи уыд, уыдон æй бамбæрстой. Чындз иуцасдæр йæ фæдыл кæсгæйæ аззад, стæй йæхинымæр ныхасгæнæгау сдзырдта:

– О Хуыцау, мæ зæрдæ мæ риуæй ратоны.

– Æз тагъд зындзынæн, – зæгъы Уырызмæг.

– Æхсæвæй, бонæй кувдзынæн, цæмæй дзæбæхæй сыздæхай. Кæд нæм фыдæх нæ разынид хъысмæт.

Мидæгæй рацыд мад, йæ къухы – дзæкъул. Аджих. Фырт йæ размæ фæцырд. Мады цæстытæ доны зилынц.

– Дæхи хъахъхъæн, мæ хур... Фысс-иу... – ныййарæг йæ ныхасæй фæкъуылымпы, цыма йæ цæссыгтæй йæ чындзы раз фефсæрмы, уыйау. – Нæмыг куырм у, уæ риу æм ма дарут.

– Хорз, хорз, дытта. Дæ зæрдæ ма 'хсайæд.

Ædде машинæйы уасын сыхъуыст, æмæ Уырызмæг фæтагъд кодта: уым æм æнхъæлмæ кастысты йе 'мбæлттæ. Уырызмæг авдæнмæ фæкаст, цырд ахаста йæ цæст йæ бинойнагыл, стæй йæ мадмæ сдзырдта:

– Цæй!

– Фæлæуу! Авдæнæмбæрзæн сæгом кæн.

– Дытта!

– Дæумæ дзурын æз, – тызмæггомауæй ма йæ курдиатмæ бафтыдта

мад. Уырызмæг фездæхт, схъил кодта авдæнæмбæрзæн.

Кæсы... Чындз иуварс лæууы, аивæй йæ цæссыг сæрфы. Уырызмæг фæзылд, рæвдз ацыд. Мад чындзмæ разылд:

– Куывды нæ цæуы, мыййаг, йæ фæдыл акæс, – мады ныхас хъуысы фыртмæ.

Чындз къæмдзæстыгхуызæй Уырызмæджы фæдыл ахызт. Мад авдæны сæрхъæдмæ бавнæлдта.

Машинæ араст, лæппуты зарын æрбайхъуыст: «Ой, Хазби, нæ мæгуыр хæхтæ!..».

* * *

Бады Уырызмæг. Хъуыдытæ йæ дарддæр скъæфынц. Æрæджыйы хæстытæ... Цыма та уыцы тохы цæхæры бахауд взводы командир, лейтенант Коротков. Власовонтæ цы хæдзар бацахстой, уырдæм цалдæр хатты афæлвæрдтой бабырсын, фæлæ-иу фæсыкк сты. Афтæ ахаста суанг хурыскастæй хурныгуылдмæ. Ротæйы командир домы Коротковы взводæй – цыфæндыйæ дæр уыцы хæдзар бацахсын. Коротков йæ адæмы æртæ дихы фæкодта – иу къорд хъуамæ бабырсой рахизырдыгæй, иннæтæ – галиуырдыгæй, æртыккаг къорд – комкоммæ. Уыдонимæ – йæхæдæг дæр. Пулеметæйæхсæгæн бардзырд радта – хæдзары рудзгуытæм хъав! Фæлæ немыцы зæвæтысдæрджытæ сæр сисыны фадат нæ дæттынц.

Уырызмæг командиры цурмæ аууæтты йæ гуыбыныл бабырыд. Йæ фарсыл – цалдæр гранаты, йæ къухы – автомат.

– Æмбал командир, бар мын ратт, æмæ æз бафæлварон уырдæм.

Коротков æм бакаст. Рагæй зонынц кæрæдзийы. Ницы дзуры. Уырызмæджы цæстæнгас домы дзуапп. Стæй хуымæтæджы дзуапп дæр нæ – разыйы дзуапп.

– Иунæгæй тынг зын баххæстгæнæн у уыцы хъуыддаг, къордæй та, дæхæдæг уыныс, хъуыддаг куыд рауайы, уый. Мæнæ нæм фæстæдæр кæд сармадзан æрæрвитиккой батальонæй, ротæйы командир зæрдæ æвæрдта.

– Æмбал командир, ратт мын бар, талынгмæ бирæ нал и.

– Æз разы дæн, – арф ныуулæфыд командир æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Рох дæ ма уæд, дæ мæлæт дæ къухы хæссыс. Чысылдæр фæкъуыхцы дæ, зæгъгæ, нæ дыл бацауæрддзысты.

– Æмбал командир, – бахудт Уырызмæг. – Чи та ма ныфсытæ авæры,

– æмæ, йæ командирмæ хæстæгдæр бацæугæйæ, загъта: – Цалынмæ уырдæм бырон, уæдмæ взвод ’хсæд, æмæ уæд знагæн мæнырдæм кæсынæн, мæн бафиппайынæн фадат нæ фæуыдзæн.

– Хорз.

Изæрмилты фæраст Уырызмæг. Цъыфмæ, ламимæ йæхи афтæ нылхъывта быргæ-бырын, æмæ хæдзарæй нæ, фæлæ, йæ фæстæ чи каст, уыдонæн дæр зын рахатæн ссис. Хуылыдз зæххы уазал йæ буары иннæрдæм хызт. Арæхстгай, йæхи хъахъхъæнгæ, размæ бырыд. Арв-иу ракетæйæ куы ныррухс, уæд-иу йæхи зæхмæ ноджы тынгдæр нылхъывта.

Рæстæг ныддаргъ. Нал æмæ нал хæццæ кæны уыцы æнамонд хæдзармæ.

Цасдæр рæстæджы фæстæ, æппынфæстаг Уырызмæг, хæдзары алыварс цы сисын быру уыд, уырдæм бахæццæ. Хуыссы, хæстулæфт кæны. Хæдзары дыккаг уæладзыгæй пулеметæй æхсынц. Нæмгуытæ йæ сæрты цъыс-цъыс кæнынц. Фæлæ бæрæг уыд: уый не ’хстой. Лæмбынæгдæр ахъахъхъæдта: куыд бацæудзæн, кæуылты? Стæй быруйы сæрты уыциу сæррæтт бакодта æмæ кæрты йæ мидбынат ахуыссыд. Рудзынгæй æхсджытæ йын бонæй йе ’мбæлттæй цалдæры амардтой. Æдзынæг кæсы хæдзары 'рдæм: дуар, рудзгуытæ, бахизæнтæм. Йæ фæнд – цыфæндыйæ дæр хъуамæ хæдзармæ мидæмæ баирвæза. Æркæстытæ кодта йæ хæцæнгæрзтæм: йæ галиу къухы – автомат, рахизы – гранатты баст, фарсыл – кард. Фæлæ цы амалæй схызтæуа дыккаг уæладзыгмæ, цы хуызы бафта къухы бабырсын, уыцы цъаммарты къорд кæм æрфидар, уырдæм? Сæйрагдæр – мидæмæ баирвæзæд, æндæр уым хъуыддæгтæ сæхæдæг сæхи амондзысты.

Æмæ, æнæ иу сыбырттæй, къулы аууæтты бахъуызыд, хæдзармæ бахизæны цы дуар и, уырдæм. Арæхстгай йæ байтом кодта æмæ тыргъмæ бацыд. Мæнæ асин дыккаг уæладзыгмæ. Сабыргай йыл фæхизы. Хъуысынц кæйдæр къахдзæфтæ уæле. Чидæр талынджы асинтыл æрхизы. Уырызмæджы къухы кард – ныццæвынæввонг, йæхи аууоны къулмæ нылхъывта. Къахдзæфтæ хæстæгæй хæстæгдæр кæнынц. Æрхæццæ салдат йæ цурмæ. Æнахъинон стыр, бæрзонд, бæзæрхыгтæ. Уырызмæг æй йæ тых-йæ бонæй бариуыгъта, фæлæ фæивгъуыдта. Цæф къулыл сæмбæлд, æмæ куыддæр æгъдауæй кард къухæй ахауд. Асинтыл æрцæйхизæг фæцарæхст, фæхъæбысæй-хъæбысмæ сты. Дыууæйæ дæр асинтыл æртылдысты. Ахауд иуварс

автомат. Уырызмæг фæбынæй. Салдат æй йæ уæзы бын цъист кæны, къухтæй хурхуадындзтæ ацахсынмæ лæбуры. Уырызмæг цалдæр хатты ацархайдта йæхи иуварс ратоныныл, фæлæ къухы не ’фты. Немыцаджы дамбацайы хуымпъырыл йæ къух андзæвыд. Дамбаца сласта. Йæ фарсмæ йын æй фæцарæзта. Гæрах... Салдат æрфæлдæхт. Уырызмæг æм иу каст фæкодта, сæ дарæс сын хæстæгмæ фыццаг хатт уыны. Цæрдæг фестад, фелвæста йæ автомат, асинтыл сызгъордта æмæ стыр уаты дуар байтыгъта. Йæ гранатты баст власовонты астæумæ баппæрста. Хæдзар ныррызт. Хъæр, æрдиаг, хъæлæба. Дыууæ ма дзы – æгас, сæ гæрзтæм фæлæбурыныл архайынц, афтæмæй сыл автомат ауагъта. Æртæ пулеметы рудзгуытыл æвæрд куыд уыдысты, афтæ сæ уæладзыгæй зæхмæ аппæрста. Йæ тæвдæй хъуыды дæр нал акодта, пулеметтæ сæхи бахъæудзысты, ууыл. Æрызгъордта асинтыл, рауад æддæмæ æмæ, взводы командиримæ дзырдгонд куыд уыдысты, афтæ цæхæркалгæ нæмгуытæ сыскъæрдта арвмæ.

Цалдæр минуты фæстæ взвод хæдзары æрфидар. Уыдон дæр æрæвæрдтой дыууæ рудзынгыл пулеметтæ. Кæрты, сисы сæр дæр «Максим». Немыцæгтæ хæстæг ран уыдысты, æмæ тæссаг уыд, хабар базонгæйæ, уырдæм ныббырсынæй. Коротков, асинты 'рдæм згъоргæйæ, Уырызмæгæн йе уæхск æркъуырдта, бахудт. Уырызмæг кулдуармæ хæстæг дурыл æрбадт. Аирвæзт, уый йæ ныр дæр нæма уырны.

Взводы командир пулеметæйæхсджытæн бацамыдта, кæцырдæм сын æхсгæ уыдзæн, уый. Хæдзары алыварс дæр хæстонты æрфидар кодта, уый фæстæ йæ равдæлд Уырызмæгмæ. Бацыд æм. Уырызмæг сцæйстад, фæлæ йæ нæ бауагъта. Æмбæрста, цы уаваæры уыд, уый. Йæ фарсмæ æрбадт.

– Уырызмæг, – хистæр æфсымæр йæ кæстæримæ куыд ныхас кæна, афтæ сдзырдта лейтенант, – бузныгтæ дын нæ кæндзынæн. Ды стыр хъуыддаг бакодтай, – цыма йæ уаргъ фæрогдæр, уыйау загъта Коротков. Сæ уæлхъус ма æрбалæууыд ноджыдæр чидæртæ.

– Уый та дын нæ сабыр ирон, – хъæлдзæгæй сдзырдта взводы хъазагдæр лæппу Петро украинаг ныхасы здæхтæй.

Æппæлæн ныхæстæ сараех сты. Взводы командир сыстад, фестад Уырызмæг дæр.

– Ды дæ стыр хæрзиуæджы аккаг, æмæ дын æй куы нæ радтой, уæд... Ард дын хæрын, мæхи Сырх тырысайы орден дæ риуыл уыдзæн, – фидарæй загъта лейтенант.

Уырызмæг бахудт.

– Æз бардзырд æххæст кодтон.

– Нæ дын уыдис ахæм бардзырд лæвæрд.

– Уыдис, æмбал командир, уыдис, – ныхъхъуыды кодта Уырызмæг æмæ йæм комкоммæ бакаст. – Æз орден райсыны тыххæй нæ бацыдтæн мæлæты хъæбысмæ.

* * *

Уырызмæгæн йæ хъуыдыты таг куыд фескъуыд, уый нæ бамбæрста. Сыхъуыст сонт гуыр-гуыр, æмæ лæппу арвмæ скаст. Нæ хæдтæхджытæ балгай бæрзæндты хурныгуылæнырдæм сæ ных сарæзтой. Рынчындоны кæрты цæф хæстонтæ сæ фæдыл кастысты æхсызгонæй. Хæст йæ тæккæ тынгыл уыдис нырма. Уыдис фæззæг, цыппор æртыккæгæм азы фæззæг.

Хæдтæхджытæ адард сты, атадысты арвы цъæхы, нал хъуысы сæ уынæр. Ныссабыр та алфамбылай. Уырызмæг сыстад æмæ йæ зонгæ лæппуйы ’рдæм бацыд.

Æваст æфсæддон рынчындоны дыккаг хæдзары раз, немыцæгты кæм дзæбæх кодтой, уым иу машинæ æрлæууыд, йæ гуыффæтæ – кæттагæй æмбæрзт. Дыууæ сырхæфсæддоны машинæйæ цырд æргæппытæ кодтой æд хæцæнгæрзтæ. Сæ иу кулдуар бахоста. Хъахъхъæнæг ракаст. Кулдуар бакодта. Уырызмæгимæ сæм кæсынц. Ныртæккæ уырдыгæй хъуамæ ракæной, чи сдзæбæх, уыцы уацайрæгты, фæсфронтмæ та сæ ласдзысты.

Цасдæр рæстæджы фæстæ кулдуар байтом... Æдде цы сырхæфсæддон уыд, уый фехсынæввонг машинæйы цур алæууыд. Мидæгæй рацыд иу-дыууадæс немыцаджы. Цыдысты дыууæ рæнхъæй: афицертæ, кæстæр афицертæ, хуымæтæджы салдæттæ, сæ фæрсты – фæйнæ хъахъхъæнæджы. Уацайрæгты машинæйы куыд бадын кодтой, афтæ дзы Уырызмæг иу афицермæ фæкомкоммæ. Йæ цæстытæ дзы ратонын нал комынц. Йæ рахиз хъус – æрдæгхауд, йæ ныхыл – дæргъæй-дæргъмæ хъæдгом. Кæмдæр æй федта æнæмæнг. Кæм?..

Уырызмæг уацайрæгтæм йæхи хæстæгдæр байста, афицеры цур æрлæууыд. Машинæ немыцæгтимæ адард, нал зыны, уæддæр ма Уырызмæг йæ фæстæ кæсы. Кæмдæр æй федта. О, федта йæ. Уый уыд Днепры цæугæдоны был айфыццаг...

Дыууæйæ дæр – уæззау цæфтæ. Сæ туджы бæгъдулæг кæнынц.

Сæ сæрмæ удхæсджытау хæдмæлхор хъæрццыгъатæ зилынц. Сæхи сæм нылланджыты æруадзынц. Агурынц холы. Хъуысы сæ базырты сыф-сыф.

Æмæ уыцы боны цаутæ Уырызмæджы цæстыты раз сыстадысты...

* * *

Днепры стыр дон. Сырх Æфсад хъуамæ бахызтаид уыцы доны сæрты æмæ дарддæр цыдаид, фашистты æфсæдты дæрæнгæнгæ. Стыр дон размæбырст тынг къуылымпы кодта. Немыцæгтæ алы рæтты æрфидар сты Днепры хурныгуылæйнаг фарс. Сармадзантæй æхстой, сæ хæдтæхджытæ сæ зилдухæй не 'нцадысты. Донмæ, стæй уымæн йæ хурыскæсæйнаг фарсмæ бомбæтæ згъæлдтой, фалæрдæм ахизын нæ уагътой. Изæрæй лейтенант Коротков йæ взводæн фехъусын кодта:

– Бардзырд ис, фæсæмбисæхсæв Днепры сæрты иннæрдæм ахизынмæ цæттæ куыд уæм, афтæ. Саразын хъæуы ленкгæнæн фæрæзтæ, бабæттын хъæуы кæрæдзиуыл даргъ хъæдтæ, скæнын сын хъæуы схойæн хъилтæ. Плащ-палаткæтæй бахуыйын хъæуы голлаггæндтæ, ныннæмын сæ хъæуы хъæмп, хос æмæ хус фæсал. Чи зоны, ам ленкгæнæн бæлæгътыл дæр фæхæст уæм. Куынæ уа, уæд – афтид боцкъатæ, фæйнæджытæ, хъилтæ. Саразын нæ хъæуы цыппар ахæм ленкгæнæны. Дыууæ разæй куыд цæуой, дыууæ та – иу-дыууиссæдз метры фæстæдæр.

Фæсæмбисæхсæв. Дыккаг сахат. Æхсæвы тары цыппар лæсæны æмæ дыууæ бæлæгъыл ænæ хъист, ænæ уынæрæй доны былæй аленк кодтой фаллаг фарсмæ, ныхасгонд куыд уыдысты, афтæ, дыууæ – разæй, дыууæ – фæсте, фæйнæ иуы та – сæ фæрсты.

Уырызмæг, Коротков æмæ ма æртæ салдаты бадынц иу бæлæгъы. Скъæрджытæ архайынц сæ тых сæ бонæй бæлæгъы цыд фæтагъддæр кæныныл. Фæлæ сæ уæддæр дон дæлæмæ-дæлæмæ ласы. Йæ астæумæ бахæццæ сты. Фаллаг фарсæй немыцæгтæ арвмæ фæд-фæдыл цалдæр урс ракетæйы суагътой. Алфамбылай бонау ныррухс. Ныр салдæттæн уæлдай нал у. Тагъд кæнынц, фæлæ сæ минометтæй æхсын байдыдтой немыц. Æхсынц фалæмæ нæхи сармадзантæ дæр. Бæстæ гуыпп-гæрах сси. Бæлæгъты алыварс дон хæрдмæ хауы. Мæнæ дзы иуæн йæ тæккæ фарсмæ нæмыг фехæлд, бæлæгъ фæфæлдæхт, салдæттæ фæдæлдон сты, сзындысты фæстæмæ. Архайынц фæлдæхт бæлæгъ æрцахсыныл. Æрцахстой йæ. Фехæлд та сæ цуры сармадзаны нæмыг. Цалдæр дзы

доны бынмæ аирвæзт, чи – мард, чи – цæфæй. Дыууæ лæппуйæ уæлдон аззадысты, бæлæгъ адард. Иннæтæ сæм æххуысмæ тындзынц. Цы бæлæгъ сæм æрбахæстæг, уымæн минометы нæмыг йæ тæккæ астæу сæмбæлд æмæ йæ фæркгай фæйнæрдæм фæхаста. Чи дзы бадт, уыдон иууылдæр фæдæлдон сты.

Уырызмæджы цæстытæ сдыууæрдæм сты. Кæсы, алфамбылай доны цытæ цæуы, уымæ. Коротковитæ размæ тындзынц. Взводы командир архайы фыййагæй. Скæсы хæрдмæ. Немыцæгтæ ракетæты баст суагътой, парашютгондыл æрцауындзæг, æмæ рухс нал æмæ нал хуыссы. Взводыл æрцыд стыр зиантæ. Баззади ма сæ дыууæ бæлæгъы – Коротков æмæ Уырызмæг кæм бадынц, уый, стæй ма иу. Фæхæццæ кæны уый доны фаллаг фарсмæ. Нæ зынынц уым немыц, æхсынц æй минометтæй, нæ йæ къуырынц. Коротков, цыма йæ хъусынц, уыйау сæм хъæр кæны: «Тагъддæр! Тагъддæр, доны был бацахсут!..»

Доны былмæ бахæстæг сты... Цалдæр метры ма. Æртæ лæппуйы донмæ æргæппытæ кодтой. Æристой пулемет. Дон арф нал у, фæлæгæрдынц дзы. Дыууæмæ – пулемет, æртыккагмæ – гилдзхæссæн дыууæ къоппы. Цыппар немыцаджы доны фаллаг фарс фæзынд. Гъа ныр æхсын райдайой, афтæ сыл Коротков æмæ йе 'мбæлттæ пулеметæй, топпæй, автоматæй ихуарæгау ныккодтой. Цыппарæй дæр доны был сæ мæлæт ссардтой. Доны былмæ пулеметимæ чи баирвæзт, уыдон уайтагъд чысылгомау уæлкъуыпп бацахстой. Æхсынц. Коротков Уырызмæгмæ амоны – æрцæттæ кæн хæдæхсгæ пулемет, зæгъгæ, фæлæ уый æнæуи дæр цæттæ у.

Æвиппайды та немыцы минометтæ æхсын байдыдтой. Ацы хатт комкоммæ æхсынц Уырызмæгиты бæлæгъ. Нæмгуыты сræмыгъды фæстæ сæ тызмæг уылæнтæ фæцæйфæлдахынц. Бирæ сæ нал хъæуы фаллаг фарсмæ, хъæддзауы бæндæны бæрц ма, фæлæ... Уылæнтæ сæ иуварс фæхæссынц. Доны фале – схизæн кæмæ нæй, ахæм бæрзонд был. Йæ хæдрæбын – байбын. Къуырф. Сыхъуыст немыцы минометы æхситт. Фæхъус. Стæй комкоммæ командиры бæлæгъыл сæмбæлд. Уырызмæг доны куыд февзæрд, уый нæ базыдта. Кæсы... алфамбылай никæй уыны. Ленк кæнынмæ цас дæсны у. Йæ къæхтæ æмæ йæ къухты змæлдæй йæхи фæбынмæ нæ уадзы. Йæ пулемет æй бынмæ ласы. Æриста йæ. Зыбыты донласт, ноджы йæ хæссæн дзæкъул – йе уæхсчытыл. Йæ алфамбылай – бæлæгъы сæстытæ, худтæ, цыдæр дзаумæттæ. Иу змæлæг дæр йæ цæст нæ ахсы. Уырызмæг архайы исты

хуызы доны фаллаг фарсмæ баирвæзыныл. Къахæй, къухæй... Размæ йын ницы æнтысы. Фæхæццæ кæны уæддæр иннæ фарсмæ. Фæлæ уый циу? Бæрзонд был... Къардиу. Къуырф. Тындзы йæм уæддæр.

Уырызмæг байбынмæ баирвæзт. Йæхи дæлæмæ нæ уадзы. Се взводæй æртæ лæппуйы, чысыл раздæр доны фаллаг фарсмæ чи баирвæзт, уыдон немыцимæ тох самадтой. Цæмæндæр фæхъус сты гæрæхтæ. Ахуыссыдысты фыдбоны фыдбылызы цырæгътæ дæр арвыл – ракетæтæ дон нал рухс кæнынц. Нытталынг. Уырызмæг бастад, фæтарст йæ уавæрæй. «Ау, мæ мæлæт ам и?» Кæсы та алфамбылай – мæйдары цæст цас ахста, уыйбæрц. Афтæ йæм фæкаст, цыма йæ уыцы хъуыдыйыл сразымæ бирæ нал хъæуы, фæлæ мæнæ йæ мады ныхас йæ хъусты азæлыд: «Фæлæуу! Авдæнæмбæрзæн сыгом кæн. Дæумæ дзурын æз. Дзæбæх æм ныккæс. Дæ зæрдыл лæудзæн. Ныфс дын уыдзæн тохы...».

Амæлттæ та кæны. Феввахсдæр доны былмæ. Байбынмæ баирвæзт. Йæ зæрдæ бамæгуыр. Доны былмæ схизынæн ницы фадат и – æмхæрд, бæрзонд æмæ къуырф. Архайы сбырыныл. Йæ хъарутæ йыл гадзрахатæй цæуын байдыдтой. Талынг арвмæ кæсæгау доны уæлцъармæ кæсы. Йе 'мбæлттæ – уым. Уыдонимæ – йæ командир Коротков дæр. Цы лæппутæ фесæфт! Æбуалгъ ми... Хъысмæт, цавæр зындзинæдтæ æрхъуыды кæнын ма бауыдзæн дæ бон адæймагæн?

Уырызмæг йæ къухтæ лами къулы ныссагъта... йæхиуыл схæцыд... ноджы уæлдæр. Схæцыд та йæхиуыл, ныссагъта та йæ дзæмбытæ иу къæпхæн уæлдæр. Лами æрлæбырд, æмæ Уырызмæг фæстæмæ доны йæ хъуырмæ аныгъуылд. Слæууыд та, сивæзта йæхи, хæстулæфт кæны. Йæ хъарутæ, йæ тыхтæ æмбырд кæны ногæй. Æрмæстдæр æй метры æрдæг сбырын хъæуы байбын къулыл, æмæ уæд дыууæ къухæй доны былмæ сæххæсдзæн. Стæй исты амæлттæ кæнид.

Ахъуыды кодта: йæ пулемет æмæ дзæкъул аппара. Æмæ уæд йæ доны баирвæзт цы пайда уыдзæн? Æнæ хæцæнгарз, æнæ хæринаг?.. Уацары? Никуы! Фæлтау мæлæт – хуыздæр.

Фæлвары та ногæй. Сивæзта йæ къухтæ, ныссагъта та дæс æнгуылдзы байбыны лами къулыл, ацы хатт æндæр рæтты. Сælвасæгау кодта йæхи. Галиу къухæй къулыл ныффидар, рахизæй уæлдæр æвналы. Ныффидар кодта рахиз къух дæр, къæхтæ къулыл быцæу агурынц, фæлæ ницы ахсынц. Иучысыл ма, иу уыдисн, æмæ уæд уæлбылмæ сæххæсдзæн. Бынтондæр ныууæззау. Улæфт

ын нал фаг кæны. Ау, донмæ та фæстæмæ ныххаудзынæн? Фæлæ, диссаг! Уый циу? Къæхты бын цыдæр æнцой. Цыма йыл дæлдзæхæй схæцыдæуыд. «Чи зоны, мæ зонд мæхи бар нал у, æмæ мæм афтæ кæсы, схæцыдæуыд мыл», – хъуыды кæны Уырызмæг. Уæдæ уæддæр уый цы уа? Къæхты бын хъæд? Нæ! Фембæрста: адæймаг! Мард. Уылæн къулыл йæхи куы ныццæвы, уæд мард салдат Уырызмæгыл уæлдæр схæцы. Æнæбауырнинаг хъуыддаг, æнæрцæугæ цау. Уырызмæгæн йæ мард æмбал «æххуыс кæны». Лæппу тыхамæлттæй уæлдæр сбырыд. Фæхæст хъæбæр сыджыты къуыбæрттыл. Йæ рæмбыныкъæдзтыл æрæнцой кодта, зæрдæ фæрухс. Ныр ын тас нал у. Иучысыл аулæфыд, арæхстгай сраст кодта йе ’фцæгыл къухæйæхсгæ пулеметы гæрз, æмæ та йæ тых-йæ бонæй йæхи сивæзта. Фæуæлбыл. Бастад. Хæстулæфт кæны. Æрцæттæ кодта йæ пулемет æхстæввонг.

Талынг. Никуы æмæ ничи. Хатгай дæлбылæй сыхъуысы, уылæн куыд ныццæллахъхъ кæны, уый. Уырызмæг йæхи уæлгоммæ ауагъта. Фæллад æмæ йæ хуыссæг сæ быны нуæрдынц. Пулеметы хъæдыл йæ сæр æрæвæрдта æмæ афынæй.

Цыма фестад сæхимæ. Йæ гыццыл чызг авдæнæй рахызт, йæ мады къухыл хæцы... Лæууы иуварс Уырызмæгæн йæхи мад. Цæмæндæр афтид авдæн узы. Бынтон урс-урсид дзыкку, урс дадалитæ. Ахæмæй йæ никуыма федта фырт. Зæронд усыл йæ чындздзон разгæмттæ æмæ сатæгсау кæлмæрзæн. Тызмæг цæстæнгас. Цыма уайдзæф кæны фыртæн: «Цæй æрæгмæ зындтæ, лæппу?».

Иуахæмы фехъал. Бон æрбарухс. Хъуысы сармадзанты æхст дыууæрдыгæй, дæрддзæфæй. Уырызмæг фæкомкоммæ чысыл дæлдæр къардиумæ. Йæ разæй доны цы дыууæ лæппуйы баленк кодта, уыдон дыууæйæ дæр – сæ пулеметы уæлхъус. Ау, мард уой? Сæ иу – дæлгоммæ, иннæ – йæ фарсыл. Йæ гуыбыны цъарыл сæм ауудтты æрбырыд, йæ пулемет – йæ къухы. Кæсы. Зонгæ цæсгæмттæ, зонгæ лæппутæ. Хæрз æрæджы дæр ма доны фаллаг фарс иумæ лæууыдысты, хиконд бæлæгъ донмæ уадзгæйæ хъазæн ныхæстæ кодтой. Ныр... мæрдон æнгас, мæрдон фæлурс.

Уырызмæг дон-дон фæстæмæ йæ фæд-йæ фæд акаст. Цæуæг, змæлæг нæй. Æвæццæгæн, ротæйы, батальоны размæбырст фæсыкк. Доны ацы фарсæй сыл фæхæцæг нæй. Мард хæстонтæн сæ худтæ сæ цæсгæмтгыл æрæмбæрзта. Лæмбынæгдæр сæм æркаст. Нæ, канд топдзæфтæ нæ уыдысты – джебогътæй цæфгæ дæр ма. Пулеметæй зыны лентæн йæ

фæстаг кæрон. Иунæг гилдз дæр дзы нал... Æхстой фæстаг гилдз, фæстаг нæмыджы онг.

Уырызмæг йæ пулемет æрцæттæ кодта æхсынмæ. Знаджы тыхтæ цæмæй рабæрæг уой, уый тыххæй алырдæм цалдæр хатты фехста. Бирæ æнхъæлмæ кæсын æй нæ бахъуыд. Немыцæгтæ æхсгæ-æхсын размæ атындзыдтой. Доны былæй сыхъуыст сæ автоматты къæр-къæр. Уырызмæг сæ æхсы. Комкоммæ йæм чи æрбацæйзгъордта, уыдонæй дыууæ æрхауд. Йе ’мбудтæ зæххы афсæрста, рахизырдыгæй чи уыд, уыдонæй дæр иу. Немыцæгтæ æрхуыссыдысты, æхсынц æй. Афицер æм æрбахъуызы. Уырызмæджы нæмыгæй йæ галиу къух зæбулæй аззад. Æрхуыссыд, рахизæй фæцараехст, æхсы. Йе мбæлттæн къухæй амоны – размæ! Немыцæгтæ – къордæй, Уырызмæг – иунæг. Немыцаг салдат цырд фестад, æхсгæ-æхсын æрбазгъоры... иннæтæ дæр æхсынц. Уырызмæг ныхъхъавыд. Æхсы. Æрхауд, чи йæм æрбацæйзгъордта, уый. Фæцæф йæхæдæг дæр, фæлæ æхсы. Немыц фæсыкк сты. Фæстæмæ къардиумæ абырыдысты. Уырызмæг ацагуырдта лæппуты дзæкъулты гилдзытæ. Нæй. Фашисттæ йæ бафиппайдтой æмæ йæм ацы хатт æмгуыппæй æрбазгъорынц, дæрддзæф ма сты. Уырызмæг сфæнд кодта йæ хæцæн бынат аивын, чысыл къуыпгондмæ йæ ных сараæзта æмæ йæ бацахста. Æрхуыссыд, равзæрста йæхицæн æхсæн бынат.

Немыцæгтæ æрбахæстæг сты. Æфсæйнаг худтæ хурмæ сæрттывтой. Зынынц сæ цæсгæмттæ. Уырны сæ – уымæ гилдз нал и. Згъоргæ-згъорын æмæхстæй æхсынц. Æрбахæстæг сты. Уырызмæг мæнгвæдæгыл æрбахæцыд, сыхъуыст пулеметы къæр-къæр. Немыцæгтæй цалдæр æрхауд, иннæтæ уæддæр размæ згъорынц. Æхсы сæ Уырызмæг. Фæстауæрц хъæуы гилдзытыл. Цалдæр ма сты немыц дæр, æндæр нал. Немыцæгтæ æрхуыссыдысты, къардиугондмæ сæхи ныйистой. Гæрæхтæ фæсабыр сты. Уырызмæг доны иннæ фарсмæ фæкаст. Исчи йæ фæдыл зынæг ис æви нæй? Зын æрбахизæн у доны сæрты ам. Чи зоны, æндæр рæтты бахизын сфæнд кодтой. Галиу уæхск судзы. Асгæрста йæ. Туг. Галиу къах уæраджы бынмæ дуды. Цæф у уый дæр. Уырызмæг систа бинт, суæгъд кодта йæ хæдоны æгънæджытæ æмæ бинт уыцы æмдымбылæй йæ хæдонæй риуы æхсæн нытътъыста, туг кæцæй хъардта, уым. Зæнджы хæцъæф æхсидав фестад, судзы. Æмбары – стæг хъыгдард у. Бæтты йæ цæф. Ауыдта, цалдæр немыцаджы та фæзынд. Æрбацæуынц. Æхсынц. Æхсы сæ уый дæр. Фæстаг хъарутæй. Ælгъиты иронау.

Уырызмæг уыны, немыцæгтæ дыууæ йеддæмæ нал сты. Сæ иу – афицер. Салдат æрхауд. Æрхауд афицер дæр йæ тæккæ раз Уырызмæгæн.

Банцади тох. Хъахъхъæны, кæсы Уырызмæг. Бырсæг æм нал и. Никуыцæй ничи зыны. Ничи? Уæдæ уый циу? «Мæрдтæй» иу, цудтытæгæнгæ, сыстад, иуцасдæр кæрæдзимæ фемдзаст сты. Уырызмæг бафиппайдта: афицерыл рахиз хъусы ’рдæг нæй, ныхъ – цæф. Немыцаг æм фæхъавыд. Уырызмæг æй фехста. Афицер æрхауд, йæ къухы ма фехсын бафтыд. Æрхауд Уырызмæг йæхæдæг дæр, йæ бон ницуал у.

Дыууæйæ дæр – мæлæтдзаг цæфтæ. Сæ туджы мæцынц. Уыны йæ марæджы Уырызмæг хæстæгмæ – нал змæлы. Уырызмæг тыххæй-фыдæй йæ сæр систа, нæ йæ баурæдта. «Ау, йæ цард фæци?..» Йæ цæстытæ атартæ сты...

Чи зоны, цас ахаста афтæ. Иурæстæджы æрчъицыдта, кæсы. Хур арвы астæуæй акъул. Рабадыны хъару йæм нæй. Кæцæйдæр хъуысы æнахуыр сыф-сыф, цыма йæ хæд сæрты ныллæджыты хæдтæхæг фæтæхы. Уыны – æнахъинон стыр хъæрццыгъа йæ базыртæ ныттыгъта. Цалдæр зылды æркодта мæрдты сæрмæ, æрхæстæг. Уырызмæг фæкуыддæр. Кæд йæ цæстытыл уайы. Нæ, нæ уайы йæ цæстытыл. Хъæрццыгъа чысыл дарддæр уæлкъуыпп æрбадт. Чи у тугдзых маргъæн абон йæ холы?! Хъуыста ахæм хабæрттæ Уырызмæг, фæлæ мæнæ афтæ?.. Æвæццæгæн, никуыма ничи федта тугдзых хъæрццыгъайы афтæ хæстæгмæ. Хъæрццыгъайы æрфгуытæ – дыууæ гæрæм маргджын калмы... Дæргъæй-дæргъмæ зылын бырынкъ – цыргъ арц. Фындзыхуынчъытæ – арф æмæ къуырф. Дзых – зыд гом. Гæрæм зылын къубал, цыма йын раст холымæ æнхъæлмæ кæсгæйæ сгæбæр. Иугай хъуынтæ йыл сау лыстæг кæлмытау ауыгъдæй лæууынц. Цæстытæ æнахуыр зиллæччытæй сæ къусчыты дыууæрдæм кæнынц.

Хъæрццыгъа холымæ рараст. Уырызмæг йæхиуыл схæцыд. Нæ. Йæ бон рабадын нæу. Хъæрццыгъа æрлæууыд немыцаг афицеры цур, хæстæгдæр æм уыд уый. Алфамбылай акаст. Ныртæккæ бавналдзæн.

Немыцаг афицер базмæлыд, йæ цонгыл схæцыд, фæлæ йæ нæ баурæдта. Уырызмæг хъæрццыгъайæ йæ цæстытæ нал исы. Хæдмæлхор. Йæ быны – адæймаг... Ныртæккæ немыцаг афицеры цæсгоммæ ныхъхъавдзæн. Чи зоны, чысыл фæстæдæр та Уырызмæджы хурхмæ сараза йæ цыргъ бырынкъ. Сау хъæрццыгъа...

Уырызмæджы уæнгты уазал риз ацыд: мæнæ хъæрццыгъатæн хæринаг куыд фести! Пулемет – иуварс. Тыххæй-фыдæй йæм бахъæссыд йæ къух, мæнгвæдæгыл æрбахæцыд. Сыхъуыст гæрах. Нæмыг зæххы уæлцъар ахаста. Хъæрццыгъа атахт.

Немыцаг афицер бамбæрста, чидæр ын йæ риуæй асырдта удхоры. Разылдта зынтæй йæ сæр, кæсы. Уырыссаг салдат. Йæ цæстытæ дзы атонын нал комынц. Сæ иу иннæмæй нал тæрсы, ницуал у сæ бон. Чи зоны, фæстаг хатт уынынц цъæх арв...

* * *

Уырызмæг бæласы æнцой лæууы. Йæ хъуыдытæ, машинæ кæм фæаууон, уырдыгæй æрыздæхтысты. Æнæхъус афицер цæстытæй нæ цух кæны...

* * *

Æвæдза, диссаг куыд нæ у хæст дæр! Дыууæ адæймаджы хъомыл кæнынц фæйнæ бæстæйы, кæрæдзи зонгæ дæр нæ кæнынц, ницы дары сæ иу иннæмæй, афтæмæй рараст вæййынц кардæлвæстæй сæ иу иннæйы амарынмæ!..

ХЪУЫДЫ МА КÆНЫС?..

Зæрдыллæууæн ныхас
мæ хæстон хæлар, лейтенант
Хъайтмазты Хазбиимæ.
Фæмард хæсты бындыры,
ныгæд у Æфсымæрон ингæны.

«Хъуыды ма кæныс?..» – радзырды ахæм сæргонд бакæсгæйæ, адæймаг фенхъæлдзæн, ныртæккæ ам ныхас рауайдзæн уарзондзинады охыл, зæгъгæ. Чызг лæппумæ фысдзæн, йе та лæппу – чызгмæ... Мысдзысты сæ кæддæры æхсызгон цины бонтæ. Уарзондзинад се ’хсæн хæххон ирд суадонау куы ’взæрди... Фæфыдæнхъæл дæ, зынаргъ чиныгкæсæг... Æз цы хабары кой ракæнынмæ хъавын, уымæй уарзætты зæрдæ нæ барухс уыдзæн. Хъæр, дам, мæрдтæм дæр хъуысы... Дæ ингæны къæйтæ куыннæ стоныс, Хазби?.. Æвирхъау хабар газетты фыстæуы... Газет – мæ къухты... Судзы æнгуылдзтæ... Фыссынц дзы: «Цалдæр æнахъинон лæппуйы горæтæй чысыл иппæрд ран

Æфсымæрон ингæны цыртæй мысанæхсæн бынат сарæзтой. Æхсынц чи дамбацайæ, чи ливорæй. (Кæм сын уыд, чи зоны?..)

Æхсынц... Нæмгуытæ мыггæгты дамгъæтыл æмбæлынц. Фыстытæ сау сыджытау лæбырдтæй згъæлынц... Цырты цъуппыл – фондзтигъон стъалы... Уый дæр æхсынц... Кæл-кæлæй худынц...»

Газет къухæй æрцæйхауд... Зæрдæ нал комы бакæсын уыцы æбуалгъ хабар дарддæр, фæлæ йæ мæстæлгъæд цæстытæ агурынц ногæй. – Ау, куыд ис афтæ бакæнæн? Не 'ууæнды адæймаг... Бакодтой... Газеты бæлвырдæй ис фыст, стæй хуымætæджы газеты дæр нæ... Ægас дунейы дæр зындгонд чи у, ахæмы...

Хабар нæ горæты не 'рцыд, фæлæ уæддæр æз цæмæндæр ацыдтæн, нæ горæты æдде цы Æфсымæрон ингæн ис, уырдæм. (Хæсты пиллон уæд Ирмæ дæр схæццæ...) Айстон рæсугъд дидинджыты баст мемæ.

Кæсын цыртмæ... Ингæны раз хатыркурæгау лæууын... Айрох мæ иуцасдæр дидинджытæ цырты раз æрæвæрын... Æрæвæрдтон сæ... Иуварс дурыл æрбадтæн... Кæсын ингæнмæ... Хъуыдытæ мæ сæ фæдыл раскъæф-баскъæф кæнынц. Кæмыты нæ балæууыдтæн сæ фæстæ?.. Хæсты цæхæры мæ смидæг кодтой. Уартæ кæм балæууыдтæн... Литвайы... Цыппор фыццæгæм аз... Хæстæн йæ тæккæ райдиан...

Уыдис мын хæлар, лейтенант Хъайтмазты Хазби. Иумæ фестæм каст æфсæддон скъола. Иумæ ацыдыстæм хæстмæ... Ригæмæ хæстæг фашисттимæ тохы хъæбатырæй фæмард. Фæмард сты цалдæрæй... Æфсымæрон ингæны сæ бавæрдтам. Стыр хъæдын цыртыл сын полчъы писыр сæ мыггæгтæ ныффыста...

Цардхъом фæсивæд... Комиссары фæстаг раныхас ингæны раз... Гæрæхтæ... Фæстаг «хæрзбон», æмæ та – размæ, тохмæ...

Æфсымæрон ингæн... Кæсын æм мæнæ ныр... Цал æмæ цал сты нæ зæххыл?.. Иууылдæр – уыцы иухуызон... Ахæмы бавæрдтам уæд Хазбийы дæр.

Цæстытыл уайы Хазби... Бирæ азтæ рацыд уæдæй, фæлæ нæ рох кæны. Бæрзонд хæрзконд лæппу. Ærвгъуыз цæстытæ – худæндзаст, сау æрфгуытæ. Чызгау рæсугъд цæсгомыл, бахудгæйæ, Бонвæрнонау, æрттывта иннæ дæндæгты 'хсæн иу сыгъзæрин дæндаг, æмæ уый лæппуйы сырхуадул цæсгом уæлдай аивдæр кодта. Æниу ыл куыд рæсугъд фидыдта лейтенанты дарæс...

Æмæ ныр... Чи зоны, уый цыртдзæвæн дæр æхсынц...

Дуне рафæлдæхт. Куыд ис афтæ бакæнæн? Знаг дæр ма искæй

мæрдты хурмæ куы нæ калы... Мæрдтæй сдзурæн куы уаид, уæд мæм хæцид Хазби... Хæциккой æдзард хæстонтæ: «Куыд уадзут ахæм митæ?!», «Цæуыл ма ныккалдтам нæ тут?!».

Мæгуырæг, Хазби, уагæр ма куы зонис, ныгæд цы ран дæ, уым, Ригæмæ хæстæг, ныртæккæйы цæрджытæй иутæ уæ цыртытæ фæлдахынц. Сæ бæсты сын æвæрынц, кæимæ тох кодтат, уыдонæн цыртдзæвæнтæ. Æмæ сын «ма кæ» зæгъæг нæй.

Фæсырдтон уæззау хъуыдытæ мæ сæрæй. Мæрдтæй дзурæн нæй... Æниу, амонджын дæ, Хазби, нæ федтай уыцы æбуалгъ ми ды. Нæ федтай ноджы, куыд æппæрст цæуынц... Ленины цыртытæ. Ленины цыртдзæвæнтæ.

Хазби, хъуыды ма кæныс?..

Уæвгæ, куыд хъуамæ хъуыды кæнай... цы ран фæмард дæ, уый?..

Уавæртæ афтæ рауадысты, æмæ ма боны хæстыты фæстæ лейтенанты взводæй баззад æрмæст цалдæр, уыдонимæ – чызг санинструктор, ротæйæ æрбафтыд. Æрхъулайы бахаудысты... Архайдтой уырдыгæй раирвæзыныл.

Дзæвгар фæцыдысты. Иу ран æрæнцадысты. Уыдысты ма ædæппæтæй цыппар – лейтенант, сержант, иу сырхæфсæддон æмæ...

– Уый та циу? – кæсы сæм, дисгæнгæйæ, лейтенант. Цыппæрæм кæд у... Сылгоймаг. Нырма йæ ныр федта.

– Кæцæй фæдæ ды та? – фæрсы йæ.

– Санинструктор, – дзуапп радта чызг, – ротæйæ.

Æрныхас кодтой сæ уавæрыл. Фæстагмæ командир бардзырд радта:

– Æхсынæввонг ут фæйнæ раны, – бацамыдта сын, кæмыты, уый. – Куы 'рталынг уа, уæд цæудзыстæм хурыскæсæнырдæм, кæд нæхионтимæ фембæликкам.

Ærталынг. Араст сты. Бонæй сæм дардмæ æмлæгъз цы быдыр каст, уый ныр йæ къуыппытæ æмæ дзыхъхъытæ равдыста. Цыдысты сахат, дыккаг. Лейтенантæн йæ къухы – ног хъыбыллæ. Æмæ цыма боныгон цыдысты, афтæ сæ æнæкъуыхцыйæ амынд ранмæ кодта. Хæстæг кæмдæр куыйтæ срæйдтой. Уый амоны: хъæу æввахс у. Цæуынц арæхстгай уыцырдæм. Никуы сармадзаны хъæр хъуысы, никуы – хæдтæхæджы уынæр. Хæст адард хурыскæсæнырдæм. Сзынд цырæгъты рухс хъæуæй. Цы хуызы базындæуа, хъæуы немыцæгтæ ис æви нæй. Хæринаг нæй, сдойны сты. Бонæй сæ сагъæс уыдæттыл нæ уыд, фæлæ ныр тас къаддæрæй къаддæр кæны. Хæрд æмæ дон

тынгдæр лæууынц зæрдыл.

Цæуынц та. Æниу, цæй цæугæ, згъорынц. Алы минут дæр сын – нымад... Æрбарухс.

Цавæрдæр хъæу сæ хæдраз февзæрд, стыргомау. Æддæгуæлæ хæдзæрттæ дзы, уынгтæ. Хъæугæрæтты згъоры цæугæдон. Ныр дойныйæ нал амæлдзысты. Фæскъуыпп æрæмбæхстысты.

Лейтенант ауыдта иуварс акъоппытæ. Сержантмæ амоны: ам уал лæуут. Йæхæдæг йæ гуыбыныцъарыл фæбыры... Уыны æхст гилдзытæ, хæцæнгæрзты пырхытæ, æфсæйнаг худ къуымы. Аууонæй йæ æфсæддонтæм амоны къухæй, йæхимæ сæм сиды... Уыдон æм аууæтты гуыбыр-гуыбыр згъорынц. Мæнæ æртæйæ дæр схæццæ сты. Ныггæппытæ кодтой акъопмæ.

– Фæлæууæндон уал нын ис, – лейтенант акаст йæ алфамбылаймæ. – Схæцынхъом стæм.

– Æмбал лейтенант, бар ратт хъæумæ уавæр бæрæггæнæг ацæуынæн, – загъта сержант.

– Æмбал лейтенант, уыцы хæс сæххæст кæнын æнцондæр уыдзæн мæнæн. Æз сылгоймаг дæн, – загъта санинструктор.

– Кæм фыст ис – сылгоймаг дæ? – зæгъы сержант. – Æфсæддон хæдон, цырыхъхъытæ, худ... Акъæрцц дæ ласдзысты уайтагъд.

– Æмбал командир, бар ратт мæнæн, – загъта цыппæрæм – хæрз æрыгон салдат.

Лейтенант сыл ахаста йæ цæст. Алчи сæ æнхъæлмæ кæсы: мæнæн зæгъдзæн «цу».

Фæлæ уый ницы дзуры.

– Цæй, хорз, – загъта æрæджиау лейтенант. – Ацæудзыстут сымах уæ дыууæ, – бацамыдта сержант æмæ æрыгон сырхæфсæддонмæ. – Æдасдæр уын уыдзæн дыууæйæ. Ныр та ферох кæнут рæстæгмæ хæрд æмæ ноз.

Лейтенант иуварс акодта сержанты æмæ йын загъта:

– Тынг арæхстгай архай. Куыддæр истæуыл фæгуырысхо уай, афтæ фæстæмæ. Де ’мбал хицæн ран уæд, цæттæйæ.

– Æмбал лейтенант, дæ зæрдæ мацæмæ ’хсайæд.

Бон-изæрмæ æмбæхстæй фæбадтысты, фæхъахъхъæдтой. Хъæуы уæлдай змæлд нæ уыд. Райсомæй куыд уыд, изæрæй дæр афтæ – немыц сæ бæхтæн дон дæттынц, иугай сылгоймæгтæ къæртаты хастой дон.

Æрталынг. Хæдзæртты цырæгътæ иугай-дыгай хуыссынц.

Сержант æмæ салдат ацыдысты, лейтенант æмæ чызг баззадысты. Лейтенант уайтагъд сахатмæ æркæс-æркæс кæнын райдыдта.

– Ардæм сæ хъæуы, æмбал лейтенант, ма тыхс, – зæрдæвæрæгау зæгъы чызг.

Уый йæм кæсы. Аив гуырыконд, стыр цæстытæ, аргъауы бурдзалыг дзыкку... Йæ рæсугъд былты змæлд ын цыма йæ зæрдыл кæйдæр æрлæууын кодта...

Чызг дæр кæсы лейтенантмæ. Цыдæр тас ыл ризæг бафтыдта. Лæппу йæ бамбæрста, йæ къухмæ йын бавнæлдта, къух уыди ихы къæрттау уазал.

– Ма тæрс, нæ хо...

Хойы номмæ чызджы цæсгом фæрухс. Цыдæр æнахуыр рухс риумæ баирвæзт.

– Хойы номæй мæм сдзырдтай... – чызджы къух йæ ризынæй фенцад.

Хъæугæронæй сыхъуыст гæрæхтæ. Сæ ныхас æрдæгыл аскъуыд. Лейтенант азгъордта, йæ фæдыл – чызг дæр... Кæройнаг хæдзармæ сарæзтой сæ ных. Нал æмæ нал хæццæ кæнынц хъæумæ, афтæмæй сæм хæстæг каст. Æвиппайды гæрæхтæ фенцадысты. Чызг æмæ лæппу æрлæууыдысты. Алы сыбыртт, алы къахдзæфмæ хъусынц. Никуы æмæ ницы. Рæстæг цæуы. Бонрухсмæ бирæ нал ис. Лейтенант бамбæрста – нал ис сержант, нал ис æрыгон хæстон.

Лейтенант систа йæ худ. Хинымæр сын «рухсаг» зæгъы. Чызджы рустыл цæссыгтæ æртылд.

Цы кæной дарддæр, цы фæуой? Цас ис афтæмæй быдыры зилæн? Лейтенант сфæнд кодта хъæумæ бацæуын. Сразы йемæ чызг. Фæцæуынц, цæхæры кæфойыл цæуæгау. Мæнæ дон. Ануазын дæр сæ ферох. Хид хæстæг – никуы. Доныбылтыл уæлæмæ арæхстгай фæцæуынц. Кæрчытæ дыккаг уаст ныккодтой. Уалынмæ мæнæ донæн йæ ацырдыгæй фарс – цалдæр хæдзары, сæ иу иннæтæй бæрзонддæр. Лæппу чызджы цонгыл фæхæцыд, фæурæдта йæ. Æрзоныгыл кодтой. Хъусынц. Нæдæр дзы адæмы змæлд хъуыст, нæдæр – куыдзы рæйын. Стырдæр хæдзарæн йæ фæскъулмæ бахæццæ сты. Æрбадтысты дзуццæджы. Никуы æмæ ницы. Уалынмæ кæсынц, æмæ – диссаг. Хæдзары фæстæ – асин. Лейтенант чызджы хъусы цыдæр дзуры, уый йæ сæрæй разыйы дзуапп дæтты. Цæсты фæныкъуылдмæ лейтенант асин авæрдта, схызт. Систа арæхстгай цалдæр агуыридуры хæдзары сæрæй, æрæвæрдта сæ иннæ дуртыл, стæй чызгмæ къухæй амоны: ардæм. Чызг рогæн схызт. Бахызтысты тыгуырмæ.

Фынæй кæнынц æфсымæр æмæ хойау, цыдæр каубыд – сæ быны, даргъ хъайван – сæ фæсонтæм æнцой. Хурыскастмæ бирæ нал ис...

Фыццаг æрыхъал læппу. Æрыхъал æцæгælон худт, æцæгælон ныхасмæ. Фехъал ис чызг дæр... Æмбæрзæндурты зыхъхъыртæ сыхырнатæ басгуыхтысты. Хуры тынтæ дзы фæрсудзынц.

Ныхас хъуыстис кæртæй. Лæппу зыхъхъыртæй кæртмæ кæсы. Лæууы йæ фарсмæ чызг дæр. Кæрты бæрæгастæу – цалдæр немыцаджы Ленины бюсты цур лæууынц. Æвæццæгæн, колхозы правленийы кæрт уыд уый. Немыцæгтæн сæ иуы къухы – бæндæн. Фембæрстой хабар: раппарынмæ йæ хъавынц. Лæппуйы зæрдæ риуы æнахуыр гуыпп-гуыпп скодта. Йæ фыццаг чиныг йæ цæстытыл ауад. Уый æддаг цъарыл дæр уыцы ныв уыдис...

Лæппу æмæ чызг кæрæдзимæ бакастысты. Чызджы цæстытæ уыдысты уымæл. Лæппуйы къух автоматы хъæдыл тыххæстæй ныцъцъæх, йæ туг фæлыгъд. Йæ лæуд, йæ цæсгомыл бæрæг уыд йæ фæнд. Чызг æй бамбæрста. Кæсы йæм...

– Уæд та сæ ардыгæй æхс.

– Нæ, уырдæм... бирæ гилдзытæ мæм нал и...

Лейтенант арæхстгай дуртæ систа, ахызт æмæ фæаууон. Нал зыны. Чызг аиуварс кодта агуыридуртæй иу, кæсы кæртмæ. Знæгтæ бюстыл ахæц-ахæц кæнынц. Бæндæн ныттынг...

Фæлæ мæнæ кæрты фæзынд лæппу. Йæ къухы автомат нæмыгызгъалæн кæны. Куыристау хауынц фыдгултæ. Чидæр дзы фæцарæхст...

Лейтенант фæцæф, фæлæ амардта уый дæр... Сæ иуы дæр нæ ауагъта æгасæй... Чызг йæ уæлхъус февзæрд, йæ туг ын сæрфы, йæ цæф ын бæтты. Бынтондæр сæ ферох, кæм сты, цы сты...

Немыц фæфæдис сты алырдыгæй... Æртыхстысты сæ алфамбылай. Æрхъула къаддæрæй къаддæр кæны. Лæппу æмæ чызг бамбæрстой, удæгасæй сæ æрцахсынмæ кæй хъавынц.

– Мæнæ ауылты згъоргæ, æз сæ бауромдзынæн ам, – амоны лæппу.

– Иунæгæй дæ нæ ныууадздзынæн.

– Уæлдай ныхæстæн бынат нæй. – Лейтенант чызгмæ йæ автомат дæтты, йæхæдæг немыцаджы автомат зæххæй исы. Фехъуыст гæрах. Чызг æрхауд.

– Цы фæдæ?! – фæхъæр кодта лæппу.

Чызджы цæсгом мæрдон фæлурс аци...

Лейтенанты тæрсын æхст кæнынц, цæмæй æрæвæра йæ гæрзтæ. Нæмгуытæ къуыззитт кæнынц... Дзурынц æм знæгтæ: «Дæхи ратт!»

Уый згъоры кæрты къуымты дыууæрдæм. Хъавы, æхсы. Знæгтæ цæфтæ æмæ мæрдтæй хауынц.

Немыцæгтæ бамбæрстой, кæй ницы рауайдзæн сæ фæндæй, уый, æмæ йæ æмæхст кæнынц. Лейтенант фæцудыдта. Æрхауд...

Фæлæ ма чызг æгас уыд... Уымæ æнхъæлмæ кастысты концлагеры фыдæбæттæ... Æвæццæгæн, хъысмæт стæрхон кодта, цæмæй сæ дыууæйы тухæнтæ дæр уый иунæгæй ахæццæ кæна кæронмæ...

Лейтенанты цæстытæ ирд айдæнау æрттивынц. Цъæх арвыл зилдух кæнынц. Стæй æрыздæхтысты зæхмæ... Йæ цуры – йæ фыццаг чиныджы ныв... Знаджы бæндæн къæхты бын мард калмау дыдæгътæй лæууы...

Ацы хабæрттæ мæнæн фæсхæст ракодта кæддæры санинструктор... Уацары фæстæ мæ ссардта. Иу ротæйы уыдыстæм.

Æмæ ныр Ленины цырт нæхионтæ хурхæлвæст æмæ мæцъистæй фæлдахынц... Æниу, цæй нæхионтæ сты?

Æппарынц сæ, нæ хъæбатыр хæстонтæ се ссæрибарыл сæ туг æнæвгъау кæм ныккалдтой, кæддæры уыцы социалистон бæстæты дæр...

Цы зæгъиккой Хазбиитæ ныр?..

* * *

Бадын Æфсымæрон ингæны цур. Кæсын та цыртмæ, фыстытæм... Æмæ дзы цы мыггæгтæ нæй?.. Иу мадызæнæг æфсымæртау æмтох кодтой сæ иумæйаг Райгуырæны сæрвæлтау... Кæрæдзи цæфтæ бастой. Цымæ кæрæдзимæ искуы зулцæстæй дæр ракастысты?.. Йе зулныхас скодтой? Ныр та?.. Иуæй-иу адæмыхæттыты ’хсæн – хæст... О, о, хæст... Ис цæфтæ, мæрдтæ... Адæм сæ цæрæнбынæттæй лидзынц... Сабитæ, зæрæдтæ... Ис ма æртхъирæнгæнджытæ кæрæдзимæ ноджы... Советон Цæдисыл систой сæ къух... Цыбыр дзырдæй, фыдгулы фæндиаг кæнынц сæхи...

* * *

Хъуыды ма кæныс, Хазби, иухатт фæстох быдыры цы æнахъом læппуйы федтам, уый? Тынд хуымы нартхоры дзенкъортæ уыгъта. Куыд загъта? «Мæнæн фондз даринаджы ис: æфсымæртæ, хотæ, амæй-ай къаддæртæ, æмæ рынчын мад, фыд хæсты фæмард...»

Уый карæнтæй иуты ныр зонгæ дæр нал бакæнис... Уыдон цы митæ кæнынц... Мах уыдоны карæнæй ахæм хъуыддæгтæ киноты дæр никуы федтам... Æмæ сын «ма кæ» зæгъæг нæй. Сæ рохтæ – сæхи бар.

* * *

Мах Хазбиимæ æмгæрттæ уыдыстæм. Цыдис ныл æстдæсгай азтæ. Хъуыды ма кæныс, Хазби, хæсты быдыры нæ фарсмæ лæгау цы æвддæсгай æмæ æстдæсгайаздзыд чызджытæ æрбалæууыд, уыдоны! Куыд хъæбатырæй хæцыдысты цыфыддæр знаджы ныхмæ...

Иу ахæм чызг, Нестеренко Катя, зæгъгæ, уый тыххæй газеты фыстой. Æрæджы мæ хæстон архивты уыцы газет ссардтон... Иу ныхас дæр дзы нæ аивтон:

«...Иухатт партизанты къорды иу æрыгон чызг фæзынд. Ахæм рæсугъд уыди, æмæ, мæнæ куыд фæзæгъынц, хуртæ æмæ дзы мæйтæ касти. Партизанты командир æм тызмæгæй бакаст æмæ йæ бафарста:

– Цæмæн дæ ам?

– Куыд цæмæн? Цæмæй сымахимæ иумæ фашистты марон, – сæрæн дзуапп радта æрыгон чызг.

– Уый нæ хъæуккаг чызг у, – базыдта йæ ацæргæ партизан, – Нестеренко Катя...

Алфамбылай сыхъуыст æппæлæн ныхæстæ... Куырдтой командирæй, цæмæй йæ ныууадза къорды. Зонджытæ ма йæ разынд ноджы.

Командир бакаст Катямæ, йæ мидбыл бахудт æмæ йын йæ къух райста...

Уыцы бонæй фæстæмæ æвддæсаздзыд Катя ссис партизанты къорды разысгарæг. Хæсгонд ын уыд, «Н»-ы æфсæнвæндаджы станцæйыл знагæн цы поездтæ цыд, уыдон бæлвырд кæнын, ноджы, станцæ йæхæдæг цы хъæуы уыдис, уым цы æфсæддон хæйттæ æрæнцад, цы архайдтой, уыдæттæ иууыл партизанты штабмæ хæццæ кæнын...

Катяйы фехъусынгæнинæгтæ æдзухдæр уыдысты раст æмæ бæлвырд. Фыдуынд дарæс-иу скодта, станцæ æмæ хъæуы-иу гыццыл чызджы хуызы цы къуымæй нæ ракаст, ахæм ын нал баззад. Суанг, кæм цы вагоны цы ласынц, хатгай ма-иу уый дæр сбæлвырд кодта: сармадзаны нæмгуытæ кæмыты ластой, салдæттæ кæм бадтысты, афицертæ.

Партизанты штабмæ ноджы хъусын кодта, немыц станцæйыл Уæрæсейæ сæхирдæм цы ласынц, уый дæр. Цæф гитлеронтæ... Кæнæ та, советон хъæуты адæмæй цы бастыгътой, уыдон...

Цасдæр рæстæджы фæстæ иу «Н»-ы хъæуы цæрджытыл айхъуыст: æфсæнвæндаджы станцæмæ хæстæг советон партизантæ немыцаг фашистты поезд афæлдæхтой... Сræмыгътой хæцæнгæрзтæ хъахъхъæнæн бынат... Кæй зæгъын æй хъæуы, уым уыцы æвзонг чызджы фæллой дæр уыди.

Афтæ ахаста цалдæр мæйы. Командир дзы уыдис иттæг бузныг. Сырх стъалыйы ордены хæрзиуæгмæ йæ снысан кодта. Фæлæ ... Немыцæгтæ йыл фæгуырысхо сты æмæ йæ æрцахстой... Кæд йæ миты ахæмæй ницы уыдис, уæддæр сæ зианты хабæрттæ куы сарæх сты, уæд адæмы хъæуа-нæ хъæуа ахсын райдыдтой. Бахауд уыдонимæ Катя дæр. Сыхаг горæтмæ йæ аластой æмæ йæ уым гестапо ахæстоны баппæрстой. Катя æхсæвæй, бонæй хъуыды кодта, цы хуызы алидза, ууыл... Æмæ мæнæ иухатт ахæм фадат фæци.

Цæвиттон, райсомæй раджы немыцаг хъахъхъæнджытæ ахст адæмы кæртмæ рæвдз ратардтой. Уый уыдис цыппор фыццæгæм азы, фæззæджы кæрон. Немыцаг хъахъхъæнджытæ сæ тагъд-тагъдæй рæнхъгæйттæ слæууын кодтой. Рынчынты æмæ зæрæдты фæстæмæ ахæстоны камерæты смидæг кодтой. Иннæты, куы æрталынг, уæд станцæмæ ракодтой æмæ сæ уæзласæн вагæтты сбадын кодтой. Цы ма йæ базонын хъуыд? – немыцæгтæ, ахстытæй æнæниз æмæ кусынхъом чи уыд, уыдоны ластой Германмæ, хъизæмары фæллоймæ.

Катя хъуыды кодта: «Цы хуызы алыгъдæуа? Каст, йæ алыварс цы ахст адæм уыдис, уыдонмæ... Каст... Кæуыл дзы ис бынтон бауæндæн...

Баталынг. Поезд зыгъ-зыгъ кодта хурныгуылæнырдæм... Катя йе 'мбæлттимæ алидзыны мадзæлттыл сагъæс кодтой. Сæ амондæн, фашисттæн фыр тагъд-тагъдæй æхсæвы талынджы вагоны дуары æвдузæн æдде мæнгæфсон æвæрд разынд. Ахст адæм стыдтой пъолы фæйнæджытæй стыр саст. Иу сæрæн лæппу вагоны чысыл рудзынгæй уыцы фæйнæджы гæбаз æддæты дуары æвдузæнмæ ныббыцæу кодта æмæ иуцасдæр ацархайды фæстæ йæ бон баци æвдузæн уæлæмæ сæппарын. Дуар байгом. Адæм æхсæвы талынджы æддæмæ гæппытæ кодтой... Агæпп кодта Катя дæр... Афтæ арæхстджын гæпп акодта, æмæ цæвгæ дæр йæхи тынг нæ ныккодта... ærмæст иучысыл йæ цæсгом æмæ йæ къухтæ фæцъæррæмыхстытæ сты...

Хур нæма скаст, афтæ чызг партизанты къорды уыди. Йæ хабæрттæ командир æмæ комиссарæн дзырдта... Куыннæ йыл бацин кодтаиккой!

Æмæ та Катя Нестеренко дарддæр æххæст кодта сгарæджы ахсджиаг хæстæ. Ныр уый æмбарын райдыдта, цыфыддæр знагимæ тохы афтид знаджы поездтæ нымайын æгъгъæд кæй нæу. Бауæндын кодта уыцы хъуыдыйыл командиры дæр...

Ногæй та ныббырстытæ... Иу ахæм ныббырсты знаджы нæмыг аскъуыдта хъæбатыр Катя Нестеренкойы цард... Цас ыл фæхъыг кодтой!.. Æфсымæрон ингæн та ам дæр... Ныхас кæны къорды командир... Фидар адæймаг æй хуыдтой, фæлæ ам йæ цæссыгтæ нал баурæдта уый дæр...».

* * *

Æмæ мæнæ ныр, хæсты фæудæй фондз æмæ дыууиссæдз азы бæрц куы рацыд, уæд… Æнæбауырнинаг хъуыддаг… Уыдон карæнты, раст Катяйы хуызæн рæсугъд чызджыты, фæсарæнтæм лæггадгæнджытæй ærвыстæуы, бархийæ… Куы бакастаис, чи сæ æвзæрста æмæ ærвыста, уымæ… Аив фæлгонцгонд уаты къæлæтджыны пехуымпары бадт скодта цардхуыз лæппулæг. Чызджытæм иугай сидт, уыдта сæ æнæфсæрм... сæ уынд, сæ конд... Раст цыма хæдзары дзаума уыдысты, йе та...

Уыдон дæр сæхи ныккаркаси кодтой... тырнынц... архайынц цыфæндыйæ дæр йæ зæрдæмæ фæцæуыныл… Фæсарæнтæм аккуырсын... Кæй зæгъын æй хъæуы, исты ахуырад райсынмæ нæ...

Бадын нæ горæты æдде Æфсымæрон ингæны раз... Хъуыдытæ...

Мæ цæстытыл ауад ныв: Катя Нестеренко... Уый уыдонæй иуæй дæр æнæрæсугъддæр нæ уыд. Ærбаздæхт немыцы фæсчъылдымæй. Фæлмæст... скъуыдтæ дарæсы, автомат – йе ’фцæгыл. Чызджыты фæсарæнтæм кæм æвзарынц, уыцы уаты дуар байтом кодта... Уыны чызджыты... Уыны, чи сæ ‘взары, уый... Цымæ, цы бакодтаид?..

* * *

Ныххатыр кæн, Хазби...

* * *

Мæн фæнды æууæндын. Мæн уырны, æрцæудзæн уыцы бон... æнæ къæмдзæстыгæй ардæм цæудзыстæм... Æфсымæрон ингæнтыл сыгъдæгзæрдæйæ дидинджытæ æвæрдзыстæм...

ЦГЪОЙТЫ ХАЗБИ: 80 АЗЫ



(1940)

ЦГЪОЙТЫ Хазби

СУСÆГ ЗÆГЪИНÆГТÆ

Новеллæ

Республикæйы клиникон рынчындон. Æртæ чысылгомау палатæйæн – иу бахизæн, иу сенæ. Рахизæрдыгæй – уат. Дыууæбынатон. Фæлæ дзы ныр дыууæ боны иунæг дæн. Æмæ æрцардтæн – дохтырты йеддæмæ мæ иу хъыгдарæг нæй. Кæдæй-уæдæй мæхи бар дæн, иунæгæй аззадтæн. Ме ’фсины ныффæдзæхстон: рынчындоны дæн, уый хæстæг, хион, зонгæйæн ма схъæр кæн, куысты дæр зæгъ, дохтыр æм хæдзармæ цæуы, зæгъгæ. Рынчынæй фæлмæцгæ кæнын рынчынфæрсæгæй. Йæхи дæр ын бæргæ нæ уадзын, фæлæ та зыв-зыв æмæ райсомæй мæ уæлхъус æрбалæууы. Цалынмæ дохтыртæ рынчынтыл зылд фæвæййынц, аходæн мын бахæрын кæны, уæдмæ мæ уæгъд не суадзы.

Мæ низ дæр уадиссаг ницы у: райсомæй, куыстмæ цæугæйæ, къахвæндаджы ихыл фæбырыдтæн, мæхи фæндаджы хъæбæрмæ æрхастон, мæ галиу цонг мæ быны фæци æмæ фæсаст. Галиуæн цы у! Рахиз ма уæд æрмæст. Фæлæ йæ дзæбæх кæнын хъæуы. Гипсы йæ сæвæрдтой дохтыртæ æмæ мæ æртæ боны æмгъуыдмæ ам æрурæдтой. Уый фæстæ, дам, дæ уæхимæ афысдзыстæм.

Цонджы саст риссы, æхсæв фынæй кæнын нæ уадзы, фæлæ, рæстæгмæ иунæгæй аззайын куыд хорз у, уый куы зониккат! Чи йæ зоны, уый мæ бамбардзæн. Йæ цард æрмæст тыхст æмæ уырыдæй чи æрвиты, алцы фаг кæмæн нæ кæны, уый цæргæ нæ кæны. Талф-тулф цард нæу. Дæ цардмæ фæстæмæ акæсынæн рæстæг куы нæ арай, уæд фидæнмæ куырмæджы цæуыс.

Ныр æртыккаг бон дæн рынчындоны. Райсом мæ рафысдзысты. Æмæ мæ нæма фæнды. Ацы бонты мæ удмæ царды хъæр куыд арф ныхъхъуыст, афтæ никуы. Не ‘фсин куыддæр дуарæй ахизы, афтæ иунæгæй аззайын æмæ, раст цыма базыртыл стæхын, уыйау мæ ивгъуыд царды бонты балæууын. Бауырнæд уæ, цы зонгæты ферох кодтон, уыдон дæр мæ зæрдыл æрлæууыдысты. Царды рæдыд кæм æруагътон, уыдоныл ногæй фæрыстæн. Фæлæ фылдæр уыдысты æхсызгон мысинæгтæ. Ногæй та фестадтæн скъоладзау лæппу, студент, родгæс, радгæс, хуымон, заводы кусæг. Мæ буарыл æрцыдысты сæрдыгон фæлмæн къæвдатæ, тынг ныххуылыдз дæн, фæлæ, быдыры донласт

æмæ бæгъæмвадæй уарыны доны лæсæнты куыд лæгæрстон, уыцы хъармдзинад зæрдæ хъыдзы-хъыдзы кодта. Уыцы æхцон хъуыдыты хъæбысы-иу боныгон дæр арæдзæ-мæдзæ кодтон.

Ныр дæр та мæ æртыккаг бон фæссихор мæ хъуыдытæ балæууын кодтой ме скъолайы азты. Мæ фыццаг æнкъарæн мыл хъарм дымгæйау æрбакалд. Дæсæм къласы ныл уалдзæг куы скодта, уæд мæ æнцой нал уагъта ме ’мкъласон чызджы цæстæнгас. Агуырдтон æй иудадзыг. Райсомæй-иу раздæр æрбацыдтæн скъоламæ æмæ йæм-иу æнхъæлмæ кастæн æдде асинтыл. Уый-иу тагъд-тагъд асинтыл суад. Æхст каст мæм-иу æрбакодта, йæ сæрæй мын-иу салам радта æмæ-иу йæ мидбылты бахудт. Цæстæнгасæй æмбæрстам кæрæдзи, фæлæ не ’хсæн ныхас никуы рауад. Æрмæст мæм иунæг хатт нæ иумæйаг хæлар чызгæн æрбарвыста: «Мæнæй цы кæны, иннæтæ йыл сæхи куы марынц».

Иннæтæ?! Бауырнæд уæ, æз сæ никуы никæй бафиппайдтон. Ныр дæр сыл иугай, хъуыды кæнгæйæ, æрзылдтæн. Æмæ цы рæстæг, цы дуг, цы заман уыди, цы! Æвзонгдзинад, йæ дидин сыфтæ гом кæнын кæмæн райдайынц, ахæм дидинæгæй уæлдай нæу. Уыцы æхцон мысинæгты уацары хуыссæджы амæттаг куыд бадæн, уый зонгæ дæр нæ бакодтон. Фехъал дæн æнæнхъæлæджы. Нæ палатæйы астæуккаг хатæнмæ дохтыртæ æрбаластой ног рынчыны, æмæ мæ уыдоны тыхст уаваер райхъал кодта.

Астæуккаг хатæны дæр хуыссыд иунæг ас сылгоймаг, рынчын иунæг уыд, фæлæ йæ йæ бинонтæ иунæг нæ уагътой. Бон-изæрмæ йæм дыууæрдæм кодтой: куы йæхи цот, куы йæ цоты цот. Хъуаг æй ницæмæй уагътой. Æхсæв дæр дзы йæ цуры хъуамæ исчи баззайа. Бæргæ сын дзырдта, æгæр арæх мæм ма цæут, ницы мын уыдзæн, дохтырты бар мæ бауадзут, зæгъгæ. Фæлæ йæм чи хъуыста. Алкæй дæр сæ фæндыд йæ уæлхъус балæууын, ныфсы хос ын фестын. Уый нымадтой сæ хæсыл. Цы йыл æрцыд, уый сæ кæрты. Зæронд усæн бирæ хъæуы? Йæ къах салд ихыл скъуырдта, размæ бахауд, æмæ йæ зæнджы къæрцц фæцыд. Хæдзары зылдтытæм æй бæргæ ницæмæ уадзынц, фæлæ бынтон æнцад дæр куыд бада къодахау. Æмæ ма уый дæр хатт суг сæттынæн куы бахъæуы.

Ныр хуыссы уæлгоммæ, йæ саст къах ивæзтæй.Йæ уаты ма йын æндæр рынчын куы æрæвæрдтой, уæд æм йæ сæр рахъил кодта: цыдæр зонгæ йæм фæкаст. Усæн дохтыртæ æмæ медицинон хотæ йæ алыварс

мамазила кодтой. Бæрæг уыд, йæ хъуыддаг хорз кæй нæу. Æгæрмæгуыр хъæрзын дæр нæ фæрæзта…

Дохтыртæ куы ацыдысты, уæд та йæм йæ сæр рахъил кодта æмæ йæм нымдзаст. Зонгæ чидæр у, куы ахъуыды кодта, уæд æм ус йæхæдæг сдзырдта:

– Мæгуыры бонтæ! Уый Азау куы дæ…

– Тауыче!?

– О, о! Тауыче

– Дæ хъæлæсæй дæ базыдтон. Ардæбон дæм мæ зæрдæ дæ иу фендæй фæкъæпп ласта. Цы кодтай? Дæ цæсгом рæсыд у!?

– Рæсыд æрмæст мæ цæсгом нæу, мæ зæрдæ æмæ мæ цард дæр иууылдæр рæсыд сты.

Уыл устытæ фæхъус сты. Азау ын йæ ныхасы уагæй банкъардта йæ уды рис æмæ йæ асхъауа, бæлвырд хабар базона, уый йæ иуæй фæндгæ нæ кодта, иннæмæй та дзы тæрсгæ фæкодта.

Уæдмæ изæрдалынгтæ кодта. Тыргътæ ныссабыр сты. Сабыр уыдис уæтты дæр. Медицинон хо нæ абæрæг кодта. Алкæй дæр нæ афарста: нæхи куыд æнкъараем, дохтыры æххуыс нæ кæй хъæуы. Куы ацыд, уæд ма æз дæр тыргъты арацу-бацу кодтон, стæй нæ палатæмæ æрбахызтæн. Сылгоймæгты уаты дуар зыхъхъырæй баззад. Æмæ та сын сæ ныхас мæ хъустæ ацахстой.

– Мæ зæгъинаг, мæ зæгъинаг! Мæрдтæм æй куыд ахæссон, Азау. Байхъус мæм æмæ йæ дæуæн уæддæр зæгъон.

Æз иууылдæр хъустæ фестадтæн. Ацы зæронд усмæ цы ис уадиссагæй зæгъинаг, мæрдтæм йемæ ахæссын æй цы нæ фæнды? Мæ къахфындзтыл мæ уатмæ бацыдтæн, йæ дуар ын зыхъхъырæй ныууагътон. Нæ уæтты дуæрттæ фæрсæй-фæрстæм иу къуымы уыдысты, æмæ мæм сæ ныхас хорз хъуыст.

– Цы кæныс, цы, Тауыче? Цæуыл тыхсыс? Хохы иу хъæуы куы бахъомыл стæм, иу скъола каст куы фестæм. Нæ къахвæндæгтыл кæрдæг куы нæма схæцыд, – ныфсы ныхæстæ йын кæны Азау, æндæр хъуыдытыл æй æфтауы.

– Цы диссаджы царды бонтæ æрвыстам! – йæ ныхас ын айста Тауыче. Чи уыди уый æнхъæл, искуы абоны уавæрмæ æрхаудзынæн.

– Ма тыхс, адзæбæх та уыдзынæ, Тауыче!

– Нал, нал, Азау! Мæ царды кæрон æрхæццæ, фæлæ мæм байхъус. Æмæ мæ кæд дæ кæддæр хæлар чызгыл нымайыс, уæд мыл дæ зæрдæ

ма фæхудæд. Алкæмæн дæр йæ амонд конд у. Кæмæ цы кæсы, уый ничи зоны. Æз дæр амондджын уыдтæн Бætæимæ. Нæ чындзæхсæвы фæндыры цагъд хæхтæ арыдта, мæ зæрдæ цæргæсау тахт сæ сæрты. Фæлæ…

Тауыче иучысыл фенцад. Йæ кæуындзæг ын йæ улæфæнтæ ахгæдта. Стæй та райдыдта:

– Дардыл дзурыны хъару мæм нал ис , æмæ хатыр. Мæ амонд мæ хъуыры раджы фæбадт, мæ бон бакæла, Азау. Куыд дын æй зæгъон, уый дæр нæ зонын. Айбæрц базæронд дæн, мæлæты къахыл дæн, уæддæр мæ ирон æфсарм æцæгдзинад зæгъын нæ уадзы…

Тауыче хæкъуырццæй ныккуыдта. Азау йæ бынаты базмæлыд. Сыстид æм, басабыр æй кæнид, фæлæ йæ къах баст у.

– Зæгъ æй, зæгъ, Тауыче, дæ зæгъинаг, æмæ дын фенцондæр уа. Ам æрмæст нæ дыууæ стæм. Мæн йеддæмæ дæ ничи фехъусдзæн.

– Бætæимæ дæс æмæ дыууиссæдз азы фæцардыстæм æмæ, Азау, нырма, – æмæ та иу цъусдуг фæхъус, стæй – Нырма чызг дæн…

– Дыууæ усы ныхъхъус сты, уат дæр бамыр. Мæнæн дæр мæ сурхид акалд. Стæй Азауы ныхас райхъуыст:

– Уый та куыд?!

– Куыд, куыд! Афтæ. Нæлгоймаджы хъомыс æм нæ уыд… Ахицæн дзы уон, уый та, иуæй, мæ сæрмæ нæ бахастон, исчи йæ куы базона æмæ мыл куы бахуда. Иннæмæй та, Бætæйæн тæригъæд кодтон. Уый аххос цы уыд, йæ ардзыхъæд ахæм уыд, сахъатæй райгуырд.

– Фæлæуу, фæлæуу! Æмæ уæд горæтмæ та цæмæн ралыгъдыстут?

– Æз æй ракодтон. Дохтыртæм. Кæд ын бынаты исты схос кæниккой. Фæлæ, куыд зоныс, афтæ. Бætæ фондз азы размæ цардæй ахицæн, æмæ уæдæй нырмæ мæ фатеры иунæгæй мæ хъиутæ фæхордтон. Зæрдæйы низ æмæ мæ туджы ælхъывдад бадомдтой. Цæстæй хорз нал уынын æмæ, зæгъын, мæ бырæттæ бырондонмæ ахæссон, абон фæсаходæн мæ фатерæй куы рахызтæн, уæд мæ сæр разылд, æмæ асинтыл бынмæ æртылдтæн. Ницыуал бамбæрстон, цы фæдæн, уымæн. Хорз, æмæ мæ сыхæгты устытæй иу фæссихор уым хаудæй ссардта. Медицинон тагъд æххуысмæ фæдзырдта. Æмæ мæхи рæстмæ ам æрæмбæрстон. Фæлæ сæр тъæппытæ хауы, дзæгъæл кæны.

Тауыче та ныхъхъус. Ницы дзырдта Азау дæр иудзæвгар.

– Азау, дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд, – райхъуыст та Тауычейы хъæлæс. – Мæ зæгъинаг мæрдтæм мемæ куыд хъуамæ ахастаин. Загътон

дын æй, æмæ мын фенцондæр, ме уаргъ цыма ме рагъæй ахауд, уыйау фæдæн.

Устыты уат та ныссабыр, иу ныхас дæр дзы нал хъуыст. Бæрæг уыд, алчидæр дзы йæхи хъуыдытыл кæй бафтыд, алкæй дæр дзы йæхи сагъæстæ, дызæрдыг хатдзæгтæ кæй хæрынц… Æræджиау Тауычейы мæллæг хъæлæс райхъуыст.

– Азау, куы ницы дзурыс? Дæ зæрдæ мыл фæхудт? Цы фæдæ? Талынджы дæ куы нал уынын.

– Ам дæн, ам, Тауыче. Ærталынг, æмæ мæ уымæн нал уыныс. Дæ хъысмæт мæ мæхиуыл дæр ныхъхъуыды кæнын кодта. Æмæ уымæн ницы дзурын. Мæнмæ дæр ис зæгъинаг, æмæ йæ уæрммæ дæр никуы ныдздзырдтон. Ныр мыл ды дæ сау диссаг кæй баууæндыдтæ, уым æй дæуæн хъуамæ радзурон.

– Радзур, радзур, Азау. Æз æй сау мæрмæ ахæсдзынæн. Кæд, мæнæн куыд фенцондæр, афтæ дæуæн дæр фенцон уаид… Зæгъинæгтæ дæ хуылфы куы дарай, уæд уыдон удхортæ сты.

– Уæдæ хъус… Æмæ мæ ды куыд фæдзæхсыс, афтæ æз та – дæу. Дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд. Цы бакодтон, уый мæ царды домæн уыд. Зоныс æй: æз дæр дæ хæдфæстæ смой кодтон Гацыræй. Нæ чындзæхсæвы дæр куы уыдыстут, иу скъолайы куы ахуыр кодтам. Гацыр махæй – дыууæ къласы уæлдæр Фæсададжы хъæуæй уыд. Ærвылбон дæр æй скъоламæ дардæй цæуын хъуыд нæ хæдзары рæзты. Æмæ-иу арæх баиу стæм. Афтæмæй кæрæдзи хуыздæр базыдтам æмæ бахæлар стæм. Скъолайы фæстæ механизаторты училищейы ахуыр кодта. Æмæ уыцы рæстæг банкъардтон, æрмæст хæлар мын кæй нæ уыд – мысыдтæн æй бонæй-бон тынгдæр. Алы сабаты дæр изæрæй йе ’рбацыдмæ æнхъæлмæ кастæн. Фæсададжы хъæумæ нæ рæзты уыд йæ фæндаг. Йæ фендæй мыл-иу хур ærбакаст. Йæ размæ-иу рауадтæн. Уый-иу ныфсæрмы. Хъазæн ныхæсты бын-иу æй фæкодтон. Никуы мæм смæсты. Тызмæг ныхас йæ удыхъæды нæ уыд. Мадзура, фырнымд. Æз нæма æмбæрстон, афтæ æнувыд ыл цæмæн дæн, уый. Уарзондзинад цы у, уый нæ зыдтон. Фæстæдæр дæсæм къласы фемæхстис мæ риуы.

Педтехникумы ма ахуыр кодтон, афтæ мæ бацагуырдта – æрбарвыстой сæ минæвæрттæ. Соцъиты хæдзары мæ амонд бæргæ ссардтон, фæлæ уый къахыр разынд. Фондз азы нын цот нæ рацыд. Гацыры сусæгæй мæхи дохтыртæн фенын кодтон, æмæ мæм аипп не ссардтой. Аххос дæ лæгмæ ис, зæгъгæ мын-иу загътой, æрбакæн æй

æмæ йæ фенæм. Фæлæ куыдæй?.. Куыд ын зæгъон? Куыд æй сразы кæнон? Мæ мидхъуырдухæны уыцы хъуыддагмæ мæ ныфс нæ бахастон. Дæу аххос у, зæгъгæ йын дохтыртæ куы зæгъой, куы нæ йæ сдзæбæх кæной, æмæ йæхимæ куы ныхъхъуса. Лæгтæ сывæллæттæй уæлдай не сты. Стыр сывæллæттæ. Æдзух сыл аудын хъæуы. Зæрдæхсаинаг сты. Бонтæ, азтæ куыд цыдысты, афтæ мæм мæ уавæры зын тынгæй-тынгдæр хъардта. Уæлдайдæр-иу, Гацыры искæй сывæллæттæм сæркъулæй кæсгæйæ куы федтон, уæд. Æмæ сфæнд кодтон, Тауыче, ды æнхъæл кæмæн нæ дæ, ахæм хъуыддаг.

– Уагæры цы, Азау?! – бацымыдис Тауыче.

– Куыд цы? Æндæр искæмæй ныййарын.

– Тобæ, тобæ! Æмæ уый дæ сæрмæ æрхастай? Уæд ма Гацыримæ та куыд цардтæ?..

– Сæрмæхæссинаг бæргæ нæ уыд, фæлæ дын раздæр куы загътон: уый мæ царды домæн уыд. Æмæ цæмæй мæ лæджы мыггаг макæимæ схæццæ уа, уый тыххæй равзæрстон нæ дыккаг хæдзары усгур лæппуйы. Мæгуырæг, цæмæй зыдта, сылгоймагмæ хæйрæджы уды æууæлтæй цыдæртæ кæй ис, уый. Мæ цæст ыл æрæвæрдтон. Арæхдæр ыл æмбæлын райдыдтон, хъазæн фæсномыг ныхæстæй йæ рæвдыдтон. Мæнæй цалдæр азы кæстæр уыд, фæлæ – бæрзонд, уæнгджынтæ… Мæхиуыл æй æрæууæндын кодтон. Ныфс мæ дзы бацыд. Æмæ мын иуахæмы фадат фæци… Фæсрагъмæ иунæгæй хоскæрдынмæ ацыд. Йæ мад ын сихор куы фæцæйхаста, уæд аивæй йæ размæ рауадтæн. Ды цæмæн, æри æз ын æй сдавдзынæн, зæгъгæ йын куы загътон, уæд ма мын арфæтæ дæр фæкодта.

Фæсрагъы сæ хосгæрст тынг дард нæ уыд, æрхы фале, фæлæ хъæуæй, фæндагæй – фæсвæд ран. Уайтагъд æм схæццæ дæн. Уый мæ куы федта, уæд йæ кæрдын ныууагъта æмæ, йæ донгарз кæм уыд, уырдæм ærбацыд. Æз дæр… Байрай йын загътон. Бузныг, зæгъгæ, бакодта. Фынгæн урс хæцъил ногкарст кæрдæгыл æрытыдтон. Лæппу йæ къухтæ æхсыныл фæци. Æз ын дон æркодтон. Йæ цæсгомы хидтæ дæр æрæхсадта. Ærбадтыстæм фæрсæй-фæрстæм. Йæ мад ын сихорæн цы æрцæттæ кодта, уыдон ын хæрзадæн бахæрын кодтон. Стæй йæ мæхиуыл сардыдтон. Тауыче, нæлгоймæгтæ уыцы хъуыддаджы лæмæгъ сты – уайтагъд ацæттæ вæййынц æмæ сæхи бауромын нал фæфæразынц. Фæлæ æз уый фæстæ цы бæллæхы бахаудтæн, уый мæ цæст никæмæн уарзы. Йе ’муд куы æрцыд, йæ худинæг куы бамбæр-

ста, уæд мæм раздæхт æмæ мæ фыднад фæкодта. Маргæ мæ кодта. Йæ къухтæй ма тыххæйты аирвæзтæн. Хызыны къустæ, тæбæгътæ бакалдтон æмæ кæс: дæлæ фæлидзын.

Æрхы цæугæдоны мæхимæ бæргæ базылдтæн, фæлæ мæ тарстхуыз уæддæр не ссыд. Цы кæныс, исты дæ риссы, зæгъгæ, мæ-иу исчи уынджы куы афарста, уæд-иу загътон: «Дæлæ æрхы фæбырыдтæн æмæ доны ныххаудтæн».

Гацыр уыцы бон куыстæй æрæгмæ æрцыд – механизаторæн хохы дæр бирæ куыст ис. Мæнæн та скъолайы каникултæ уыд. Мæхи йæм рухсмæ равдисын мæ цæсгом нал бахъæцыд. Ме ’фсинæн рынчыны ’фсон скодтон æмæ нæ уаты хъæццулы бын мæ худинаг бамбæхстон.

Дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд, Тауыче. Афтæ куы нæ бакодтаин, уæд æз дæр абон дæ уавæры уаин. Ныр та мын ис фырт, чындз, цоты цот. Ныртæккæ та дзы искæй ардæм хъæуы: æхсæв мæ иунæгæй нæ уадзынц.

– Нæ, нæ, Азау! Раст бакодтай. Ды мæнæй зондджындæр, тыхджындæр разындтæ. Бæтæйы сывæллон райсын дæр нæ бафæндыд…

– Гацыры цур къæмдзæстыг уыдтæн. Æмæ мæхи сраст кæныны охыл сусæг-æргомæй бирæ фæархайдтон, цот мын дзы куы рацыдаид, ууыл. Фæлæ никуы æмæ ницы. Ме фсин мын мады хуызæн уыд. Уый мæ бирæ цæуылдæрты сахуыр кодта. Æмæ мын иуахæмы афтæ зæгъы: «Хъусыс, мæ чындз, дæ чызгон мыггаджы дæр макуы рох кæн, фæлæ де ‘цæг мыггаг у, дæ фырт кæмæй у, уый. Æз дæр æндæр мыггагæй дæн, фæлæ адонмæ базæронд дæн, цот адонмæ ныккодтон. Алы мыггагмæ дæр хицæн миниуджытæ ис, æмæ сыл ахуыр кæн. Уыдон сæ туджы сты, Гацыры æмæ дæ фырт Ауызбийы туджы дæр». Кæсыс, Тауыче, мæ лæджы мыггаг ницæмæй фæчъизи кодтон, сæ туг сын никæимæ схæццæ кодтон. Уый мын ныфс лæвæрдта Гацыримæ мæ цард аразынмæ.

Куыддæр мæхимæ мæ зæрдæ фехсайдта, афтæ сфæнд кодтон, абон цы хъæуы цæрын, горæты фарсмæ, уырдæм цæрынмæ ралидзын. Мæ мады ’рвадæлтæ дзы цæрынц, æмæ мын зындгонд уыд, мæ зæрдæмæ тынг цыд. Фæлæ йæм æрмæст уый тыххæй нæ лыгътæн. Нæ дыккаг хæдзары лæппуйæ дардмæ лыгътæн. Йемæ фембæлынæй, йæ цæстæнгасæй тарстæн, мæ худинагæй дардмæ лыгътæн. Гацырæн бакой кодтон. Бæргæ йæ нæ фæндыд йæ фыдæлты уæзæгæй сыстын, фæлæ йæ æз уагътон?..

Æмæ дзы ницæмæй фæрæдыд: нæ цард ам хуыздæр ацыд. Мæ уд дæр ын лæвæрдтон, мæ уд! Цæмæй йæ разы къæмдзæстыг ма уыдаин, фæлæ мын дыууæ азы размæ фæндаджы фыдбылызы бахаудт æмæ …

Азауæн йæ зæрдæ суынгæг, йæ хъуыр ахгæдта æмæ дзурын нал сфæрæзта.

– Цы кæнæм? Цы нæ бон у? Алкæй дæр нæ мæлын хъæуы. Кæй – хæдзары йæ сынтæджы, кæй та – фæндаджы фыдбылызы, – æрбадзырдта йæм Тауыче.

Уыцы уысм нæ палатæйы дуар фегом, æмæ дзы Азауы цотыцот æрбагæр-гæр кодтой. Рухс ссыгътой æмæ сæ Нанайы ныхасы бын фæкодтой:

– Нана, Нана, Баба дохтырмæ ныхас кæны, æмæ дæ райсом нæхимæ уадзы. Уым дæ нæхи дохтыр дзæбæх кæндзæн. Æцæг дын дæ гипс ам исдзысты. Баба дæ æрбаласдзæн, – кæрæдзи дзыхæй исгæ дзырдтой йæ хъæбулы хъæбултæ. Уæдмæ сæ мад дæр мидæмæ æрбахызт.

– Хъæлæба ма кæнут, Нана иунæг нал у, уый нæ уынут? Æфсæрмы цæуылнæ кæнут! - бауайдзæф сын кодта мад.

Уадз сæ, уадз, а зæххыл сывæллæтты хъæлæбайæ хуыздæр ницы ис. Сæ цинæй бафсæдай, - сдзырдта Тауыче.

– Адон цы дзурынц, уый раст у? – фæрсы йæ чындзы Азау.

– О, о. Ахсæв ма, æмæ райсом – нæхимæ. Къуыри, дам ын фаг у.

– Ды ахсæв ам мауал баззай, мæ къона, кæсыс, иунæг нал дæн. Æмбал мын ис. Сывæллæтты райсом скъоламæ цæттæ кæнын фæхъæуы, æмæ Ауызби тæригъæд у.

– Сывæллæттæ чысылтæ нал сты. Тамарæ сын мады хуызæн куы у. Бадт ус ыл дæхæдæг нæ сæвæрдтай. Сæ хистæр у.

– Мæ чызг хорз чызг у, бирæ йæ уарзын æмæ йын тæриъæд кæнын, – райхъуыст Азауы ныхас. Æмæ бæрæг уыд, йæ фырты чызджы йæ хъæбысы кæй æрбакодта.

Уыцы изæр ма бирæ фæтох кодтой, цæмæй йæ чындз йемæ баззайа, ууыл. Ауызби дæр ма сæ фарс рахæцыд. Фæлæ сын Азау нæ бакоммæ каст. Йæ зæрдæ Тауычемæ æхсайдта. Цыдæртæ зæгъын ма йæ фæндыд кæд, зæгъгæ. Стæй йын йæ цæсгомы рæсыдмæ дохтырты зæрдæ тынг æхсайдта. Йæ сæр хуыдиртæст фæци, райсоммæ йæ цæсгомы рæсыд куы не ’рцæуа, уæд йæ хъуыддаг хорз нал у, зæгъгæ. Уый мæ хъустыл дæр æруад. Медицинон хойы дæр ма афарстон. Æмæ йыл, мыййаг, исты куы æрцæуа, уый цæмæн хъуамæ фена йæ чындз.

– Ацæут уæ хæдзармæ. Ахсæв иунæг нал дæн. Истæмæй куы тыхсон, уæд медицинон хомæ фæдзурдзынæн, – хъæддыхæй сын загъта Азау æмæ йын бинонтæ æвæндонæй сæххæст кодтой йæ бардзырд.

Уыцы æхсæв ма дыууæ усы кæрæдзийæн цытæ радзырдтой, сæ цардæй цы ивгъуыд хабæрттæ æрымысыдысты, уыдонæй æз ницыуал фехъуыстон: чындз сыл æнгом дуар бахгæдта. Фæлæ, цы фехъуыстон, уыдон фагæй фылдæр сахадыдтой ме 'нкъарæнтыл. Уæгъд мæ нал суагътой, æмæ та мæ-иу сирвæзт: «Хъæбатыр сылгоймæгтæ!..» Кæцы дзы хъæбатырдæр уыд, уый не 'взæрста мæ зонд, æмæ тыхстæн. Сæ дыууæйы цармы-иу радгай бабырыдтæн. Сæ утæхсæнтæ сын æвзæрстон мæхиуыл. Фæлæ мæхимæ мæхицæн дзуапп не ссардтон.

Афтæ фæсæмбисæхсæвмæ фæхъуырдухæн кодтон. Стæй ныффынæй дæн. Фынæй та ахæм, æмæ райсом раджы не 'фсины æрбацыд дæр нал базыдтон. Уый мæ æрыхъал кодта.

– Нæ лæг. Æгъгъæд дын у ам хуыссын, – дзуры мæм. – Мæнæ дæ уæлæдарæс, æмæ нæхимæ… Фыдбылызæй цас дарддæр уай, уыйбæрц хуыздæр.

– Цавæр фыдбылызы кой кæныс, усай?

– Уæртæ дæ фарсмæ иу ус амард, æмæ йæ моргмæ фæласынц. Ничи йын ис, мæгуырæг, æмæ йæ уый фæстæ йæхиуæттæй кæд исчи йæ сыджытыл сæмбæлын кæнид.

Æз иудзæвгар дзурын нал сфæрæзтон. Стæй мæ дзыхæй сирвæзт:

– Амард?...

– Амард, амард. Йæ мæгуырдзинад мын, йæ фарсмæ чи хуыссыд, уый ракодта. Йæхи йыл хæры.

– Куыд сабырæй фæцард, йæ гуыргъахъ фæндæгтыл æнæхъинц уæрдонау куыд никæй бахъыгдаргæ фæцыд, афтæ дзы æнæ схъæрзгæ, æнæ сыппæй ахицæн, – тæфæрфæсгæнæгау бакодтон æз.

– Ды та йын цы зоныс? – афарста мæ не 'фсин.

Ницы, зæгъгæ йын бакодтон æмæ мæхи нæ хæдзармæ цæттæ кæнын райдыдтон.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

ÆНÆ АХХОСÆЙ АХХОСДЖЫН

Новеллæ

Ацы хабар æрцыд Ирыстоны Уæрæсемæ баиу кæныны размæ, ирон адæм ма хæхбæсты хъизæмары цардæй сæ бонтæ, сæ азтæ куы тыдтой, уæд. Æмæ æппæт зынтæн дæр ныффæрæзтой сæ зæрдæйы хорзæх, уды фидар, адæймагдзинады рæсугъд æнкъарæнтæ æмæ сæ кæрæдзийæн аргъæнæг хъуыдыджын æгъдæутты фæрцы.

Уæлхох быдыр. Хъомвос æмæ бæхты рæгъау батыгуыр сты иу фæзы. Бæхтæй иутæ хизгæ кæнынц, иннæтæ ривæд кæнынц, лæугæйæ. Кæцыдæртæ дзы сæ къубалтæ кæрæдзийыл дзуарæвæрд скодтой æмæ рæдзæ-мæдзæ кæнынц.

Хъом æмæ фос тъæпæн хуыссынц цъæх нæууыл, æмæ ма дзы кæцыдæртæ сынæр цæгъдынц, иннæтæ тарф фынæй баисты. Мæй сыл йæ зæрин тынтæ луары, йæ цалхыдзагæй æрцауындзæг сæ сæрмæ. Сæ фæйнæфарс – дыууæ егъау фыййау куыдзы. Сæ хъустæ – лыг, къудатæ. Къæбылайæ сын сæ ахауын кодтой, цæмæй сын стырæй бирæгъимæ, арсимæ хæцын æнцондæр уа – сæ хъустæм æмæ къæдзилмæ сын фæлæбурынц. Æмæ сæ рисæн та куыдз нæ фæразы.

Рæстæг æмбисæхсæвæй фæкъул. Æппæт дæр у сабыр. Æрмæст чысыл серка куыдз æнцой нæ зоны. Æхсæв фос кæй быгъдуан вæййынц сырдæй сæ бахъахъхъæныны охыл, уый – бæзæрхыг, саджы фисынтыл амад Артуд – йæхицæн цы халгъуд сарæзта, уый алыварс хъырнгæ рæстæгæй-рæстæгмæ æрзилы. Хуыссæг ыл нæ хæцы, зæрдæ цæмæдæр æхсайы, æнкъары, æмæ серка куыдзы рæйдмæ йæ хъус дары. Сырдæй тæссаг куы вæййы, уæд æй фыццагдæр уый базоны, стæй ныффæдис кæны, йæхæдæг бамбæхсы. Фæдисы та абырсынц æртæйæ: дыууæ егъау куыдзы æмæ Артуд йæ хъыримагимæ. Уайтагъд кæмтты уæлвонгæй айхъуысы куыйты бæзджын рæйд, стæй та – хъыримаджы нæрын. Сæ фосы алыварс æрзилынц, æрбангомдæр сæ кæнынц æмæ сæм сæ цæст суанг боны срухсмæ цырддзастæй фæдарынц.

Артудмæ хъыримаг кæй ис, æхсæв æй уæлхох хизæнты, сæрвæтты иунæгæй дæр уымæн ныууадзынц. Хъыримагæн æрмæст йæ хъæрæй

дæр сæргой фæвæййынц бирæгътæ, арс дæр, хъуырхъуыргæнгæ, аздæхы йæ фæндагыл. Йæ баба йын æй Мадзарæй сласта. Уырдæм дыккаг хатт нæмгуытæ, топпыхос æмæ 'ндæр дзаумæттæ ласынмæ йæ саргъы бæхыл куы ацыд, уæд фæстæмæ нал сыздæхт, цыдæр фыдбылыз ыл æрцыд. Æмæ хæдзары уæз, бинонты царды мæт, сагъæс йæ мадыл æрæнцадысты. Уый, – цалынмæ Артуд нæ ралæг, уæдмæ. Уымæй размæ дæр æхсæрдæсаздзыдæй хоскæрæдæг, хъæддзау æмæ фыййауæн бæззыд. Йæ кæстæр Алæгыл дæр ныр фынддæс азы цæуы, æмæ æнайы цумайы лæппуйæ басгуыхт. Алæг ном дæр ыл уый авæрдта – мады ном. Куыд тагъд мын алæг ис, зæгъгæ. Йе 'цæг ном, йæ номæвæрæн куывды йыл цы ном сæвæрдтой, уый та Соси у. Æниу, йæхи Артуд ном дæр йæ мады æвæрд у. Цумамæ æнæзивæг кæй уыд, куысты, хъуыддаджы фыцгæ кæй кодта, уымæ гæсгæ-иу мад арæх дзырдта: «Ай арт уд у, арт уд! Йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцы...» Æмæ йæ бинонтæ, сыхбæстæ, хъæубæстæ, стæй комбæстæ æмæ иннæтæ дæр Артуд хонын райдыдтой. Йе 'цæг ном Дзодзи йын бинонтæй æддæмæ зонгæ дæр ничиуал кæны.

Артуд йæ халагъудæй хъахъхъæны йæ хъомвосы рæгъау. Бæрнон хъуыддаджы лæуд у: æнæхъæн комбæсты фос йæ бæрны сты. Сæ ком егъау нæу, цæрынæн зынвадат у, æрмæст хуымзæхх нæ, фæлæ дзы нæ фаг кæны хосгæрсты тъæпæнтæ æмæ сæрвæттæ дæр. Ам, уæлхох быдыры, сæрдыгон фæхизынц сæ фос, хъом æмæ сæ хайуантæй, куыстæн чи нæ фæбæззы, уыдоны. Хос дзы ныккæрдынц. Зымæг мит куы рауары, уæд æй сæ зымæгон скъæттæм мæхъитыл нылласынц æмæ сæ цы хъомвос фæдарынц, уыдонмæ ныхстæры цæуынц радгай. Цардамæлттæ кæнынц, уæдæ цы... Хохæгтæ уæлдай тынгдæр фæлмæцынц хорхъуагæй. Фылдæр æй ласынц быдыræй, сæ хъомвосы хуыздæртыл, бæхтыл æй ивынц фæззæг.

Уый тыххæй сæ сæрд дзаджджындæр бынæтты фæхизынц уæлхох быдырты, цъититы дон, суардæттæ сын фæдарынц. Артудæн ныридæгæн бæрæг сты, йе стуртæ æмæ бæхтæй хорыл кæцытæ ивдзæн, уыдон. Æмæ быдырмæ фæндаг дæр æдас нæу. Куыддæр комæй ахызтæ, афтæ дзы абырæгæй тæссаг у. Иунæг куы уай, кæнæ хæстхъом куы нæ уай, уæд дын дæ фос байсдзысты, уый иу, иннæмæй, дæхæдæг дæр ласгæ мард фæуыдзынæ... Уый зонгæйæ, комæй иунæгæй иу дæр йæ фындз нæ адары. Бакъордтæ-къордтæ вæййынц иумæ. Бабайæн дæр æмбæлттæ куы уыдаид, уæд ма абон дæр нæхимæ нæ уаид?..

Ахæм хъуыдытæ зилдух кодтой Артуды сæры. Æмæ йын сæ 'випайды асырдта йæ серка куыдзы фæдисы рæйд. Дынджыр куыйтæ

дæр срæйдтой, фосы алыварсмæ æнгомдæр сæхи байстой. Артуд йæ хъыримаг райста æмæ халагъудæй рахызт. Фосы размæ дæлæмæ атагъд кодта. Куыйтæ фæныфсджындæр сты, сæ рæйд фæтыхджындæр. Иу дзы кæмæдæр абырста. Серка та халагъуды фæмидæг.

Уыцы иу рæстæг фæцыд дыууæ гæрахы. Артуды хъустæ ма йæ куыдзы хъыллист ацахстой, стæй карст куырисау зæххыл æрхауд æмæ иуцъусдуг цыдæр фæци. Йæхи æрæмбæрста йæ дыккаг куыдзы æрдиагмæ. Тыхгæнджытимæ тохы бацыд, йæ хицауы 'рдæм сæ нæ уагъта, æмæ та ууыл дæр топп ныццавтой. Артуд йæ хъыримаг, дæлгоммæ хуысгæйæ, йæхимæ æрбайста. Иумæ дзы ныхъхъавыд. Фæцыд гæрах, æмæ лæг фæуæлгоммæ. Йе 'мбал æм куыд æргуыбыр кодта, афтæ та уымæ дæр ныхъхъавыд, æмæ уый дæр йе 'мбалыл æрхауд.

Дарддæр фæлгæсы, мæйрухс йæ куыст кæны, æмæ йæм йæ фос армытъæпæныл æвæрдау зынынц. Æрмæст йæ иу фарсыл фæлдæхтæй хуыссы, йæ сæрыл цы куыдз стох кодта, уый. Иудзæвгар алырдæм фæлгæсы. Стæй, серка куыдз йæ уæлхъус куы алæууыд, уæд бамбæрста, абырджытæ дыууæйæ фылдæр кæй нæ уыдысты. Йæхиуыл хæрдмæ схæцæгау кодта æмæ галиу къахы рыстæй ныккæрзыдта. Нæмыг уæрагыл сæмбæлд æмæ уæраджы чъири ахаста. Тугæй кæрдæг схъулæттæ. Йæ хæдон йæ уæлæйæ феппæрста æмæ дзы йæ къах бæтты, йæ туг бауромыныл архайы.

– Гъей!!! Гъей!!! Цы хабар у?! Уый цавæр топпы гæрæхтæ сты? – дардæй ацахстой йæ хъустæ кæйдæр удаист ныхæстæ. Æмæ сыл фыццаг нæ бауæндыд. Стæй йæм Уастырджийы ныхæстæ фæкастысты, æмæ, йæ бон цас уыд, уыйбæрц хъæрæй скуывта:

– О, тыхст адæмы сæрылхæцæг Уастырджи, табу дын! Мæ уд дæ фæдзæхст!

– Кæм дæ? Фæцæуæм дæм, фæцæуæм! – æрбайхъуысти та йæм.

– Мæнæ, мæнæ! – ныхъхъæр кодта æмæ та Уастырджимæ кувыныл фæци. Йæ хъæрмæ серка куыдз дæр йæ цурæй фæдисы райд кæнын райдыдта, æххуыс агуры. Йæ хицауыл æнувыд кæй у, уый æвдисы, йæ алыварс рæйгæ зилы.

Уалынмæ уæлхохы 'рдыгæй дыууæ лæджы æндæргтæ зынын райдыдтой. Куы йæм æрбахæццæ сты, уæд ма сæ цы базонын хъуыд: Фаллаг комы цуанæттæ. Цуан кæнгæйæ, иу æмæ дыууæ хатты нæ фембæлдысты.

– Артуд, цы хабар у?! – фæцырд сæ иу.

– Хуысгæ цæмæн кæныс? – афарста йæ иннæ.

– Ай Габо æмæ Бибо куы стут. Кæцæй фестут? Хуыцау сын нæй ацы абырджытæн, нæ хæхтæм дæр бырсын райдыдтой. Маргæ мæ кодтой, маргæ, мæ фосы тыххæй, – дзуры сын æмæ къухæй амоны йæ къахмæ. – Мæ галиу къах ныппырх сæ нæмыгæй. Йæ туг ын исты хуызы куы бауромиккам.

Цуанæттæ йæм февнæлдтой æмæ йæ халагъудмæ бахастой. Стæй йæ фæрсынц:

– Дæ марджытæ цы фесты? Лидзгæ акодтой?

– Нæ! Дыууæ уыдысты. Мæ дыууæ куыдзы мын амардтой. Мæн дæр бирæ нал хъуыд, фæлæ мын мардæнхъæл уыдысты, æвæццæгæн. Мæ куыдз мæм сæ ’ввахс не ’рбауагъта. Уæдмæ мæхи æрæмбæрстон æмæ сыл мæ хъыримаг ауагътон. Дæлæ дæлдæр кæрæдзиуыл фæлдæхтæй хуыссынц.

Цуанæттæ мæрдтæ рахъил кодтой, æмæ Габо афтæ:

– Адон махæй куы сты, магусайæ цæлуарзаг дыууæ ’фсымæры.

– Сæхи никуы фæриссын кодтой, сæ астæутæ куыстмæ нæ тасыдысты, – загъта Бибо. – Иухатт немæ цуаны куы рацыдысты, уæд нын хæссинаг куы фесты. Ныр искæй фæллой давынмæ сæ ных сарæзтой. Цы агуырдтой, уый ссардтой...

– Уый афтæ фæуæд, фæлæ махæн нæ цуан фæмæнг: тæрхъус ныл амбæлд. Артуд, стæй нын ацы дыууæ марды дæр ам уадзинаг не сты, – загъта Габо. – Æз Артуды комбæстæм фæфæдис кæндзынæн. Ды та нæхиуæттæн фехъусын кæн ацы æнамонд хабар. Цæй мæгуыр сты сæ зæронд мад æмæ фыд, иунæгæй æвæгæсгæй чи аззад. Сæ фырттæй хъуыддаг дæр ничи бакодта.

Дыууæ комы дæр фæфæдис сты уæлхох хизæнтæм. Артуды комбæстæ бирæ æввахсдæр уыд, æмæ йæ сынтхъилтыл сæхимæ ныххастой. Сæ хъомвосы фалдæр атардтой, куыйты мæрдтæ æрхы ныппæрстой. Дыууæ ’фсымæры та цъæх нæууыл равæрдтой, æмæ сæ уæлхъус цалдæр лæгæй фыдохы лæуд æркодтой. Фаллаг комы фæдисæттæ уæлвæзмæ куы схæццæ сты, уæд, кæрæдзийæн тæфæрфæс ракæнгæйæ, куыд уыди, цы уыди, чи сæ амардта, фарстатæ сарæх сты. Фæлæ хъуыддаг Артуд æмæ дыууæ цуанонæй хуыздæр ничи зыдта.

Уыдоны фæрцы рæстдзинад сбæрæг. Фæлæ... Рагзаманты дзæгъæл гæрахæй нæ, фæлæ-иу, адæймаг мард кæй хæцæнгарзæй æрцыд, уый дæр туджджыныл нымадтой. Хæрам райхæлд дыууæ комы, дыууæ

мыггаджы ’хсæн. Кæрæдзиуыл нал æууæндыдысты. Артудæн йæ цæф кæрдæджытæ æмæ арсы сойæ куы сдзæбæх, уæд йæ фæдыл зылдысты. Йæ мыггагмæ йын æртхъирæнтæ кодтой. Дыууæ мыггаджы ’хсæн адæммæ нымад лæгтæ хатæг ныллæууыдысты бафидауыны тыххæй, фæлæ тугисджытæ ком нæ лæвæрдтой. Сæхиуæтты азым æмбæрстой æмæ алы æфсæнттæ кодтой. Уæдмæ сæ цыракæнон фæсивæдæй чидæртæ хъæхъхъæгæй-хъæхъхъæгдæр кодтой. Фæлæ дзы Артудмæ æргом рацæуынмæ йæ ныфс ничи хаста. Хъыгдардтой йын йæ мыггаджы, уæззау цæфтæ дзы фæкодтой цалдæр лæппуйы.

Иуахæмы сын фæсæхсæвæр сæ кулдуар чидæр æрбахоста. Ирон адæммæ æнафоны уазæгмæ сылгоймаг ракæсы; уæд та сæм сæ туджджынтæй исчи лæг марынмæ æрбацыд, зæгъгæ. Сылгоймагæй та туг исын стыр худинаг уыд. Артуды мад йæ цырагъимæ кулдуар бакодта, æмæ дзы – ничи. Цырагъ йæ сæрæй бæрзонддæр систа, цæмæй йæ рухс дæрдтыл акæла, æмæ сæм чи хоста, уый фена.

– Чи дæ?! Дæхи цы ’мбæхсыс?! – куыд ахъæр кодта, афтæ гæрах фæцыд, æмæ нæмыг, цырагъ кæцы къухы уыд, ууыл сæмбæлд. Артуд йæ хъыримагимæ рагæпп ласта. Цырагъ ныппырх, къухы туг æркалд. Гæрах кæцырдыгæй фæцыд, уыцырдæм цалдæр æхсты фæкодта, фæлæ дзы сыбыртт дæр нæ райхъуыст. Фыдгæнæг зæххы скъуыды ныххауæгау æрбацыдæр. Мад йæ фыртмæ фенæлдта æмæ йæ кулдуарæй фæмидæг кодта.

Къухы цæф сдзæбæх, кæд ыл арф нос баззад, уæддæр. Нос баззад Артуды зæрдæйы дæр, иудадзыг дудгæ чи кодта, ахæм нос. Йæхицæн бæргæ нæ тарст, фæлæ йæ мæт, йæ сагъæс уыдысты йæ иунæг æфсымæр Алæг æмæ йæ мад Æна. «Уыдонæй искæуыл исты куы æрцæуа, уæд мын мæ цард ад нал скæндзæн, æмæ мæ мæхи марын хъæудзæн. Фæлтау мæ исчи амарæд», – арæх-иу йæхимидæг йæхицæн ахæм тæрхон рахаста. Нал æй æндæвта, ныр æм афæдзы дæргъы куырдуаты чи æнхъæлмæ кæсы, уый дæр. Уый та ма цы æнамонд кæнон – чындзæхсæв скæнын йæ хъуыдыйы дæр нал уыд. Æна-иу ын бæргæ дзырдта, мæнæ куы бафидауæм, уæд нæ чындзы æрхæсдзыстæм, сæ бинонтæй, сæ мыггагæй худинаг у, зæгъгæ. Уæд æм-иу Артуд æрхатыд:

– Æна, хистæр лæгтæй сæм искæйты барвит, æмæ сæ хатыр ракурæнт. Зæгъæнт сын, мах ныр туджджынтæ стæм æмæ уæ аккаг нал стæм. Уадз æмæ сæ чызгæн æндæр амонд агурой.

Артуд уæлдай тынгдæр йæхимидæг сызнæт йæ мады къухы цæфы фæстæ. Йæ мыггагæй дæр æфсæрмы кодта. Никуы йæ ницæмæй фæ-

худинаг кодта. Ныр дзы дыууæйæ уый фыдæй цæфтæй хуыссынц. Гъе, фæлæ Алæгмæ комкоммæ бакæсын дæр нал фæразы. Бæхыл бадын, хос кæрдын, хуым кæнын, суанг салам дæттын дæр ын йæхæдæг бацамыдта. Алы ранмæ йæ йемæ кодта, йæ хæлæрттæ йыл уыдысты иузæрдион, нымадтой йæ, хуыдтой йæ семæ балцы, чындзæхсæвмæ, куывдмæ.

Ныр ын йæ фæндаг йæхæдæг æрæхгæдта. «Æмæ аххосджын та цæмæй дæн? – араех йæхи афтæ бафæрсы. – Мæхи сын амарын кодтаин? Нæ комбæстæйы хъомвос сын сæ разæй скодтаин? Æз сæм куы нæ ныббырстон? Фыццаг æхст дæр мæ уыдон куы фæкодтой. Цы агуырдтой, уый ссардтой. Зæхкусæджы, фосдарæджы тугхæццæ хидæйдзаг фыдæбонмæ чи ныхилы, уый хъуамæ ма райгуыра. Куы райгуыра, уæд та ма цæра».

Бæргæ-иу йæхи рæстытæ кодта, фæлæ йын дзы ницы уад. Æмæ уæд иу изæр йæ мадæн афтæ зæгъы:

– Æна, æз ардыгæй райсом цæугæ кæнын. Мæ бæх, мæ саргъ цæттæ сты. Дард балцы цæуын Мадзармæ. Мæ фыды бацагурон. Кæд ын ссарин йæхи, кæнæ йæ марæджы. Ды адæмыл ахъæр кæндзынæ ацы хабар. Æмæ, Фаллаг коммæ куы бахæццæ уа, уæд дзы чидæртæ кæд мæ фæдыл рацæуид. Кæд нæ, уæддæр, æз ам куы нал уон, уæд ныссабыр уыдзысты.

Мад йæ усгур фыртыл йæхи, кæугæйæ, ныттыгъта æмæ йын дзуры:

– Ма бакæн, мæ хъæбул, афтæ… Дæ фыд мын мæ сæр сурс кодта. Ды та мын мæ зæрдæ скъуыныс.

– Æна, ма тыхс. Æз дæм иуахæмы здæхдзынæн. Сымах Алæгимæ уæхи хъахъхъæнут фыдбылызæй. Нæ уыныс, цы уаваеры стæм, уый? Æндæр гæнæн мын нæй. Афтæмæй сæ маст ссæудзæн, æмæ Алæг, стæй мыггаг дæр æдас уыдзысты.

Нæ разы кодта мад йæ хъæбулы ацыдыл, йæ зæрдæ йæ йæ цураей нæ уагъта, тарстис ын. Мады зæрдæ зонаг у. Артуд цы фæндыл нылæууыд, уый цæмæйдæр æнкъардта. Алæг дæр йæ мады фарсмæ балæууыд. Хатынц æм, курынц дзы, домынц дзы. Уæд Артуд иуахæмы йæхи фæмæстыхуыз кодта æмæ тызмæгæй сдзырдта: «Алæг! Дæуæн та æз цы зæгъын, уый зоныс?! Ныр æцæг лæг 'дæ æмæ гогызау дæ фындз ма æруадз! Ды ам Æнайы цур уыдзынæ Бабайы æмæ мæ бæсты дæр. Мæ хъыримаг, Бабайы ælхæд хъыримаг, мæ хорз худ, чындзæхсæвмæ цæуæн уæлæдарæс, къахыдарæс дын уадзын. Стæй ма, – бахудти йæм. – Мæ гутон, мæ галтæ, мæ уæрдон…

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг, Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл нывгæнынады училищейы директор Фидараты Фидарыл сæххæст 50 азы. Ирон нываивады рæзтмæ цы æвæрæн бахаста, уый тыххæй йæ нæ республикæйы сæргълæууæг Битарты Вячеслав схорзæхджын кодта майдан «Ирыстоны намысæн»-æй.

Фидары нывтæ сты хигъæдон. Æвдыст сæ цæуы ирон адæмы цард, культурæ, хиæмбарынад. Ис се 'хсæн хъæлдзæг нывтæ дæр ирон адæмы цардæй. Нывгæнæг кæттагыл кæм йæ мидбылты худы, кæм бахауы сагъæсты, кæм та ацæуы арф философон хъуыдыты. Йæ æрмдзæф бæрæг дары ахорæнты уæрæх сæрстытæ æмæ хиуылхæст хуымæтæг колоритæй.



Кувæндоны



Тыхныхас



Уæларвмæ асин



Адæмæй рох Сыгъдæг Дзуар



Куыройгæс Бибо



Базармæ




Тутитæ уæйгæнæг



Цуанонтæ



Пасифая



Фæткъуы




Къæдзæх



Æфсæддон




Артдзæст



Дзуархæсджытæ



Урс гал



Бæркадджын тыллæг



Кадæггæнæг



Къох

Алæг ныххудт æмæ йыл йæхи бауагъта:

– Æмæ ма хъæбысæй та кæимæ хæцдзынæн?

– Куыд кæимæ? Æна дын ус куы ærхæсса, уæд уыимæ.

Уыцы ныхасмæ ærтæйыл дæр худæг бахæцыд, ændæр хъуыдытæм раздæхтысты, æмæ сæ сæ зынтæ ærбайрох сты.

* * *

Артуд боныцъæхтыл фестад, бинонты сусæгæй йæ бæхыл саргъ авæрдта æмæ хъæуы иувæрсты Фаллаг коммæ фæцагайдта.

Фæсæмбисбон Артуд ærхызт йæ бæхæй Фаллаг комы егъаудæр хъæуы кæрон. Фæйнæрдæм афæлгæсыд æмæ йæхимид ахъуыды кодта: «Ардыгæй мæм рахылд мæ марæг – залиаг калм – æмæ мæ цараефтыд фæкодта. Уый нæ, фæлæ ма мыл лæгмары ном дæр сбадт… – Иу чысыл алæууыд, стæй: – Цæй, цы гæнæн ма ис, кæд æй мæрдтæм мемæ ахæссин, мæ иунæг æфсымæр, мæ мыггаджы сæр хъуыды кæнгæйæ».

Хъæугæрон фыццагдæр кæуыл фембæлд, уымæн «Дæ бон хорз» загъта æмæ йæ афарста: «Ам фарон сæрды сæ дыууæ фырты кæмæн фæмард сты, уыцы мæгуыр ус æмæ лæг кæм цæрынц?» Хъæуккаг æцæгæлон лæгмæ æдзынæг ныккаст, чи у, цæмæ сæ агуры базоныны охыл. Фæлæ ницы рахатыдта æмæ йын къухæй ацамыдта сæ хæдзар.

Хохаг хъæу цыфæнды стыр куы уа, уæддæр цас стыр у йæ цыбыр уынгтимæ! Уайтагъд схæццæ, цы хæдзар агуырдта, уымæ. Чи йыл æмбæлд, уыдон-иу, йæ саламæн дзуапп ратгæйæ, йæ фæстæ кæсгæйæ баззадысты, чи у, кæмæ цæуы ацы ærыгон лæппу, зæгъгæ. Æмæ уайтагъд хъус-хъусæй айхъуыст æнахуыр уазæджы хабар.

Артуд хæдзары кауын кулдуары цур йæ бæхимæ ærлæууыд. Ехсы хъæдæй йын йе стыр мих бахоста. Хæдзары хицау кæрты къуымы цыдæртæ архайдта æмæ йæм уайтагъд йе ‘ргом раздæхта. Кулдуары сæрты кæрæдзи хорз уыдтой. Зæронд лæг æнахуыр бæлццоны размæ рацыд æмæ йæ фæрсы:

– Чи дæ, цы агурæг дæ?

Артуд ницы дзуры. Лæджы цæсгоммæ бакæсын æфсæрмы кæны æмæ зæхмæ нымдзаст.

– Чи дæ?! – ногæй та йæ хъæрдæрæй бафарста хæдзары хицау.

Иудзæвгар та æнæдзургæйæ алæууыдысты. Зæронд ыл йæ цæстæнгас ærхаста æмæ йæхимид ахъуыды кодта: «Цымæ, кæй кæстæр у ацы хæрзуынд, хæрзконд лæппу?!»

Уалынджы Артуд ныллæг хъæлæсæй бакодта:

– Æз дæн Рæбинаг комæй… Дæ… Дæ туджджын.. Æмæ дæм æрцыдтæн… Амар мæ … – зæронд лæгмæ бакаст æмæ ма ноджыдæр загъта: – Æмæ дыууæ мыггаджы, дыууæ комы ‘хсæн фыдæх мауал уа.

Лæг йæ мидбынаты ныррызт, стæй йæ бинойнагмæ бахъæр кодта:

– Усай! О, усай! Æддæмæ-ма ракæс!

Ус уæззаугомау къахдзæфтæй тыргъмæ йæ саударæн дзаумæтты рахызт.

– Мæнæ дæ хъæбулты марæг нæ къæсæрмæ æрбалæууыд… Æмæ мын йæхи марын кæны!

– Гъæ бындурзылд фæуай! – йæ хъарæг фемæхст саударæг усæн. – Дæ бур рондз фæкалай!.. Дæ зынг ахуысса!.. Дæ сæр дæ гуырмæ фæдзыназа!.. Ласгæ мард фæуай!.. Дæ мад дæ мæрдæй фæбада!.. Мæн мæ дыууæ хъæбулæй æрттæдæларм чи фæкодта… – йæ маст, йæ хъыг цы амыдта, йæ дзых цы карста, уый йæ хъарæджы, кæугæйæ, дзырдта мад æмæ нæ банцад, цалынмæ йыл йæ лæг нæ фæтъæлланг ласта, уæдмæ:

– Усай, ныхъхъус у! Адæмæй худинаг у.

Адæм цымыдис кæд не сты. Æнæуый дæр сусæг-æргом аивæй хъуыстой æнахуыр бæлццон æмæ сæ хъæуккаджы ныхасмæ. Ныр усы хъарæгмæ æмбырд кæнын райдыдтой сæ размæ.Æнахуыр бæлццон чи у, уый куы базыдтой, уæд-иу фыр дисæй устытæ сæ дзыхтæ ахгæдтой, лæгтæ та сæ сæртыл фæхæцыдысты. Хабар уайтагъд хъæуы алы хæдзармæ дæр бахæццæ, фосимæ сæрвæтты, хъæды сугласынмæ чи уыд, уыдонæй фæстæмæ йæ алчидæр зыдта. Ныхасы лæгтæ дæр атагъд кодтой бынатмæ, кæстæрты рæдыд хъуыддагæй бахизынмæ.

Артуды фарсмæ балæууыдысты Габо æмæ Бибо дæр. Адæм райдайæны æдзæмæй лæууыдысты, стæй кæрæдзи мидæг алы ныхас кодтой. Фæсивæдæй, уæлдайдæр та мыггаджы фæсивæдæй чидæртæ, æртхъирæнтæ æппæрстой Артуды ’рдæм. Габо иуварс рахызт æмæ адæммæ æрхатыд:

– Мæ хъæубæстæ, уæхиуыл фæхæцут. Алцæмæн дæр ис æгъдау. Нæ хъæуы Ныхасы лæгты уынаффæмæ байхъусæм. Уыдон цардвæлтæрд адæм сты æмæ нæ рæдийын нæ бауадздзысты.

Уæдмæ Ныхасы лæгтæ дæр хъæубæстæм æрхæццæ сты. Сæ хистæр Айтег ныхас йæхимæ райста. Стыр Хуыцауыл, Йе сконд зæдтæ æмæ дауджытыл бафæдзæхста, стæй загъта:

– Уæ масты фæдыл макуы цæут, мæ хъæубæстæ. Ацы læппу фыдгæнæг куы уаид, уæд уæлæ хъæдты æмæ хæхты цъассыты æмбæхсид æмæ нæ, нæ фæллой давгæ, иугай марид. Уый рæстдзинад агурæг æрцыд æмæ уый сæрвæлтау йæ уд радтынмæ дæр цæттæ у. Цæттæ у мæлæтмæ, цæмæй туг макæуыл уал ныккæла.

Стæй раздæхт Артудмæ æмæ йæм дзуры:

– Мах, хъæуы хистæртæ, дæ рæстдзинад зонæм æрмæстдæр Габо æмæ Бибойы ныхæстæй. Куыд уыди уавæр, радзур-ма нын æй бæлвырддæр дæхæдæг.

– Мах, Рæбинаг комы цæрджытæ, сæрды нæ хъомвос, бæхтæ фæдараем нæ сæрмæ уæлхох быдыры, – арф ныууылæфгæйæ, сабыргай ныллæг хъæлæсæй райдыдта Артуд, – уый уæхæдæг дæр хорз зонут. Æмæ сæ æхсæв дæр бирæгътæй, æрсытæй, фыдгæнджытæй хъахъхъæнæм радгай. Уыцы ’хсæв мæ рад уыд.

Æмæ бæллæх куыд æмæ цафон æрцыд, уыдæттæ бæлвырдæй радзырдта, стæй ма йæ ныхæстæм бафтыдта:

– Мæн мæ хистæртæ афтæ ахуыр кодтой, куы смæсты уай æмæ дæ рахиз къухæй дæ хъамайы сæрмæ куы бавналай, уæд-иу рахиз къух галиуæй ацахс æмæ йыл фидар хæц, зæгъгæ. Фыдгулæн йæ къух искæмæ аирвæза. Туг ныккалын фыдбылызмæ цæуы. Бауырнæд уæ, искæй туг ныккалын мæ фæндон нæ уыд, фæлæ мын æрмæст мæ фос атæрыныл нæ уыдысты. Мæхи та мын маргæ кодтой. Мæ галиу къахы уæраг сæ нæмыгæй пырх у, уæраджы чъири дæр ыл нæй, раст слæууын ыл мæ бон нал у. Æмæ, зæгъгæ, уæ хъæуккаг цуанæттæ Габо æмæ Бибо уыцы æхсæв цуаны Сырдджын коммæ æхсæвæддæ нæ ацыдысты, уæд абон уæ разы нæ лæууин... Æмæ, чи зоны, уый хуыздæр уыдаид дыууæ комæн дæр.

– Алцыдæр Стыр Хуыцауæй кæнгæ у. Табу Йын уæд! – йæ ныхас ын айста Айтег. – Хуыцау дæ нæ мардта, æмæ нæ разы дæ. – Стæй иучысыл фæхъус, йе ‘ргом хæдзары хицауы, мæрдджыны 'рдæм аздæхта æмæ йæ фæрсы:

– Сандыр, дæуæн та уыцы афон Рæбинаг комы сæрмæ уæлхох быдыры дæ фырттæ цы куыстой?

Сандыр, ахæм карз фарст æм ратдзысты, уый æнхъæл нæ уыд. Иучысыл æм æфхæрдау фæкаст, æмæ ницы дзырдта, цалынмæ йæм Айтег нæ ныууырдыг, уæдмæ.

– Уыдон дæр Сырдджын коммæ æхсæвæддæ цуаны ацыдысты... Афтæ мын загътой… – йæхи бакъултæ кодта æнамонд зæронд лæг.

– Раст дын нæ загътой, – йæ ныхас ын айста Габо, – мах сыл уым никæм амбæлдыстæм.

– Фæрсылы фосыкондмæ дын ацыдысты, Сандыр, фæрсылы – искæй фос ратæлæт кæнынмæ. Цæмæй сæ Кæсæджы æрбауæй кодтаиккой, – адæмæй йæм чидæр бахъæр кодта.

Сандыр йæ сæр æруагъта, йæ усæн та йæ кæуын фемæхст. Адæм алы ныхас кодтой, адæм рæстдзинад агуырдтой, адæм зæронд лæг æмæ усæн тæригъæд кодтой. Артудмæ та Хуыцауы ’рвыст лæгау кастысты. Йæ фидар удыхъæд сын базмæлын кодта сæ зæрдæтæ, сæ зонды æвæрæнтæ, се ’мбæхст æнкъарæнтæ. Исчи йæм дзы йæ къух сиса, уыцы хъуыды фæлыгъд се ‘хсæнæй, суанг йæ фæдыл чи зылд марынмæ, уыдонæй дæр. Ныр арфдæр банкъардтой Габо æмæ Бибойы ныхæстæ. Алчидæр дзы цæттæ уыд йæ сæрыл рахæцынмæ.

Ныхасы лæгтæ Сандыры алыварс æртыгуыр сты, мыггаджы хистæртæм дæр фæдзырдтой æмæ уынаффæ кæнынц. Уæдмæ хур дæр фæсхох ныттылд, изæрзылдтыты афон æрхæццæ, фæлæ дзы ничи никæдæм тагъд кодта. Алкæй дæр фæндыд, Ныхас цы уынаффæ рахæсса, уый йæ фæндоны аккаг у, уый базонын.

Иуахæмы Сандыр адæмы размæ рахызт æмæ йе ‘ргом йæ цардæмбалмæ аздæхта:

– Усай, ныббыхс дæ зынтæн. Ацы лæппу нæ фыртты марынмæ ардæм не ‘рцыд, сæ размæ нæ бабадт, марынмæ йæм уыдон ссыдысты... Æмæ йын æндæр гæнæн нæ уыд. Мæгуыр, æвæгæсæг зæрондæй нæ сæхæдæг ныууагътой…

Сандыр ныккуыдта йæ хъæлæсы дзаг æмæ, йæ цæссыг йæ армы тъæпæнтæй сæрфгæ, иуварс алæууыд. Йæ бынатмæ рахызт Айтег, йæ лæдзæгыл тынгдæр æрæнцой кодта, стæй йæ цæстытæ асæрфта, йæ арм йæ урс даргъ зачъетыл æрхаста æмæ райдыдта:

– Мæ хъæубæстæ, уæ рынтæ бахæрон, уæззау зондæй хуыздæр ницы ис царды. Уæззау зонд адæймаджы хоны царды раст фæндагыл. Уый та у рæстдзинады æмæ фæллойы фæндаг. Адæймаг адон йæхицæн куы равзара, уæд никуы фæрæдидзæн. Абон нæ разы цы ахсджиаг хъуыддаг сæвзæрд, уый дæр, уыдоныл æнцой кæнгæйæ, куы саразæм, уæд кæд нæ фæрæдиккам.

Иучысыл фæлæууыд, стæй хъæрдæрæй загъта:

– Нæ иумæйаг уынаффæ та у ахæм: дæлæ кæнæм, уæлæ кæнæм, уæддæр туг ныккалд, Сандыр æмæ йе ’фсин æвæгæсæгæй баззадысты, æмæ туджы фиддон фæуæд ацы лæппу йæхæдæг. Ацы дыууæ зæрондимæ цæргæйæ баззайæд, царды сын æнцой куыд уа, куыд æй бахион кæной, ууыл бацархайæд.

Адæмæн фенцондæр, æмæ риуыдзаг сулæфыдысты.

* * *

Фыдæлтæй хорзæн баззад, Артуд йæ ног хъæубæстæн куыд фæадджын, уый. Габо æмæ Бибойы хуызæн хæлæрттæ ма йын дзы разынд. Сандыр æмæ Косеры хæдзары, сæ фырттæ кæм бахъомыл сты, уым æрцæрын йæ цæсгом нæ бахъæцыд, æмæ, цалынмæ уый фарсмæ йæ хæлæртты æххуысы фæрцы, зиутæ ракæнгæйæ, æндæр парахатдæр хæдзар арæзта, уæдмæ йæ алчидæр хуыдта сæхимæ. Фæлæ уал æрцард Габотæм, йæ рагондæр хæлармæ. Стæй йæ ног хæдзары æрцард Сандыр æмæ Косеримæ. Зæрондæй та къæбиц сарæзтой.

Ацы хабæрттæ иууылдæр байхъуыстысты Рæбинаг коммæ, йæ мад æмæ æфсымæрмæ. Цины хабæрттыл фæцин кодтой. Сæрыстыр уыдысты Артудæй: ахæм фидар удыхъæд кæй равдыста, æмæ уый фæрцы комы адæм æдыхстæй риуыдзаг кæй сулæфыдысты.

Иуахæмы сæ бабæрæг кодта йæхæдæг дæр. Комбæстæн йæ фенд уыди бæрæгбоны хуызæн, сæ хæдзары адæмæй базмæлæн нал уыд. Æна æмæ сын Алæг та фысымтæ фесты.

– Мæ хъæбул, алцыдæр йæ гаччы сбадт, хуыздæр ма цы вæййы, – дзуры йæм мад. Фæлæ уыцы чызг куырдуаты кæдмæ баддзæн? Йæ мад æмæ фыды размæ бацæуын мæ цæсгом нал хъæцы. Сæ ныхасæн хицау сты … Стæй сæ дæуæй хуыздæр сиахс нæ хъæуы.

Артуд йæ мады басабыр кодта, зæрдæ йын бавæрдта æмæ йын фæззæджы йæ курдиат сæххæст кодта. Чындзæхсæвы рæбинаг та уыдысты Сандыр, Косер, Æна æмæ Алæг. Уæдæй фæстæмæ баиу сты дыууæ бинонтæ, Алæг дæр ус ракуырдта.

Кæрæдзимæ арæхдæр цæуын райдыдтой дыууæ комы цæрджытæ дæр дыууæ ’фсымæры фæрцы, æмæ æнгомдæрæй цардысты. Се ‘хсæн дæрддзæг цыма фæцыбыр ис, афтæ сæм кæсын райдыдта. Рæбинаг комы-иу исчи куы загъта: «Цом Артудтæм бауайæм», уæд-иу сæм уый æппындæр зын нал кастис. Артудтæ та сæ хонын райдыдтой Фаллаг комы цæрджытæ.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

ФЫНТÆ ДÆР ЦÆУЫЛДÆР ДЗУРЫНЦ

Эссе

Бæ гуыдæр! Фынтæ дæр цæуылдæр дзурынц. Стæй дзы æцæгтæ дæр вæййы – рацæуынц. Уый зонут, хорз адæм! Бæргæ, æрмæст хорз фынтæ куы цæуиккой, æвзæртæ та – нæ!.. Уæд хæрзтæ уадз æмæ цæуæнт. Æвзæртæ та?.. Уыдон дæр хорзæрдæм цæуæнт!

Хорз фынтæ уынынц фылдæр æрыгæттæ. Æвзæр фынтæ та – ас адæм, царды зындзинæдтæ чи бавзæрста, фыдцæрдтытæ чи фæкодта, уыдон.

Йæ бонæй у æвзонгдзинад! Цыфæнды зын уавæрты дæр базырджын у, æхсæрдзæны донау – знæт, цæссыгау – сыгъдæг. Æмæ, æвæдза, кæуылты сты йæ зæрдæйы тæрхæттæ, йæ зонды хæтæнтæ! Кæм æй нæ балæууын кæндзысты!.. Уымæй йæ фынты дæр. Æз дæр сæ ахæсты уыдтæн, кæд нæ нæ мæгуыр æмæ гæвзыкк цард уæлæмæ скæсын нæ уагъта, уæддæр... Æрыгон тугæн бауромæн нæй – тæлфаг у.

Æмæ цынæ хуызы бæллицтыл абады æрыгоны зæрдæ! Бæллицтæ дæр фынтæ сты. Уыдонæй дæр царды цыдæртæ рацæуы... Гъе фæлæ дзы уæддæр фынтæн æмбал нæй! Цы дæ фæнды æмæ нæ фæнды, уый дæ цæстыты раз фесты, архайыс дзы. Цин кæныс, кæнæ риссы дæ зæрдæ. Хуызджын фынтæн та дзы æмбал нæй – æрмæст сæ уындæй дæр дæ зæрдæ райы. Раст цыма уæлæрвты тæхыс, уыйау уыныс арф кæмттæ, дурæй-дурмæ схъиуæг хæххон цæугæдæтты уылæнтæ, дидинæгфæлыст уæлвæзтæ, æхсæрдзæнтæ. Кæнæ лæууыс арвы цъæхæй цъæхдæр денджызы был æмæ уыныс, егъау наутæ дзы куыд ленк кæнынц, йæ былгæрæтты арвмæ фæцыдысты алыхуызон агъуыстытæ, адæм дзы æмызмæлд кæнынц.

Ахæм фынтæй-иу адæймаджы райхъал кæнын нæ фæндыд. Фыдфынтæн æндæр у сæ ахаст зæрдæмæ. Фæлтау сæ ма уын. Æмæ сæ цæмæй ма рахæссай, æрбайрох кæнай, уый тыххæй мын мæ сидзæргæс мад афтæ бацамыдта: "Фыр адæргæй куы фехъал уай, уæд-иу дæ галиу уæхсчы сæрты æртæ хатты ату кæн, ту-ту-ту, зæгъгæ, æмæ уæд сæ тых асæтты, царды сын æрцæуæн нал ис". Æз уыцы зондамынд мæ зæрдыл бадардтон æмæ мæ фыдфынты уыцы хуызы сафын.

Æрмæст иу тыхст фыныл æртæ туйы акæнын мæ цæст нæ бауарзта.

Цæмæн, уый уын зæгъон: нæ сыхæгтæ нæм дыууæрдыгæй бырсын куы райдыдтой, уæд мæ фыр мæтæй хуыссæг дæр нал ахста. Алчидæр нæ уыцы уавæры уыд. Æмæ иуахæмы мæт æмæ сагъæсæй дзагæй куы æрфынæй дæн, уæд фестадтæн иу рæсугъд хъæдæмбæрзт комы. Коммæ хур кæд æрбакæсдзæн æмæ тынгдæр кæд срухс уыдзæн, уымæ æнхъæлмæ кастæн хурыскæсæны 'рдæм. Æвиппайды комы фаллагфарс рагъыл барæг февзæрд. Уастырджи, зæгъгæ, фæкодтон мæхинымæры. Уый фезмæлыд, комы дæлæмæ атахт, æмæ йæ нал ауыдтон. Цы фæци, зæгъгæ, катайы куы бацыдтæн, уæд мын мæ галиу уæхскыл чидæр йæ галиу къух æрæвæрдта æмæ сдзырдта: "Тыхсгæ ма кæн! Æз уыдонæн, цы хъæуы, уый бакæндзынæн!" Æз æм разылдтæн. Йæ рахиз къухы йын ехс ауыдтон. Æмæ цыдæр æрбаци. Чи уыди? Уастырджи!.. Йæ агурæг комы фахсыл иу чысыл суадтæн æмæ диссаджы кувæндонмæ бахаудтæн. Ныллæггомау, раст тибетаг кувæндæттау. Хуры тынтæ кастысты йæ къултæй.

Фыр адæргæй фехъал дæн рохст зæрдæ æмæ мæтгæнгæ. Фæлæ мæ галиу уæхсчы сæрты æртæ туйы нæ акодтон! "Уадз æмæ мæ ныфсæвæрæджы ныхæстæ æрцæуой", – ахъуыды кодтон мæхинымæры. Æмæ æцæгдæр æрцыдысты... Нæ адæммæ кард æмæ топпæй чи æвзыста, лæбурдта, уыдонæн цы хъуыд, уый бакодта. Цы агуырдтой, уый сæ къухы нæ бафтыд, фæлæ сыкъасастæй фæсмонгонд фесты. Гъе ныр ацу æмæ, дам, Хуыцауыл, зæдтæ æмæ дауджытыл ма æууæнд. Фынтыл ма æууæнд...

Бæргæ, бæргæ. Фынтæ дæр алы хатт иухуызон нæ вæййынц. Ис дзы зæрдæриссæнтæ. Æмæ уыдон куы нæ рацæуой, уæд – хуыздæр. Ахæмтæй уыд, æрæджы цы фын федтон, уый дæр. Мæ уаты стъолы фарсмæ бадтæн. Уатмæ гæзæмæ рухс кæцæйдæр калд. Æхсæв уыд æви бон, уый дæр нæ хатыдтон. Цыдæр мын æнцойдзинад нæ læвæрдта, æмæ гъе чиныгмæ, кæнæ фыссæнмæ бавналон, уый ныфс мæм нæ уыд...

Æвиппайды мæ уат ныррухс æмæ мæ разы февзæрдысты, ныр цалдæр азы мæ цæстытæ кæмæ ныуурс сты, уыцы дыууæ чиныджы – дзæнæты бадинаг, наукæты доктор Гæбæраты Никъала йæ царды бонтæ кæмæн рауæлдай кодта, уыцы "Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуаты" фæстаг – æртыккаг æмæ цыппæрæм томтæ. Æз сыл ныццин кодтон.

– Цæуыл сыл цин кæныс! – æнæнхъæлæджы айхъуыстой мæ хъустæ, – Кæй ма хъæуынц?

– Куыд кæй?! – сдзырдтон æмæ дзурæджы 'рдæм разылдтæн. Мæ чъылдыммæ лæууыд бæрзонд, хæрзконд чындздзон чызг. Йæ цæстыты – æрвон тыгъдад. Йæ цæсгомæй, мæнæ адæмон сфæлдыстады куыд

фæзæгъынц, мæйтæ æмæ хуртæ каст. Раст цыма Зæхх æмæ Арв иугæнæг уыд, уыйау йæ тæрныхæй хæрдмæ рухсы тынтæ цыдысты. Йæ уæлæдараес – ирон рухсдзыд разгæмттæ, риуæгънæджытæм цæстытæ нæ лæууыдысты.

Æз фæгæпп ластон æмæ мæ мидбынаты раст алæууыдтæн.

– Бадгæ скæн. Æз дæр дæ фарсмæ æрбадон æмæ дын мæ хъаст ракæнон, – рæвдаугæ хъæлæсæй мæм сдзырдта.

Æз ын стъолы фарсмæ бандон аваердтон. Чызг æрбадт æмæ райдыдта:

– Æз ирон æвзаг дæн... – комкоммæ мæм ныккаст. – Ды бирæ кæй хъысмæтыл сагъæс кæныс, уый. Æмæ раст дæ: сагъæссаг фæци мæ сæр. Ирыстоны мæ сурынц алы къуымæй. Æрлæууæн бынæттæ ма мын – стæм рæтты. Афтæмæй куыд нæрыдтæн Дард Хурыскæсæнæй цæугæдон Донайы былгæрæттæм, уый куы зонис! Æфсады балхон-иу куы ныхъхъæр ласта: "Мардзæ! Размæ! Размæ!" Уæд сæ ныхмæ чи хъуамæ фæлæууыдаид. Бауромæн сын-иу нал уыд. Ныр та... Æниу кæцæй нæ хъуыст мæ хъæр... Сывæллæтты хъæлæс бирæ уарзын, æмæ мын уыдонимæ æхсызгондæр вæййы. Фæлæ рæвдауæндæтты искæй сывæллоны дзыхæй куы сирвæзын, уæд ыл хъомылгæнæг фæтъæнг ласы: "Говори по-русски!"

Сурынц мæ алырдыгæй. Афтæмæй уæм уæларвæй æрцыдтæн. Уæларвон дæн. Æмæ та фæстæмæ уырдæм куы ацæуон, уæд фесæфдзыстут. Уый бамбарут, ирон адæм! Уæ хицауадæй бирæтæ сæ сæрмæ иронау дзурын нал хæссынц. Афтæмæй сын уыцы хъарм бынæттæ æз скодтон. Æз ам, зæххыл, куы нæ уаин, уæд уын республикæ нæ уаид.

Æз нындзыг дæн æмæ йæм хъуыстон æнæ иу сыбырттæй. Æмæ йын цы хъуамæ загътаин, рæстытæ куы дзырдта, уæд.

– Мадæлон мæ куы хонут, ирон адæм, æмæ мæ ирон ныййарджытæ фæсдуармæ куы баппæрстой, сæ къахы бырынкъæй мæ æддæмæ ссонынц. Ирон дзыхæй дзурын сæ сæрмæ нал хæссынц, сæ цотимæ ныхас кæнынц уырыссагау. Англисагау дæр, иронау нæ, абабау. Сурынц мæ сæ хæдзæрттæй, сæ кæртытæй, æхсæнадон бынæттæй. Хуыдуг кæнын. Ермæст ма хъæууон хæдзæртты, скъолаты риуыдзаг сулæфын, мæ уæлдæфæй хъуыртхъом фæвæййын. Горæт Дзæуджыхъæуы та мæ уды нарæджы дæн. Хъазынц мæ, хынджылæг мæ кæнынц. Хицауадæй ахуыргонды онг сæ кæнгæ митæй. Скъолæты исты æндæр предметæн рæстæг куы бахъæуы, уæд æй ирон æвзаджы сахаттæй исынц. Зæгъ-ма, Дзæуджыхъæуы скъолаты ирон æвзаджы ахуыры фарста хынджылæггаг нæу?! Ирон скъоладзаутæн дзы сæ фылдæр мадæлон æвзагыл "дæ бон хорз"

зæгъын нæ зонынц, афтæмæй сын хорз бæрæггæнæнтæ æвæрынц æмæ сæ уæлдæр кълæстæм æргъæвынц. Сæхи сайынц... Мæн дæр... Фыссын æмæ кæсын сæ ахуыр кæнынц, дзурын нæ зонгæйæ. Уый та куыд?.. Дзурын уал сæ сахуыр кæнут алыхуызон хъæзтыты, стæй сæ кæй фæнда, уый кæсын æмæ фыссын дæр базондзæн. Уæ фыдæлтæ хæхбæсты чиныджы кæсын, фыссын нæ зыдтой æмæ уый тыххæй ирæттæ нæ уыдысты!? Æмæ уæд сымах кæцæй фестут? Абоны фæлтæрты фæстæ та чи уыдзæн?!

Уæ фыдæлты нуарджын æмæ аив, уæздан æмæ рæсугъд ныхас абон дæр ма зæлы мæ хъусты, хъары ме уæнгты. Хъуысы мæм сæ зæлланг, æхцонхæссæг ныхас уæлхæдзæрттæй, кæртытæй, фæзтæй сæ цоты хъæлдзæг худт æмæ сæ хъулты къæрццимæ. Сымахæн та ам, горæты кæртыты, кæй цот хъазынц ирон хъæзтытæй?.. Хистæртæй уæ йæ хæдзары иронау кæрæдзимæ чи дзуры, уыдон дæр сæ цотимæ ныхас кæнынц уырыссагау...

Мæнæн исты сдзурыны бон дæр нал уыд: фæхтæй хойæгау мæ хостой йæ ныхæстæ.

– Цы ныхъхъус дæ?! Цы ныфсæй цæрон, ирон адæм, уемæ, – сбустæ мыл кодта, – мæ уды нарæгмæ куы сдæн, уæд ма цæмæ æнхъæлмæ кæсут!? Кæд мыл цы æрцæудзæн, уый тас уæ мæрдвынæйæ куыд нæ хъал кæны?! Иу уæ лæгау куыд нæ базмæлы?! Бæрæгбоны ныхæсты бæсты фæдис цæуылнæ ныхъхъæр кæнут?! Кæрæдзи фауыны бæсты Къостайы тырысайы бын иумæ цæуылнæ балæууут?!

Уыцы ныхæсты фæстæ стъол йæ къухæй æртъæпп ласта, йæ бандонæй мæстæлгъæдæй фестад. Æз дæр... Æнкъард æмæ æфхæрд цæстæнгасæй мæм æрбакаст. Æмæ ма загъта:

– Мæгуыр – уæхи сæр. Æз уын куы нал уон, уæд чи уыдзыстут? Ничи! Æмæ уæм искæй фæсдуар цæрын хуыздæр кæсы!? Цæй, æз цæуын! Мулк ссаргæ у, фæлæ мæн нал ссардзыстут!

– Фæлæуу! Кæдæм? – сдзырдтон æм, фæлæ йæ цæмæ лæууын кодтон. Ныфс ын цæмæй бавæрдтаин, уый ныр дæр нæ зонын. Йæ сæр æруагъта, стæй фæлурс кæнын райдыдта. Йæ цонг ма йын ацахсыныл афæлвæрдтон, фæлæ цыдæр æрбаци.

Фыр адæргай фехъал дæн. Фыдфынты ахæсты та кæй уыдтæн, уый куы бамбæрстон, уæд та мæ галиу уæхсчы сæрты æртæ туйы акодтон. Фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма ацы хатт æрмæст мæ тутæй ницы рауайдзæн, йæ уайдзæфтæ не 'ппæтмæ дæр куы нæ бахъарой, уæд!

НОГ ТÆЛМАЦТÆ

ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег

ЗЕЙНАП

Кæрон. Райдайæн кæс журналы 9 номыры

104

Мæ хæлар, райхæлдзæни тагъд,
Æрцыд дызæрдыгæн йæ кæрон.
Уый фын нæ уыд , нæдæр мæнгзагъд.
Кæсыс, фыдлæг кæны йæ кæнон.
Уый Бур лæууы, Султан – йæ разы,
Йæ кард йæ хæдоныл æруадзы,
Фæлæ Султан нæ дæтты дзуапп.
Уæдмæ æрбахызти Зейнап –
Сæ хъæр æвиппайды фæсусс.
Фæраст уый комокоммæ Хасанмæ.
Ныфсджынæй ныр цыди нысанмæ:
«Дæуæн уыди мæ ныхас цъус, –
Зæгъы йын, – равзараем, æрмæст,
Æндæртæй бахизæм нæ цæст…

105

Фæнды мæ, баззайæм æрмæст
Æз, ды æмæ нæ зынаргъ уазæг.
Дæ къорд – æгады митыл хæст –
Мах ам нæхи адыл ныууадзæд.»
Хуызæй сын равдыста Хасан,
Æмæ сын уый уыди нысан.
Æрцыд кæдæй-уæдæй сæ рæстæг,
Сæхион равзарой, сæ хæстæг,
Фæсурой зæрдæтæй сæ маст.
Хасан – хъæстæ йæ дуджы низæй,
Султан – фæллад йæ уарзты рисæй,
Зейнап – йæ мæт – æнамонд уарзт.
Хъысмæт сæм ацы бон æркаст,
Ныр æй куы бамбариккой раст.

106

«Дзырд дæр ыл нæй, ды дæ фысым,
Фæлæ æз та – дæ мад, ныййарæг.
Мæ ныфс дæм дзурынмæ хæссын,
Уыдзæни амондджын ныббарæг.
Мæ фырт, уый у Султан – дæ фыд.
Ныр ардæм уый фæдыл æрцыд,
Цæмæй ды фехъусай æргом,
Дæ удæй ахауа æргъом,
Дæуæй цы нал хъæуы æмбæхсын,
Цæмæн æрцыди ныр кæрон.
Æз та, мæлон æви цæрон,
Сымахæн уыцы фарн фæдзæхсын.
Æрæджы базыдтон, дæ фыд
Дæс азы ныр идæдз кæй уыд…

107

«Фæлæу, дæ хорзæхæй, мæ мад!
Дзырды бар ныр Султанæн раттæм.
Бæргæ мæ цæсты у æгад,
Фæлæ уал уазæгмæ æрхатæм.
Йæхи цæмæй кæндзæни раст?
Дæумæ куы сидт, куы уыд ныфсхаст,
Гъе стæй кæй хонын æз мæ мад,
Гъе уый йæм, цингæнгæ, куыд уад…»
«Хасан, æрбайхъус мæм, мæ хур!
Мæ фырт дæ, уый зыдтон æз рагæй.
Мæ удæн раскъуыдтæ йæ тагæй,
Фæлæ хæрдмæ сырдта мæн дур.
Фæлыгъд мæ иунæг амонд дард,
Идæдзæй арвыстон мæ цард.

108

Мæ царды иунæг иуы уарзтон,
Фæлæ мыл стыр фыдтæ æрцыд…
Мæ амонд сомыйæ сбастон,
Кæддæр æз уый раз радтон дзырд.
Цыди мæ цæсты раз дæ цард…»
«Гъе уый цытæ дзурыс, мæнгард!»
«Ды мын дæхæдæг загътай – дзур,

Уæдæ мæ ма хъыгдар, мæ хур.
Рæстдзинад уарзын рагæй æз.
Дæ зæрдæ не ‘лхæнын ныхæстæй.
Хуыцау, ды – ме ‘вдисæн, æркæс.
Дæ цард нæ ирвæзти мæ цæстæй.
Кæс-ма, зæрин мæйы æмбис,
«Султан» – мæ ном фыст дæр ыл ис.

109

Дæ хъуырыл ауыгъд ис рæхыс,
Æмæ йæ уæлæ та – æмбис мæй.
Уый уыд мæ цæстуарзон æххуыс.
Зейнап, бæлвырд, уæд марди дисæй.
Æз уæм хæстæг уыдтæн бынтон.
Йæ цины цæссыгтæ уыдтон.
Мæхимæ не ссардтон уæд ныфс,
Æмæ ныр ме ‘намонд уыныс.
Фæлæ зын у, куы раттай дзырд,
Æмæ мын уый мæ уæнгтæ сбаста.
Уæ цурмæ мæн мæ зæрдæ ласта,
Æз та уыдтæн уæ цардæй сырд.
Фæци ныр ардбахæрды дуг.
Ныккалдтам ууыл мах нæ туг…

110

Уыди дын спорты дæр æнтыст,
Фæлæ кæй руаджы, уый нæ зоныс.
Мæнæй дæм тренер уыд æрвыст –
Ныр дæр дæ адджын лæг кæй хоныс.
Æнæ уый чи уыдаис, зæгъ?
Цæй, ныр æрхъуыды кæн дзæбæх.
Дæумæ йæ арвыстон фæдзæхстæй,
Цыма нæ федта мæн йæ цæстæй,
Цæмæй дын ма скæна мæ кой.
Æз уымæн бафыстон рæдауæй.
Лæвæрд ын цыд мыздæй, æгъдауæй,
Фæлæ та ды фæдæ сæргой.
Дæу ласта давынмæ дæ зонд –
Æрцыдтæ ахæстоны конд.

111

Ныууагътон уый адыл мæ куыст,
Мæ мулк ныууæй кодтон, мæ исбон,
Æййæфтон барджынтæй рæхуыст,
Мæхимæ де ‘ппæт хæрдзтæ истон.
Уæдæ хæдзар, уæдæ къæсæр –
Кæдæм нæ бадардтон мæ сæр.
Фæлæ рæхджы æз райстон дзуапп –
Йæ фыртыл сæмбæлд ног Зейнап!
Уæддæр дын зонд зонæн нæ уыд.
Куыдзæн йæ рагъыл фиутæ сæвæр!
Уæд дын дæ дзæнæттаг æфсымæр
Ыскодта иу мæйы æмгъуыд…
Дæуимæ фембæлд уыд йæ мæт…
Йæ уд ссардта ныр дзæнæт.

112

Мæ фырт хъæбатырæй фæмард,
Фæлæ æнæмæлгæ уый хонын.
Æрсырдта уый лæгмарты кард –
Ныр номæй уый марджыты зонын,
Фæлæ хæрын йæ номæй ард –
Нæ дæн æз уыдонау мæнгард…
Кæндзынæ мемæ ды быцæу,
Фæлæ мæ бон сæ раттын нæу,
Нæ хæссын уыдон кад мæ сæрмæ...
Мæ фырт, гадзрахат у зын хæс,
Лæгмары номæн нæй фæрæз,
Мæ бон нæу кард сисын æндæрмæ.
Кæннод цы хъом мын уаид Бур!
Йæ мардыл бафæлдахин дур!

113

Гъе ахæм уыд мæ фырт дæр раст.
Цыбыр у ахæмтæн сæ цард дæр.
Æфхæрдæн райста уый йæ маст,
Æмæ зыдта, цы уыдзæн дарддæр.
Æххуысмæ милицæ дæр цырд,
Фæлæ æфхæрæг баст æрцыд.
Фыдлæгæн рахастой тæрхон.

Фæбадти, æз дæуæн зæгъон!
Куыддæрты ралыгъди рæхджы.
Æрцæуы уым дæр зонд стæммæ.
Æрцыд нæ горæтмæ фæстæмæ –
Ныр мастæн райсын дæр фæтчы…
Мæ фырты уыцы бон ссардтой,
Æмæ фыдмардæй уый ныммардтой.

114

Мæ фырт – фæлтæрæнты æвзыгъд,
Æмæ дзы ныфс æвæрдтам мах дæр.
Йæ зæрдæ рухс бæллицтæй сыгъд,
Фæндыд нæ, бантысой йын тагъддæр.
Хъæбысæй уый зыдта хæцын,
Фæлæ сæйраджы та хъæцын.
Нымадта аивадыл тох.
Сымахау уый нæ фæци рох.
Уый райста зæрдæмæ æххæст,
Цы у йæ сæйраг нысан хъазтæн.
Уый нæу ахъазгæнæг уæ мастæн,
Нæдæр фыдгулы ныхмæ хæст.
Æниу æппæт мæ бар дæр нæу,
Æрмæст куы бахъахъхъæнин дæу.

115

Æз зонын, тренер дын хæлар у,
Кæддæрты амбæлут ныр дæр.
Лыстæг æй бафæрсын дæ бар у,
Æмæ æрымысын мæн дæр.
Мæнæй йæ бафæрс ды лыстæг,
Кæмæ у абон дæр хæстæг.
Кæй фæрцы рацыди рæгъы,
У кадджын уал азы дæргъы.
Æмæ дын уæд зæгъдзæн мæ ном,
Цæмæй ды бамбарай, цæй тыххæй
Нæ хæцын абон æз лæгдыхæй,
Сымах куы ‘фхæрут мæн æргом.
Мæнæн цы хъом уыдадид Бур та?
Кæй ныфсæй уый мæнмæ лæбурдта?

116

Гъе уым фыдгæнæг ары тых –
Лæгау лæг уый сæрмæ нæ хæссы.
Æргом дæм бахæсдзæн йæ ных,
Æфсон та намысæн æрхæссы.
Лæджы цард уымæ нæу нымад.
Йæ ном та дзыллæмæ – æгад.
Кæд уыди кадджын ном цъаммарæн,
Кæд уыд Хуыцауы фарн лæгмарæн.
Мæнмæ уый систа абон кард,
Фæлæ æз йе ‘фхæрдыл хъæцыдтæн.
Мæхиуыл уый тыххæй хæцыдтæн –
Нæ дæн æз удхорты æмгад.
Хæрзаг дæ цагъар ныр æууæнды –
Султан ныхмæ лæууын нæ уæнды…

117

Мæнмæ фæдзырда Хоргалм ардæм,
Æмæ йын коммæгæс уыдтæн.
Æнхъæлдта, уæд дæ зæрдæ ссардзæн,
Цыма дзы къулæнцой цыдтæн.
Фæлæ цæй лæгыл у нымад!
Æцæгæй хилджыты æмгад.
Æмæ дзы адæм дардмæ лидзынц.
Фæсвæд æм ахæстæй æвзидынц.
Уыдтæн ын коммæгæс æз дæр,
Фæлæ тындзыдтон æз Зейнапмæ.
Ды дæр æнхъæлмæ кастæ дзуапмæ –
Мæ туг ‘мæ ме стæг дæ уæддæр.
Нæ райстон Хоргалмæй мæ маст,
Æмæ хæрзаг зæгъы – фæтарст.

118

Ныр та дын райхалæм нæ фæнд:
Фæнды нæ раздахын дæу цардмæ.
Нырмæ цы уыди, уый фæуæд.
Ныр акæс ног фидæнмæ дардмæ.
Ды дæ нæ иумæйаг хæлар.
Дæхи фыдлæгтæй иуварс дар.
Стæгдар, Хоргалм æмæ Тит –

Сæ дуг дæ царды кæд фæуид.
Дæ мад, дæ фыдмæ зæрдæ ратт.
Цæрын сырды цардæй æгъгъæд у.
Дæ мад дæ сагъæсæй ælгъæд у.
Ссар дæ сæрæн ныр сæрфат.
Кæннод дæ афæливдзæн дуг,
Гъе стæй кæмæн зайы дæ мулк.

119

Ды зон, æппæтдæр у бælвырд.
Уыди дын удæнцой æфсады.
Дæ бынат – ахæстон, мæ фырт,
Фæлæ дын не ‘рцыди нымады.
Сæйраг стъигъын уыд дæ куыст.
Гъе уый дын алкæддæр æнтыст.
Хъæздыгад уыд дæ уд, дæ дзæцц,
Æхцайæн нал зыдтай йæ бæрц.
Фæлæ-иу искæцы хъайтар
Кæд искуы рацыди дæ ныхмæ,
Уæд-иу æнафоны къæйныхмæ
Хъæцыди сау ингæны тар.
Зæххыл нæ уагътай ды цæрæг.
Ныр зон, æппæтдæр у бæрæг.

120

Мæнмæ куыннæ касти æгад –
Дæуæй æз уал фыдхабар хъуыстон.
Фæлæ уæддæр нæ кодтон тагъд.
Зейнап, дæ хатыræй ныббыхстон.
Фыдуац æнцонтæй хъуысы дард.
Æфсады бахордтай мæнг ард.
Гъе стæй дæ службæйы æмгъуыд
Гæртамæй балхæнын дæр хъуыд.
Цы схонон уый фæстæ дæ ном?
Ды дæ уæййаг æмæ гадзрахат.
Цы ныфс дæ бавæрон зын сахат.
Цы у уæйгæнæг, зæгъ, цы хъом?
Цæуыл ды баивтай дæ цыт
Æмæ рæстдзинады æрцыд?

121

Фæлæ куы сæххæст и дæ фæнд,
Куы фæдæ давд æмæ ыстъыгъд,
Уæд уайтагъд айсæфтай дæ фæд:
Дæ къухæй цалдæр лæджы – сыгъд…
Æфсæддон хистæртæ дæр – разы.
Гæртам лæгмæрдтæ дæр фæразы.
Рæстмæ та бакодтай дæ куыст.
Уыди уый де ‘фсæддон æнтыст.
Æниу æфсæддон ном кæй хъуыд!
Дæ бæллиц уыд æрцæуын ардæм,
Рæхджы æрæвналын дæ бартæм.
Дæу уæд æфсады мæт кæм уыд!
Дæ кадыл бакодтай æвдисæн.
Æндæр бæллицæн кодтай уисæн!

122

Уæдæ афтид кæм уыд дæ арм!
Æрцыд дæ монцтæн ныр сæ рæстæг.
Йæхион акодта гæртам,
Æмæ æрцардтæ ам, мæ хæстæг.
Ныр дæ нæ къæрныхтæн сæ сæр.
Кæм дын ис а зæххыл æмсæр!
Дæрдтыл дæ рухс галуан ныззылд.
Фæлæ цæры йæ мидæг сырд.
Æмæ дæ дардмæ лидзынц адæм.
Бæргæ дæм бахудынц æргом,
Фæлæ дæм чи лæууы æнгом!
Æниу дæ чи хъæуы – æрра дæн!
Лæгсырд кæмæн уыдзæн хæлар!
Йæ ис, йæ бонæн уый – дæлбар!

123

Дзæнхъайæ, мраморæй æппæт
Ды ссардтай фыд æмæ мæнгардæй.
Зылынмæ ацыди дæ фæд,
Скодтай сау пæлæз æгадæй.
Хасан, ныpма дын ис рæстæг.
Фыдгæндмæ мауал цу хæстæг.
Ныууадз ныр талынджы дæ цард

Мартыны, Стæгдары æмгад.
Фатимæт махмæ у зындгонд.
Йæ сæрты тагъд кæсдзæн æнусæн…
Цы хъæуы уый кары та усæн!
Мæгуыр, æвæгæсæг,тæссонд.
Æмæ йын рахастат йæ ис.
Стæй хæдзар арты хай фæцис!

124

Бæрæг бæлвырдæй адæм зонынц,
Кæд цы уыд уыдонæй æмбæхст!
Фæсвæдæй дæу фыдгæнæг хонынц –
Мартын,Стæгдар сидынц хæст.
Æмæ ма иу хъуыддаг – æргом:
Ныхъхъæр и Титæн уæд йæ ном,
Сывæллон ку‘ адавта нæ сыхæй.
Йæ фыдвæнд рацыди дæ дзыхæй.
Уыди йæ ахæстаргъ стыр.
Фæлæ ныййарджытыл цы бон уыд,
Нæдæр æхсæв, нæдæр сын бон уыд,
Æхцайæ балхæдтой хатыр…
Дæ сыхаг масты хай уыдис,
Дæу та дзы фаг бæркад фæцис!»

125

Хасан уæд афæлурс æваст,
Цæвæнгарз агуры йæ разы.
Фæкодта знæт сырды цъæхахст,
Султанмæ йе уæнгтæ ивазы!
Йæ разы балæууыд Зейнап,
Фæлæ йын уайтагъд радта дзуапп.
Уыдта, Султанæн уый уыд йе ‘вварс,
Цæхгæр ыл ахæцыди иуварс…
Йæ къух сдаргæйæ, Султан
Хасанæн сабырæй зæгъы:
«Дæ маст ныр дугъоныл тæхы.
Гъе уый – фыдæх уды нысан.
Уæддæр мын зын куыд нæу дæ маст!
Дæ хъысмæт равзар абон раст!

126

Ныр равзар раст фæндаг дæ царды
Æгъгъæд фыдракæндтæн фæуæд.
Кæннод фыдлæг æмæ мæнгарды
Йæхицæй сурдзæни дзæнæт.
Дæ царды рухсæн ратт бынат.
Æрцыд дæ хæстæн дæр сæ рад…»
«Ныхъхъус у ныр, фæу дæ дзырд!
Цæугæ мæ цæсты разæй цырд!»
«Уый раздæр алыг кодтам мах,
Ныр мын æнæ зæгъгæ та нæй.
Зæгъ, ног цы фехъуыстай мæнæй,
Æви дæ дзырдæн нал и аргъ?
Дæ къæхты бын уынæргъы зæхх,
Цы дзурын мæнг, гъе уый мын зæгъ!

127

Цæры нæ сахары кæмдæр
Куыстуарзаг адæймаг, амалджын.
Фæкодтай сагъæссаг йæ сæр –
Сдæ йæ фæллойæн ды барджын,
Æмæ дын хъалон уый фыста.
Йæхи та фиддонтæй хызта.
Йæ хардз нæ бюджетыл зынди –
Дæ уды ног фæндтæ чынди.
Дæ низ – ælдар уæвыны монц,
Ды кодтай уый фæдыл нывæндтæ.
Мæнæн æргом сты дæ фæндтæ –
Кæла та адæмæн сæ рондз!
Цы зæгъон уый фæдыл ныр æз!
Дæуæн ныхкъуырд дæттын – мæ хæс!

128

Уæд дын æгас сахарыл айхъуыст –
Хæрзгæнæг басгуыхтæ æваст:
Хæрзарæзт рынчындоны агъуыст,
Йæ фæдыл ног бæстыхай баст.
Кæд уыд æнæзондæн та хос,
Æмбæрстой зондджынтæ та хорз.
Æмбæхстай паддзахады хæс,

Ændæр ын базыдтай фæрæз.
Фæлæ уыди дæ фæнд бæлвырд…
Дæ къордæн цас бантысти давын,
Гъе уый нымайынмæ нæ хъавын,
Фæлæ амал ссардтат цырд:
Ныр хардз уæ къухфыстæй хъуыдис –
Ныр ыл æххæст уæ бар цыдис…

129

Уадз рæза адæмы бæркад,
Цæмæй хъæздыгдæр уа нæ бæстæ.
Дунейы айхъуыса нæ кад,
Ныууадзæм хорзы ном нæ фæстæ.
Кæннод Уæрæсейы къæбиц
Сси дæ хуызæтты бæллиц.
Гъе уымæй дзыллæтæ – ныфссаст,
Фæци цæстфæлдахджытæн хаст.
Мæрдтæм дзы чи ахаста уæд
Йæ хай хъæздыгадæй, бæркадæй?
Æрмæст лæджыгъæд æмæ кадæй
Ссардзæн адæймаг дзæнæт.
Æхца та – хæйрæгæй ælгъыст.
Дæ уды сæфтыл у мæ тыхст…

130

Кæддæр мæн цард нæ уагъта уæгъд,
Фæлæ нæ рох кодтон мæ хæстæ.
Уыдтæн æнæвдæлон кæмдæр,
Фæлæ æдзух зылдтæн дæ фæстæ.
Дæ алы къахдзæф дæр зыдтон,
Дæ удмæ хъавджыты уыдтон.
Кæддæр та ахæм цау æрцыд:
Зымæг. Цыдыстут хæхтæм цырд.
Кæмæндæр агуырдтат йæ фæд,
Нæ дæм каст хорз амонд, бæлвырд,
Знаг уæд дард рæтты æрзылд…
Æвыдæй баззадтæ ды уæд…
Мæлæт дын нæй, æнхъæл уыдтæ!
Гъе афтæ ‘нæрхъуыды куыд дæ!

131

Уæд ма уæм спиртæй фаг æфтыд,
Æмæ уыл базыртæ уый сагъта.
Уæ фыдгой дзыллæйыл нæрыд,
Ælдæрттæ баистут сымах та.
Æфтыдта нозт уæ исыл ис,
Бæркад уæм хи къахæй цыдис.
Уæззау уыд адæмæн уæ уаргъ.
Аслам уыд сæфт удтæн сæ аргъ.
Цыдыстут давгæ æмæ маргæ.
Сырдта уæ мадæлты ælгъыст,
Сæ фыртты фенамонды рыст.
Фыдæх дæр амондау у ссаргæ!
Фæдæ ды номхæссæн, мæ фырт,
Уæддæр дæм иу хорз фæнд нæ уыд…

132

Дæ ивгъуыд æз рæгъмæ хæссын,
Цæмæй фæцагайон дæ зæрдæ.
Æниу та ме уæны кæсын –
Хъысмæтæй домын æз æгæртæ.
Фæлæ ныфсæй у лæг æгас.
Нæ удтæн раздзæуæг – ныхас.
Кæд цардæн раст скæнис аргъ.
У цард цыбыр, фындвæндаг – даргъ,
Уысмау – нæ зæххон царды дуг…
Цагъайраг мауал у æхцайæн,
Дæ удæн мауал уæд фæсайæн,
Дæ цыдæй мауал кæлæд туг».
«Ныхъхъус у, ‘нæнымад сælхæр!
Æгъгъæд æргомæй мæн æфхæр!»

133

«Уынын, дæ ныхас у цæхгæр,
Фæлæ мæн та фæнды куыд хуыздæр…
У сонт дæ цæстæнгас æгæр,
Мæ удæн нæу æхцон дæ хуыз дæр.
Фæлæ та ног рæдийыс ды…
Дæуæн мæн рухс фидæн фæнды.
Зейнап, дæ ныййарæг, дæ мад,

Ænæ dæy sagъæssag – йæ цард.
Дæ мæтæй уый зæрдæ фыдохы
Дæумæ цæрæнбонты хъæцы,
Йæ судзгæ цæссыгты мæцы.
Уадз, ивгъуыд баззайæд ныр рохы.
Нæ хæдзар бацагураем ныр.
Хуыздæр у сидзæрæй мæгуыр…

134

Æмæ дæ курæг дæн, мæ фырт,
Ænæууæнк мауал кæн мæ фæндыл.
Уыдтæн, дæу уарзгæйæ, ныхкъуырд,
Зылдтæн цæрæнбонты дæ фæдыл.
Мæ риуы уарзаг зæрдæ – сонт,
Уадз, уæд мæ цард дæуæн нывонд.
Уынон дæ хорз амонд æрмæст –
Цынæ дын бауарздзæн мæ цæст…
Уæдæ дæ абон курын æз –
Лæг, дам, нæ фидауы кæуагæй,
Фæлæ цы дæн зæгъинаг рагæй,
Гъе уымæн нал зонын фæрæз.
Дæ риумæ бахъарæд мæ дзырд:
Ссар æгас хæдзар, мæ фырт!»

135

«Зæгъ-ма, ныр ды мæнæн цæй фыд дæ?
Æниу йæхион домы туг…
Мæ цард мын халынмæ æрцыдтæ –
Дæ дон нæ ауайдзæн рæсуг.
Фæнды дæ, ау, æргом мын зæгъ,
Цæмæй мæ кусæнгарз уа тæрх?
Зæгъын дын – уымæн нæй гæнæн,
Мæ кад зынаргъдæр у мæнæн.
Зылдтæ цæрæнбонты мæ фæд.
Ныр мæн фæлывд ныхæстыл дарыс.
Ды «Вольво» «Жигули»-йыл барыс,
Кæд «Волгæ» никуы федтай уæд?
Æргом ныр рацыди дæ хин:
Мæ цард мын бакæнай дæхи!

136

Дæ фæнд – мæнгард лæджы бæллын –
Дæ дæлбар бакæнын мæ бæркад.
Дæ уарзтæй, дзурыс ды, – мæлын!
Мæ цæстмæ даргæйæ, дæ лæггад…
Дæхæдæг хоныс мæн бындар,
Фæнды дæ, бауон ныр дæ бар!
Фæлæ нын иумæ уæвæн нæй.
Дæлбар нæ рауайдзæн мæнæй.
Уæдæ фæрæдыдтæ, зæронд,
Дæ хъуыды – мæнг æмæ гадзрахат.
Дæ фæндыл сразыйæ мæм ма хат.
Æндæр ран бахардз кæн дæ зонд.
Дæумæ æрхауд дзырды бар ам,
Цæмæй зæгъæм фæстаг салам!

137

Æз Веденойы федтон хæст.
Мæлæты цæстытæм уым кастæн.
Уыдтæ ды ахæмтæй ирвæзт,
Уæдæ мæлæтæй æз кæд тарстæн?!
Мæнæн уæд хъауджыдæр нæ уыд,
Мæ къухтæй цал лæг мард æрцыд.
Мæхæдæг абон дæр – æгас.
Æфтауын адæмыл дæр тас.
Кæсыс, уæды дуджы бæркад
Уыди мæ хъомысæн æмхасæн.
Нæ уыд мæ бæллицæй иртасæн –
Кæнынц мын къæрныхтæ лæггад.
Цæуы æппæтыл дæр мæ бар.
Æфты мæ дзыпмæ дæр дзæвгар!

138

Дæуæн мæ царды нæй бынат.
Нæ уыдзæн иумæйаг нæ фидæн,
Дæ къæс мын не скæндзæни ад.
Æниу, дæ хæдзары æз чи дæн!
Æмбарын, дæу хъæуы Зейнап,
Цæмæй дæтта дæ монцæн дзуапп.
Цы зæгъын уый ныхмæ æз та!

Цы хъом у донластæн къæвда!»
«Ей, уый цытæ дзурыс, сæрхъæн?!
Кæд ма уыд, мадмæ у фыддзых?!
Æви дыл бавзарон мæ тых?!
Йæ разы зоныгыл æркæн,
Хатыр дзы ракур, науæд æз
Ныр зонын йе ‘гадæн фæрæз!»

139

Зейнап фын фенæгау уыди,
Сæ хъæр йæ рыст зæрдæйы уади.
Йæ удыл тасы арт цыди.
Æрлæмæгъ, бауадзыг, æрхауди.
Æваст фæцырд и уæд Султан,
Фæдардта цæнгтæ йæм уæздан,
Æмæ йыл, хъавгæйæ, хæцыди,
Ныр уый йæ цæсгом дæр хъæцыди…
Гъе стæй фæхъæр кодта: «Мæ фырт!
Цæугæ, æнæзæрдæ, мæ разæй!
Зæрдæскъуыд мах кæныс æгасæй!
Дæ хуызæн никуы уыдзæн сырд.
Дæ мадæн бауарзæд дæ цæст –
Цæй дохтыр! Доны къус æрмæст!»

140

Лæууыди дурдзавдæй Хасан,
Цыма стыр сайдæн æвдисæн.
Зынди йыл райгонды нысан,
Йæ дурзæрдæ цы зыдта рисæн.
Зейнап та сабыræй хъæрзыдта,
Æрцыди йе ‘муд, хи æруыдта,
Æнцæйтты бандоныл æрхауд.
Уыди Хасаны фæнд та цауд:
«Кæнынц, цæстуынгæйæ, æфсон
Æмæ нымайынц мæн æррайыл.
Фæлæ сыл мидзæрдæйы райын,
Мæнæн сæ бамбарын – æнцон.
Цыма нæ хаты дохтыр, ау,
Дæтты мæ къухтæм уый Хуыцау!

141

Султан ын бамбæрста йæ фæнд,
Æмæ æргом Хасанæн дзуры:
«Кæй дæ æгъатыр, уый фæуæд,
Фæлæ фыдзонд дæу цардæй суры.
Дæуæн æнæфсис у дæ низ.
Зæгъ-ма, цы ахъаз у дæ ис,
Кæд зæхх дæ алыварс дзыназы?»
«Султан, нæ бамбардзæн йæ азым.
Æгъатыр разынди хъысмæт:
Нæ радта уый зæрдæ нæ фыртæн.
Нæ кæны мур аргъ дæр нæ дзырдтæн,
Фæлæ æндæр у ныр мæ мæт.
Ныр Хоргалм, Тит зындзысты тагъд,
Цæмæ уæд асайдзæн уæ загъд!

142

Йæ къухы кий уыныс? Бæлвырд
Нæ гуыры хорз фæндтæ йæ сæры.
Рæвдз у лæг марынмæ дæ фырт.
Нæ зæхх куыд фæразы æвзæры!
Дæу ам ныр баззайын нæ хъуыд.
Цæуис ныр тагъд, фæлæ ма куыд?
Куы зыной йе ‘рдонгтæ уæдмæ.
Мæгуыры суры дур хæрдмæ.
Тæригъæд ничи зоны ам,
Хуыцауы аргъуцæй, æфсæрмæй
Нæ цæуы иу хорз фæнд сæ сæрмæ.
Æгъдауыл, уагыл систой арм.
Уæдæ сæ мацæуыл уал дом.
Ныр лидзгæ – сусæг уа, æргом!

143

Уæдæ мæм чифæнды цæуæд.
Цæттæ – Мартынимæ дæр хæстмæ.
Стæгдар, Хоргалм дæр фæуæд –
Схæцæм се ‘лдарæн йæ цæстмæ.
Мæ уонг æз айтынг кæнон ног.
Сæ ныхмæ рахæцын мын - рог!
Æрмæст æй зоныс, ды, ælдар,

Мæнæн ды баххæссыс бындар.
Уæддæр мæм дзуры ног мæ зæрдæ-
Ссарæм фарн фыдæй-фыртæй.
Æппæтдæр сырæзы дзырдтæй.
Кæннод куы бабын уой нæ сæртæ…
Мæ фырт, æгас хæдзар ссар!
Дæ мулкмæ ницы дарын бар…»

144

«Кæд ма уыд – мард дзыхæй дзырдта!
Зæронд, фæсайдта дæу дæ зæрдæ.
Дæ хъысмæт аскъуыддзаг, ныр та
Дæхимæ мауал ис æгæртæ…
Мæ цардæн зонын æз йæ уаг –
Кæм уон, цы уон, цы мын у фаг…
Дæуæн та æз, куы зоныс хорз,
Лæгæй-лæгмæ дæр зонын хос.
Мæ къух дæм баххæссыди ныр,
Æрмæст, дæ зæрдæ дын æвдисæн,
Зейнап нæ хъæуы мах фæдисæн.
Нæ федтон – иу ныхас цыбыр…
Кæд æз йæ хæрзтæй дæн ælгъæд,
Уæддæр мын ныр хæрзбон зæгъæд…»

145

«Хасан, нæ ацæудзынæн æз!
Султан, тыхæвзарæн ды ма кæн!
Мæ цардæн зонын æз фæрæз –
Нæ хъысмæт иумæйаг у махæн.
Мæ цард æнæ дæуæй – фынау!
Нырмæ куыннæ æмбæрстон, ау!
Фæлæ æндæр æрцыд рæстæг.
Мæ фырт, нæ тохы бон хæстæг!
Уадз, æз æвæстагæй фæцæрон –
Хъæцы уæм ахæстоны тар.
Ныр уадз дæ хъузætты мæ бар!
Æрцыд фыдрæстæгæн йæ кæрон.
Вæййы мæрдтæмдзæуæг уæндон.
Кæмæн у ахæм цард фæндон!»

146

«Æгайтма рацыдтæ æргом!
Дæ сæфтыл басастæ дæхæдæг.
Ныр ног кæмæн радтай ды ком,
Гъе уый мын хоныс ды мæ хæстæг.
Ныр дæр та ууыл дарыс арм.
Кæм ис сылгоймаджы æфсарм?
Нымайыс дурзæрдæйыл мæн,
Дæуæн адджындæр у лымæн!
Цымæ куыд тагъд ферох и дæу,
Кæддæр æфхæрд æмæ æгадæй
Æд хъæбул дæу куыд сырдта цардæй.
Æгъгъæд уый зонд зонынæн нæу?»
«Уынын, лæууы дæ удæй дард,
Цы у лæгæн Хуыцауы ард!..

147

Мæ разы бахордта уый ард,
Фæлæ нæ ныууагъта йæ фырты,
Æдзух нæ цæрайæ уый цард…»
«Нæ уынын мидис æз уæ дзырдты,
Кæд мын нæ зæгъай ды бæлвырд:
Фыццаг хатт сайд дæуыл куы ‘рцыд,
Дæуæй куыд бамбæхста дæ лымæн,
Йæ ус уæззаукъах уыди уымæн?»
Зейнапыл разылд дуне уæд.
Йæ цæстыл абадт мигъ фыр мæстæй.
Фæлæ куы ракасти йæ цæстæй,
Дывæр уæд фестади йæ мæт:
Фæлдæхтæй астæрдыл йæ фырт,
Йæ туг йæ улæфæнтæй цыд…

148

Ныххъæрзыд, банкъуыста йæ сæр,
Фæбадæг, уæрагыл æрзоныг –
«Дæ арм уæззауæн нæу æвзæр…
Фæлæ цы уыдзæн, уый æз зонын:
Ныр та ды бавзарай мæ тых»!
Хасан æм сарæзта йæ ных,
Йæ къухы февзæрд кий æваст,

Гъе стæй йæ фехста фатау раст.
Фæлæ фæивгъуыдта мысан,
Рæстдзæвин нал фæци нæ фысым.
Ныр ма йын ахæмтæй цы ‘нтысы?
Ælдарау нал фесгуыхт Хасан…
Æмæ йæ маст исынæн, кæс,
Йæ дзыппæй фелвæста хæдæхс.

149

Гъе уымæн чи уыди æнхъæл!
Æваст хæдæхсы къæрцц фæцыди.
Фæлæ уæдмæ бильярды хъæл
Æвиппайд уæлдæфы æрзылди.
Æмæ йын батыдта йæ ных,
Фыдцæфæн разынди æдых.
Куырисау афæлдæхт æваст.
Зейнапмæ ног фыдæх æркаст.
Æмæ мæнæн зын уыдзæн ныр
Дзырдтæй сныв кæнын йæ сагъæс.
Хъысмæт, куыд æххæст кæныс ахæс!
Æппын куыннæ зоныс хатыр!
Тæхуды, о зынаргъ хæлар,
Куы уаид уый амонд мæ бар!

150

Султан къæйдурау фестад раст,
Йæ цæсгом – цикъæйæ фæлурсдæр.
Кæдæмдæр састзæрдæйæ каст.
Цыма дзы ферох и æнус дæр.
Гъе афтæ исдуг уый лæууыд,
Гъе стæй æрæмбæрста, цы ‘рцыд,
Цыма фæснозт æрци æрвонг –
Мыдадзау батади йæ уонг.
Зейнап дæр дард кæдæмдæр каст.
Йæ зæрдæ бауурндын нæ куымдта…
Ныpма йæ фыдохыл нæ куыдта,
Йæ фыртмæ бакæсынæй тарст:
«Ныббар, хъæбул, мæ зæрдæ тоны,
Фæлæ Хуыцау æппæтдæр зоны…

151

Куыд раджы ахицæн дæ цардæй,
Фæндаг куы айгæрстай мæрдтæм.
Фыдох ныл бафтыдтай дæ мардæй,
Ныр ма æнæ дæуæй цы стæм!
Ды мын дæ мæлæт ссардтай ныр,
Дæ туг ныллæууыди цыхцыр.
Кæй хуыдтай а зæххыл хæлар –
Сæ тæрхон уыдонæн – сæ бар!
Дæумæ адзал æнхъæлмæ каст…
Æз дæ мæ комдзæгтæй фæхастон,
Мæ рухс фидæн дæуимæ бастон!
Ныр мын кæныс дæлзæхмæ раст.
Дæттыс мæрдты бæстæн ды ком.
Мæнæн дæр уырдæм дзурыс, цом…

152

Султан, зæгъын дын æз бæлвырдæй,
Гъе уый – йæ адзалы нысан.
Нæ фестæм райгонд мах нæ фыртæй,
Тырныдта ингæнмæ Хасан.
Æмбæрста, æз дæуæн зæгъон!
Йæхицæн рахаста тæрхон.
Уыди мæлæтæн уый йæ фос…
Æгас æвдисæн дын æз дæр –
Мæлæтæй бахызтай дæ сæр,
Фæлæ мæ рыстæн нал и хос.
Мæ уд фыдæбæттæй фæхъæстæ.
Мæ фырт, цæуын æз дæр дæ фæстæ…

153

Æнæ дæу мæн нæ хъæуы цард.
Зынаргъ Султан, æрцыд ныр афон.
Цæуын, дæу уарзгæйæ, æз дард.
Зындонæй ирвæзын æз абон.
Кæсыс, мæ дзыккуйы æнцад
Æркодтой урс хæлттæ бынат.
Уыди мын а зæххыл нывгонд,
Цæмæй нæ уарзтæн уон нывонд,
Мæ хъысмæт уыд дæумæ бæллын.

Нæ иунæг фембæлдмæ хъæцыдтæн,
Ныр царды изæрмæ æрцыдтæн.
Фæци мæ хурхæтæн, мæлын…
Нæ фæдæн амонджын, цы кæнон.
Хъысмæт мын бакодта йæ кæнон.

154

Зын у, фæхицæн уæм бæстон.
Мæрдтæй ма чи ‘рцæуы дунемæ.
Фæлæ фыддзард дæр нæу мæ бон.
Дæ уарзт та ахæсдзынæн мемæ.
Фæлæ уал ныр дæ удæн – тас.
Хасаны барджыны ныхас
Æнхъæлдæн, Хоргалмæн лæвæрд у,
Йæ къух йæ кæрддзæмыл æвæрд у.
Дæумæ æнхъæлмæ уый кæсы.
Фæлæ æз сусæг фæндаг зонын,
Дæу æз мæлæтæй цардмæ хонын:
Цæр ды дæ фергъæвды фæрцы.
Кæннод куы расидай ды тох –
Дывæр мæн баййафдзæн фыдох…

155

Лæууы дæ фæскъæбут адзал.
Мæ фæндон ма нымай æгадыл.
Ныууадз дæ сагъæстæ, ныр уал
Дзæбæхæй сæмбæл ды бынатыл.
Мæ удæй уарзын дæу фылдæр,
Нывондыл разы дæн ныр дæр.
Фæлæ нын иумæ нæй цæрæн –
Кæд уыд мæрддæмдзæуæг сæрæн!
Уым къулыл ауыгъд нывмæ кæс:
Йæ уæлæ сау æгънæг – ныххæцæн.
Гъе уый дæ фæндагмæ ныккæндзæн,
Стæй дарддæр ардзынæ фæрæз.
Мæнæн та ныр фæци мæ цард.
Хæрзæхсæв, ма-иу кæн æнкъард.

156

«Зейнап, фæлæу-ма, ма кæн тагъд!
Мæрдтæм куыд ацæуæм фæд-фæдыл!»
Йæ удæй арт нæ фæци цагъд
Зейнап, ныр ног æфтыд йæ мæтыл:
«Султан, лæгау мын ратт ды дзырд –
Дæ дзуйæ н‘ амарди нæ фырт –
Æмæ дæ зæрдæ ууыл дар.
Дæ фыдгой никæмæн ис бар…»
«Нæ, ардыл мауал бадом мæн.
Уыддæн мæ дзырды уацар раздæр.
Ныр та уыдзæн нымæлын растдæр.
Фæнды дæ ахицæн? Цæмæн?
Фæлтау ысиу кæнæм нæ цард.
Нæ уарзтыл бахæрæм ныр ард!»

157

«Цæмæн ма ног кæныс, мæ хур,
Уæвæн цæмæн нал и нæ дуджы?
Мæ зæрдæ сагъæсæй ныддур –
Мæ хъæбул ам мæцы йæ туджы.
Нæ фырт æнцондарæн нæ уыд,
Фæлæ уæддæр ды дæ йæ фыд.
Дæ судзгæ риссаг зонын æз –
Æмæ дын барст уыдзæн йæ хæс.
Нæ вæййы азымджын нæ уарзт.
Ды йæм æргом риуæй фæцыдтæ.
Фыста уый фидисæй дæ дзырдтæн.
Фыдæх нæм уый цæстытæй каст.
Зæххыл уый цас ныккалдта туг.
Ныййардта ахæмты нæ дуг!..

158

Цæй ныр цæугæ! Мæн та фæнды
Мæ марды цæстытыл æрхæцын.
Дæхи фыдгултæй бахиз ды.
Æз дын дæ ацыдыл нæ хъæцын…
Ды Титæй бахъаххъæн дæхи.
Уый у гадзрахат æмæ хин.
Æмæ йын чи зоны йæ уаг,

Уый нæу йæ тæфæгтыл цæуаг,
Цæмæй дзы баззайа æвыд…
Ныр цу, дæ уды байс мæлæтæй.
Мæ зæрдæ сулæфа дæ мæтæй…
Уыныс, мæ рæстæг ныр æрцыд,
Æмæ куы фехалай мæ фæнд,
Дыккаг мард дын кæндзынæн уæд…»

159

«Нæ азым никуы уыдзæн барст.
Нæ фыртæй туджджынтæ мах фестæм,
Æгæр у иу удæн йæ маст,
Æз æй ныффæраздзынæн, де стæн.
Фыдæлгъыст, уадз, мæныл цæуæд.
Хъысмæтæн уый фæндон фæуæд.
Тæрхоны карзæн дæн аккаг.
Мæнæн хатыр нæ уыдзæн фаг.
Мæ азым фидгæ у бæстон.
Цæмæй æрыздæхон рæстагæй.
Мæ цард, мæ бон ды куы дæ рагæй…
Фæнды мæ уон дæуæн бæззон.
Ныр та цæугæ мæлæтæй дард,
Кæннод мæн дæр нæ хъæуы цард!»

160

«Мæ сонтæй æз куыд уарзтон цард,
Ныр та зæххон мæ бæллиц нал у.
Ныббар мын, ма-иу кæн æнкъард.
Мæн цардмæ нал хæссы мæ хъару.
Мæ уд – фыдæбæттæй хъæстæ.
Нæй удтæн иумæйаг бæстæ,
Æмæ нæ бахъæудзæн фæхицæн.
Ныр та сæрфат ссар дæхицæн.
Лæгмарты ардæм хъæуы ныр.
Æмæ цы домыс ды лæгмарæй!
Хасан сын басгуыхти ælдарæй,
Сæ тæрхон уыдонæн цыбыр!
Уæдæ фæтагъд кæн, ды, мæ хур,
Дæ цардыл ма ныффæлдах дур!»

161

Фælæ сын ферæджы уæдмæ.
Æваст мæсты хъæртæ æрбайхъуыст.
Уый мæстæй хауди Бур хæрдмæ,
Йæ фæстæ Стæгдар рæвдз æрбахызт.
Стæгдар бафарста былалгъæй:
«Ам гæнæг чи у, чи, сымахæй?
Кæд конд уыд развæлгъау уæ фæнд!..»
Фыдгултæ уый ахæсты уæнт!
Йæ къухы финаг кард уælвонг.
Æвзагæй кæд нæ уыд æххæст,
Нæ зыдта тохы уæд мæнгæхст.
Æфсæн мæцъисау уыд йæ цонг.
Уыдис йæ нуæрттæй бæрæг –
Æнгуылдзæй амардтаид лæг.

162

«Нæ хъаугъа райдыдта ныхасæй.
Йæхи мæм равдыста къæйных.
Æз фехстон ууыл хъæл мæ мæстæй –
Фæцæф мæ хъæбулы тæрных.
Фælæ мæхи бар у мæ цард
Æмæ мæнæй цæугæ ныр дард!
Сты уæ хъуыддæгтæ бælвырд.
Æниу, уæ фыццаг уыд мæ фырт.
Мæхæдæг закъон зонын хорз.
Æфхæрд дзы райсдзынæн аккагæй.
Сымах та чи фæрсы? Мыггагæй
Нæхæдæг зонæм уымæн хос.
Нæ зонут, æз дæуæн зæгъон,
Рæстагæн марыны тæрхон!

163

Уæдæ мæ азым зонын æз,
Мæн тыххæй ам æппæтдæр рауад.
Цæттæ дæн бафидон мæ хæс…».
Зейнап уый дзургæ-дзурын ахауд.
Æрбырыд астæрдмæ æнцад.
Хæрдмæ йæ дæлгуыр уæд æнцад…
Султан ыл, хъавгæйæ, æрхæцыд,

Ныр дæр ын йе ‘гадыл нæ хъæцыд.
Уæдмæ Стæгдар систа кард
Æмæ йæ хъавд уыди Султанмæ.
Фæлæ нæ фæхæццæ нысанмæ –
Фыдхинæй басыгъди мæнгард!
Султан æм фестад æмæ – цæф!
Йæ цæстæй фесхъиудта стъæлф.

164

Фæцæф и дзабырæй йæ тæн,
Æмæ фæцагайдта йæ риссаг.
Гъе уыцы фидæрттæ, фæтæн
Нæ разынд иу цæфы æмбисваг.
Султан Зейнапмæ аздæхт уæд –
Ныр Бураен уый æгъгъæд фæуæд –
Йæ фагæй айста уый фылдæр,
Быры йæ цыппæртыл ныр дæр.
Слæууы уæрджытыл зынæй,
Куы сиды рудзынгæй æххуысмæ.
Дæ фыдгул бакæса йæ хуызмæ!
Фæлидза, уый бон дæр æй нæй.
Хуыссы æнæ сымæй Зейнап,
Цыма йын фелвæстой йæ апп.

165

«Цæй дохтыр хоныс ды дæхи!
Фæзынд дæ агурæг дæ мæлæт…
Дæ ныхмæ рацыди дæ хин!..»
«Ныууадз æй, Тит, уый мæ тæлæт,
Æмæ йæ бауадз ныр мæ бар.
Ды та, ænамонд маргъ, æмбар,
Кæд ма дын уый фаг ис æмгъуыд –
Зæххыл дæ райгуырын нæ хъуыд!»
Султан æрхауд æфсонæн уæд,
Гъе стæй уæззау, цыма, хъæрзыдта.
Ныр Хоргалм уыдæттæ нæ зыдта,
Уый конд нæма фæци йæ фæнд,
Султанмæ багуыбыр æд кард –
Фыдцæфæй аскъуыди йæ цард.

166

Мæрдтæм æнæ сымæй фæцыд,
Фæлæ йыл чи скæндзæни хъарæг?
Куынæ йын мад, куынæдæр фыд –
Зæххыл кæмæн уыди йæ дарæг?
Фæлæ уæдмæ фæзынди шут.
Цы ‘рцыди? – Хъары уый йæ уд.
Йæ мæнгард цæсгомыл зындис.
Цы уыдта, уый йæм касти дис.
Æмæ йæхинымæр дзырдта:
«Султан у ацы ран тыхгæнæг –
Ныр мæрдты разындзæн ныгæнæг –
Уыдзынæн уый дæлбар ныр та…» –
Æмæ æдзынæг Титмæ каст,
Сси уæлахизгъуыз æваст…

167

Тит уымæ басидти хæстæг –
Æгъгъæд уыд иунæг цæф дæр шутæн,
Йæ къух – фæлтæрд, йæ цонг – мæстæг,
Бæлвырд дзы тас уыди йæ удæн…
Ныр ма йæ алидзын фæндыд,
Фæлæ дзы нал баззад æвыд.
Йæ хурхыл уайтагъддæр фæхæст –
Ныр туг йæ цæсгомыл лæдæрст.
Султанæн ауазал йæ уæнг.
Ныр æм рæуфынау каст уæлахиз.
Йæ къухы кий, ифтонг йæ рахиз,
Æрмæст куы фæивгъуыйа цонг…
Куы вæййы цъыссымы нæ цард,
Уæд лидзæм намысæй дæр дард…

168

Нæ зонын, цас рацыд рæстæг…
Мæхæдææг баризын сæ тасæй.
Султан – нæ зæрдæйæн хæстæг –
Фæсхæст нын баззади æгасæй.
Фæлæ фæуадзыг ис куыддæр.
Æниу, фæсхæст вæййы фыддæр.
Уæдмæ сæм «Тагъд æххуыс» фæзынд,

Султанæн рахастой йæ сынт,
Стæй ноджы рахастой фæд-фæдыл
Кæйдæрты сынтытыл, æниу
Æндавы се ‘ппæтæй мæн иу,
Уæд ма цы маст кæнын æндæртыл?
Цы ма сын уарзы ныр мæ цæст –
Сæ мæрдтæ ахæссын æрмæст…

169

Фæлæ мæ бахъæудзæни ног
Ныр демæ аздæхын, мæ хæлар,
Зейнап кæм носта масты ронг,
Кæм фæци маройаг йæ хæдзар.
Йæ уд куыд баурæдта маст –
Йæ фыртмæ, уд исгæйæ, каст,
Султанмæ, сау туджы мæцгæйæ
Æмæ лæгмартимæ хæцгæйæ.
Йæ цæстыл уади туджы зæй,
Цыма Султаны уый фæласы.
Йæхи йын тугуылæн нылвасы –
Æмæ дзы аирвæзæн нæй…
Гъе афтæ стыр уыди йæ маст.
Уыд мардау, цæстæй ныр скаст…

170

Хæрзрайсом хабар айхъуыст дард:
Стæгдар, Хоргалм, Тит – фыдгæнæг,
Хасан – æрцыдысты, зæгъ, мард.
Æмæ сæ чи уыди ныгæнæг!
Хасаны тугæрхæм быдыргъ –
Ныр дзаг уыд адæмæй йæ тыргъ –
Фæстагмæ аластой хъæмæ.
Уыд Тит йæ рахиз цонг, æмæ
Æрцыд йæ рахиз фарс æвæрд.
Æргом сæ хъузæттæ цыдысты,
Цыма тыхæй хæцгæ сæ рыстыл –
Сгуыхтæн кад раттын æмбæлд.
Дзæвгар сæм се ‘рдонгтæй фæцыд.
Сæ сæргълæууæг дæр семæ уыд.

171

Ныгæдтой мæрдты стыр цытимæ,
Зынаргъдæр табæт ма кæм уыд!
Сæ фæдыл къæрныхтимæ иумæ
Сæ кадджын хицæуттæй дæр цыд.
Цыдысты ахæм хуызæй раст,
Цыма æгæрон у сæ маст.
Фæхъуыди се ‘хсæнæй ældar,
Ныр ма сын чи хиздзæн сæ бар?
Кæд абон дунейæ фæхъуыд
Дыууæ фыдлæг, дыууæ лæгмары,
Кæд абон алчидæр æмбары –
Фæци фыдгæнджыты æмгъуыд,
Уæд ныр куыд нæ дзурой: «Æллæх!
Куыд æрцыд ахæм стыр бæллæх!»

172

Мартын та уæд фæндагыл цыд.
Ростовы уый хъуыддаг æвзæрста.
Хылты цырен йæ бæллиц уыд,
Цыма цы у фидыд – æмбæрста.
Уыди тæрхонгæнæг Мартын.
Æмбæрста къæрныхтæн сæ зын.
Цыбыртæй, уый æвзæрста хъаст,
Йæ хатдзæг уыд – Мартын у раст.
Ныр дæр та бакодта йæ куыст,
Фæци та ног уæлахиз тохы.
Нæ зыдта – йе ‘мбæлттæ фыдохы,
Нæдæр æм сау хабæрттæ хъуыст.
Фæлæ йæ фæдыл марæг зылд…
Йæ мард та дæлбылмæ ныттылд…

173

Зейнап æрæгмæ ‘рцыди йе ‘муд.
Æрхуымæй й‘ алыварс уый каст.
Цыма цæуылдæр мидбыл бахудт,
Стæй симды бацыди æваст.
Йæ хъæрæй рынчынты фæсырдта,
Ныхудт, кæуын йæ зæрдæ ‘ркуырдта,
Фæбадæг астæрдыл цæхгæр,

Ныссабыр, нал райхъуыст йæ хъæр.
Ныр уыд сабыр æмæ æнкъард.
Цыдысты дохтыртæ фæдисы.
Цы схоной – нал зыдтой – йæ низы,
Лыгъдысты адæм уымæй дард.
Фæстагмæ ‘рцыд сæ хатдзæг конд:
«Мæгуыр, фæхæццæ ис йæ зонд!»

174

Султан уæд рынчындоны уыд,
Гъе уымæй райдыта йæ ахæст:
«Зейнап кæм уыдзæн æмæ куыд?
Кæд æм лæгмарджыты къух баххæст…»
Султанæн асасти йæ тых.
Йæ цонг – знаджы цæфæй пырх.
Фæсвæдæй дохтыртæм, бæлвырд,
Цыди йæ лыг кæныныл дзырд.
Цы ма у уæнгцухæй буар!
Фæлæ йæ амондыл хъæцыди.
Уæдмæ йæм ног хабар æрцыди:
У гом ныр ахæсты дуар.
Уæддæр æфхæрдмæ ‘нхъæлмæ каст,
Фæлæ тæрхоны бон сраст.

175

Нæ хъайтар царды зынтæ схаста.
Сси йæ царды нысан тох.
Йæ хъысмæт уыимæ сбаста,
Цæмæй æндæртæй ма уа рох,
Цæмæй сæм фехъуыса йæ хъæр.
Кæй сыгъта дуджы сау цæхæр,
Гъе уыдон талынгæй хызта,
Йæ сидт сæм газеты фыста.
Уый сидти адæммæ æргом,
Æмæ сæм хъуыст йæ дзырд рæстагæй.
Йæ фæндон гуырд йæ уды тагæй:
«Фæдис! Æрбалæуут æнгом!»
Уæндонæй чи дзырдта рæстыл,
Бæрц уыди ахæмтæ бæстыл.

176

Мæ роман ныр фæдæн æз фыст.
Роман æй дзæгъæлы нæ хонын.
Куы зæгъон – м‘астæу ыл фæрыст,
Уæддæр æндæр ныхас нæ зонын.
Фæндыд мæ, радзурон уын æз,
Куыд хæссы уарзт нæ удты рæз –
Зæххыл цы уарзтæн нæй æмбал –
Гъе уымæн агуырдтон амал.
Фæлæ мæнæй нæ фесты рох
Зæххон фыдæх дуджы нысæнттæ,
Æгъатыр, хъал лæгты фыдвæндтæ,
Гъе стæй мæ рæстаг уды тох.
Султаны бафæзмгæйæ, æз
Ссардтон уымæн ныр фæрæз!

Ростовы облæст, г. Каменск-Шахтинск,
1998 азы ноябрь-декабрь.

Ратæлмац æй кодта æмæ йыл литературон æгъдауæй
бакуыста ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

ЕГАР

ДЗЫРДЫ ХЪОМЫС

Дæ зонд цасфæнды фæдом, лæмар æй, стæ-ма, æмбисæндты тыххæй исты ахæм зæгъ, æмæ дæ ныхæстæ сæхæдæг æмбисондæн хæссинаг куыд басгуыхой, зæгъгæ, фæлæ…

Фæлæ – дзæгъæл фыдæбæттæ: никæй зонд фæуæлæхох уыдзæн адæмы 'хсæнæй рантысгæ зондыл; кæд исчи æцæджы зонды къуыбылой у, уæд – дзыллæтæ сæхæдæг…

Куыд нæ зыдтаиккой нæ курдиатджын фыдæлтæ Библийы ныхæстæ дзырды кад æмæ намысы, йæ хъомыс æмæ йæ табуйаг нысаниуæджы тыххæй: «Райдианы уыд Дзырд, Дзырд уыди Хуыцаумæ, Дзырд уыди Хуыцау!»

Зыдтаиккой. Ærмæст сæ комкоммæ не сфæлхат кодтой, нæ рафæзмыдтой. О, фæлæ, Дзырды насаниуæджы, йæ ахадындзинад, йæ æгæрон тыхы тыххæй абонмæ цы 'мбисæндтæ 'рхæццæ, уыдоны зонды авналæнтæ дæр кæуылты уæрæх, арф æмæ бæрзонд сты!

Цалынмæ, дам, иу кардмæ згъордта, уæдмæ йæ иннæ дзырды фæрцы амардта. Ирæн – дзырд, ногъайæн – дамгъæ. Ома махау уыдон дзырдыл не 'ууæндынц. Ир та, сыгъдæг ир ма куы уыдысты, алы галиумæхæцæг тæвагты уацары куы нæма бахаудтой, уæд ахæм зондыл фидарæй хæст уыдысты, зæгъгæ, йæ дзырдæн æууæнкджын хицау чи нæу, уый лæг нæу!

Лæгъз ныхас, дам, дуры гуыбынмæ дæр хъары. Рæстæй дæ цы ныхас бафхæра, уый та карды цæфæй дæр – бæллæхагдæр: тагъд рæстæджыты нæ байгас вæййы, йæ амæттаджы тъæнгтæ цæгъдынæй æфсис нæ фæзоны.

Гуытъиаты рухсыбадинаг Хъазыбег цы чиныг сарæзта – «Ирон æмбисæндтæ», – уырдыгæй се 'ппæт нæ, фæлæ дзы къорд æрхæсдзыстæм, се 'взаргæдæртæй. Ноджы Хъазыбегæн йæ растфыссынадмæ нæ ныхилдзыстæм, афтæмæй.

Дзырд халæг дæр у æмæ аразæг дæр.

Æмæ мæнæ бынтон диссаг æвдисæн дзырды домбайæн, йæ хуыцау-æмдых хъаругæнæнтæн:

Ныхас мæрдтæй здахы.

Афтæмæй, дам, лæджы хъысмæт аивын суанг Хуыцауы бон дæр нæу: дæ царды нывкарст дæ ныхыл фыстæй ома рахæссыс мады гуыбынæй…

Мæнæ ацы фæдзæхстау æмбисонд та, сфæлдыстады охыл йæ къухмæ фыссæнгарз чи райсы, уымæн уæлдай тынгдæр зæрдылдаринаг:

Дзырдæн Додзийы дурау авд æвæрæны ис. Додзи, дам, уыд дæсны мæсыгамайæг. Кой дзы баззади: дурæн дам-иу цалынмæ авд фæлдæхты не скодтаид, уæдмæ-иу æй мæсыгыл йæ бынаты не 'вæрдта.

Иронау дзурджытæй, йæ мадæлон æвзаг йæ уд, йæ дзæцц кæмæн у, уый æнæмæнгæй зоны ацы ныхæстæ, зæгъгæ, **дзыхджын – бæхджын, æнæдзых – фистæг,** фæлæ мæнæ ацы 'мбисонд йæхæдæг царциаты диссаг нæу, царциаты диссаг! – фыццагдæр æй, цымæ, кæй сæр æрцахста, цæй дымæгмæ фегуырд йæ цыргъ зонды:

Арвы ком уидыгæй хæрынæн бæзгæ скæны, ахæм дзырдарæхст у.

Къорд æмбисонды комкоммæ кæйдæртимæ, бæрæг адæмимæ баст вæййынц, сæ ном æмæ мыггаг дæр амынд фæцæуынц, афтæмæй:

Битарты хорз Хъайтыхъо – хуссары мырмыраг æмæ цæгаты булæмæргъ. (Хъайтыхъойы тыххæй ма таурæгъгонд ис Салæгаты Зояйы чиныг «Ирон адæмы сфæлдыстад»-ы, æз дæр æй уырдыгæй базыдтон æмæ йæ бахастон мæ уацмысты æмбырдгонд «Лæджы уаргъ»-мæ – иттæг цымыдисаг у. – Г.Б.)

Бирæ фыдæлтыккон æфсæрмытæ, æгъдæутты къæбиц у Хъазыбеджы чиныг, ирон туг æмæ стæгæн дзырды хæзнадон, æвзист фæрстыл сызгъæрин дамгъæтæй ногæй джиппы уадзинаг.

Уайсадæг чындзæн дам-иу æнæ сдзургæ куы нал уыд ахсджиаг цыдæр уавæрты, зæгъæм, фæдисы сахатыл, уæд-иу йæхи афтæ ралгъыста:

Мæрдты мæ дзых къæбутæй баст фæуæд!

Незаманты Лев Толстой Цæцæны ахæм æмбисонд фехъуыста: «Веревка хороша длинная, а речь короткая». Иронау дæр æмбæлы уый, æцæг хæдхуызæй:

Даргъ ныхасæй цыбыр бæндæн хуыздæр у.

Хорз загъд у афтæ скæрдын дæр, дзурын æмæ, дам, зæгъын иу не сты, – æцæгдæр, раст нæмыгагур зыгуым цæгъдæгау, фæлæ дзырд

йе 'хсызгонæй læварау куы уа, уæд та йæ кад дæр цæттæ:

Цы 'взаг тулы, уый æмбулы.

О, зынг зæгъынæй, дам, ком нæ судзы, нæ арауы (скажешь, дам, халва – во рту сладко не станет), фæлæ мæнæ цы зæрдæбын арфæ æрымысыд йæ æрымысæг: **Дæ комы фарн бадæд!**

Адæмы зонд, сæ фæнд, сæ тæрхон фылдæр хатт, ай-гъай, нымаинаг у, æрмæст дзы ахæм фæзилæн дæр фæфиппайдтой къæрцхъус фыдæлтæ: **Ныхасмæ 'рчъиаджы султъы (науæд галдзарм) куы рахæссай, уæд дзы дыууæ 'рчъихоры дæр нал рауайы.**

Уымæн, æмæ иу хом зæгъы, иннæ – фых, аннæ – цæххъуаг, цыппæрæм та – цæххæргом. Уæлдайдæр та дзыллæйы аивадон сфæлдыстады тыххæй не 'мбæлы фæрсын дæр æмæ цæдисон кæнын дæр…

Кæцыдæр æмбисæндтæ сæ кæрæдзиимæ ныхмæвæрд сты – фæйнæхуызон зонд амонынц: **Зæгъынæй нæ зæгъын хуыздæр у; Мадзура лæг амонджын вæййы; Кæд дæ маст хъæуы, уæд сдзур...**

Фæлæ:

Дæ дзырд кæм хъæуа, уым ыл фæстæмæ ма хæц; Ныхас хъуырмæ куы ссæуа, уæд йæ аныхъуырын тæригъæд у; Топпæн – сампал, лæгæн – дзых; Æргом дзырд læварау; Æргом ныхас хæлардзинад нæ халы…

Æмæ стæй: **Дзых дзурынæн у!**

Мæ хатдзæг та ахæм рауад мæ царды æрæгвæззæджы, зæгъгæ, чи цы лæджыхъæдджын у, цы мидуагон, цы зондыл дæвдæгæй æнæфæцудгæ хæст æмæ æнæбасæттон, иугъæдон – цы уыдзæн æмæ куыд уыдзæн фæстаг бон, уый æмбисæндтæй йæхион, йæ тугхæстæг, йæ зондæрвад æвзары…

Фыссæгæн та – хъæугæ æмæ æнæаргæ фæдзæхст: раст æй дæ зонды къæйдурыл арф скъах: **Цæст цы уына, хъус цы хъуса, уыдон се 'ппæт дзуринаг не сты!**

Стæй – о, о! – фыссинаг дæр не сты, ома литературон уацмысмæ хæссинаг.

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

ТОХСЫРТЫ Къоста

РУХС БÆРКАД

ФÆЗЗÆГ

Хур чысыл фæмынæг,
Нал вæййы зынгдзæст.
Алы ран læмбынæг
Бур нывтæ нывæзт.

Ацафон хуызисын
Хорз кæсы мæнмæ.
Сабитæн æвдисын
Бур æрдзы тæмæн.

Халы хъæд йæ арæзт,
Хохы сæр – зыгъар.
Арвы роны балæст
Мигъы сау къуыбар.

Хауы иууыл къоппæй
Сатæгсау æхсæр.

Дон фæласы комæй
Бур зæлдаг сыфтæр.

Хизæнуат ыстæнæг,
Баруади цъæххал.
Бурдзыкку хуымæллæг
Къутæртæй æркалд.

Дидинæг æргъæвсы,
Сонт дымгæ – сæнтдзæф.
Зад хуымæй æнхъæвзы
Хоры адджын тæф.

Махæн у йæ сæртæй
Цинты цин хæссæг,
Цардамонд – æппæтæй
Бурдзалыг фæззæг.

АВДÆНЫ ЗАРÆГ

(Адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ)

Уæлæ хъæндил
Æрцæуы.
Зæлдаг кæрдæг –
Цъæх нæууыл.

Мæнæ дзæбæх
Хъæндилæг,
Цæй мæллæг дæ,
Тæнтъихæг?

Хохæй цæуыс
Быдырмæ.
Æмæ рауай
Чысылмæ.

Æмæ рахæсс
Хæрзфынтæ,
Кæд фæсурис
Йæ рынтæ.

Мæнæ хъæндил
Ærхæццæ.
Цинæй дзаг у
Йæ зæрдæ.

Авдæн узы
Чысылæн,
Зарæг кæны
Фысымæн:

– Лоло, лоло,
Чысыл бон,
Ахуысс, айрæз
Сывæллон.

Дæуæн дæттын
Мæ бынтæ:
Мæ цин æмæ
Хæрзфынтæ.

Хъазын афон
Ærцæудзæн,
Урс гæлæбу
Ærтæхдзæн.

Цинæй, хъалæй
Цæрдзынæ,
Лæгау-лæгæн
Бæздзынæ.

Ныр та ма кæн
Фæстиат.
Базон исты
Дæсныйад.

Хъал дæ, бузныг
Дæ карæй,
Мады ‘хсыр дын –
Хæларæй.

Ифтонг авдæн
Сыгъдæгæй,
Æмæ бафсæд
Хуыссæгæй.

Ацы кадджын
Рæстæджы
Куы нæ кæнай
Æræджы.

Уæд цæрдзынæ
Æнцонæй,
Урсзачъе лæг
Зæрондæй.



Нывгæнæг
Григорян В.С.

ЦÆТТÆ ФЫСТÆГ

Нæ фыс ныззад
Уæрыччытæ,
Ныpма фæлмæн
Сæ джыджытæ.

Уæддæр дæйынц
Уæрыччытæ
Сæ иу мады
Дымст фæдджытæ.

Фæлвæрайæн
Йæ лæвæрттæ
Фыры хъултау –
Æмхуызæттæ.

Æмæ æдзух
Дæйгæ-дæйын
Сæ кæмтты фынк
Ыстынг вæййы.

Цыбыр хъуынтæ
Нæуæгдзыдæй
Цæхæр калынц
Къæбæлдзыгæй.

Æфсæстгуыбын
Уæрыччытæ
Куы райдайынц
Пыррыччытæ.

Дыууæйæ дæр
Дзæбæх ысты,
Сыкъатæ сыл
Фæзындысты.

Кæрæдзийы –
Гуыррыстытæ.
Ныртæккæ дæр –
Цæттæ фыстæ.

БАЗАРЫ

Базар ис нæ цуры,
Алцы уым – уæййаг:
Хъалгъæн æмæ нуры,
Сау нæмыг – цъæййаг.

Уæй кæнынц банантæ –
Иууылдæр – къæдзтæ.

Барæнтæ рæгъ-рæгъы
Бадырджантæй – дзаг.
Тасмачъи бæлæгъы
Ферттивы кæсаг.

Уарзын æз бæгуыдæр
Алтъами – хæрзад.
Бур, рæгъæд фæткъуытæ,
Хойраджы бæркад.

Хуссайраг нанатæ
Барынмæ – цæттæ.

Базары цынæ и,
Алкæмæн дæр – фаг.
Фæлæ дзы нæ вæййы
Зонд æрмæст уæййаг.



РАЙСОМЫ КЪÆВДА

Арв кæуы хæкъуырццæй,
Фемæхсти йæ къæрта.
Ныр кæй хъуыд сæукъуырццæй
Ацы бон тæрккъæвда?

Райсомы фынафон
Нæй кæрон йæ уардæн.
Арвы нæрдæй абон
Райхъал ысты адæм.

Къанæуттæй нæ уынгты
Ивылд дæттæ уайынц.
Арвы судзгæ зынгтæ
Мигъы арфы тайынц.

О, мæнæ тæрккъæвда,
О, мæнæ цы уарын!
Кæд, мыййаг дæ къæрта
Фестади хуынкъ арынг.

ФЫЙЙАГДОН

Хур ныккасти
Рагъæй коммæ.
Хох ысрухси
Арвы ронмæ.

Сау мæсгуытæ
Къултыл – рагон.
Хосгæнæг у
Хъæу Фыййагдон.

Амы уæлдæф –
Нæу уый сусæг –
Улæфæнты
Низтæ сурæг.

Саргъы кондæн –
Хохы саггом.
Удыбæстæ
Хъæу Фыййагдон

Хус дымгæйæ
Хъарм æвзæры.
Урс цъуппыты
Мит фæхæры.

Къахвæндæгтæ –
Гакъон-макъон,
Аргъау-биргъау –
Хъæу Фыййагдон.

СÆРД

Бонтæ судзынц арты,
Нал быхсæм сæ тæвдæн.
Цас хъару ис царды
Хуры рухс æндæвдæн!

Халсары æвзары
Алы сыф æмпылдтæ.
Ацы сæрд фæлвары
Алцæуыл йæ тыхтæ.
Комы дон ыснарæг,
Хус кæнынц йæ хъуыртæ,
Æмæ ныр йæ зарæг
Нал хъуысы æппындæр.

Ма тыхсут, нæ адæм,
Сæрд фыцы йæ рады.
Хъуамæ цард ыссарæм
Хуры рухс бæркады.



Нывгæнæг Григорян В.С.

БÆХ

Цалдæр азы
Дараем хорз бæх.
Алы бон мæ
Ис йæ хорзæх.

Саргъ ыл аваерын
Æз уайтагъд.
Уады хуызæн
У йæ атахт.

Уый нæ хъæуы
Никуы холлаг.
Донмæ дæр
Нæ кæны мондаг.

Ауадзын æй
Æз нæ тыргъты
Хъазæн бæх у:
Ис цæлхытыл.

БАЗОН-БАЗОНТÆ

* * *

Не 'фсæды уый хорæй,
Зилы алкæд донæй.
Зæрдæ – рухс йæ койæ,
Æз зæгъын…

(куыройæ)

* * *

Хъæд ныццагъдæуыд фæрæтæй,
Мæргътызарæгæй фæхицæн.
Æмæ уый дзырдта æфхæрдæй

Иу, дам дзы уыди нæхицæй.
Циу, уæд уыцы иу фыдгæнæг,
Хъæд цæй азарæй ныссæндæг?

(фæрæты хъæд)

* * *

Хъæд нæм давонмæ фæсидт,
Хуры тын фæзынг и.
Рувас акалдта йæ фист
Ног хъуын ыл фæзынди.

Къудзи рафтыдта къуыбыр,
Маргъ кæны йæ зарæг.
Уымæн æмæ ныр
Ралæууыди…

(уалдзæг)

* * *

Алы хатт кæны дыууæрдæм:
«Мæнæн дæр, дæуæн дæр».
Фæлæ нæу, мыййаг, æууæрдæн,
Кусы иудадзыг кæмæндæр.

Ирд йæ дæндæгтæ, æндонæй
Æмæ алмасийау цыргъ.
Хъуамæ базонай æнцонæй:
Уый у хæдзары дзаума…

(хырх)

* * *

Иу уысм дæр æнцад нæ лæууы,
Бон æмæ æхсæв фæцæуы.
Никæд зоны уый фæллайын,
Хур дзы бон йæхи фæнайы.

Иу æхсæв та уым хæрззæронд
Мæй ныххауд æмæ фæдæлдон.
Уæдæ уый цы уа, мæ фæдон,
Денджыз, цад æви…

(цæугæдон)

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ХУЫГАТЫ Сергей

ПРОТОТИПЫ ÆМÆ ÆРМÆСТ УЫЙ ТЫХХÆЙ ДÆР НÆ

Мамсыраты Хаджумар Испанийы кæй уыд, граждайнаг хæст дзы куы цыди, уыцы бонты, уый алчидæр зоны. Испайнаг патриотты æвварс тох кодта франкистты ныхмæ. Арæзта алыхуызон диверсион мадзæлттæ. Йæ фæсномыг – булкъон Ксанти.

Уæд Испанийы уацхæссæгæй куыста американ фыссæг Эрнест Хемингуэй. Иухатт, Хаджи йæ къордимæ хид рæмудзынмæ куы цыди, уæд æм Хемингуэй æрхатыд, æмæ йæ семæ акодтой. Хемингуэй федта, Хаджийы къорд хид куыд ныппырх кодта, уый.

Гъе, раст уыцы цауимæ баст у, Хаджи Эрнесты роман «По ком звонит колокол»-ы сæйраг архайæг Роберт Джорданы прототип у, зæгъгæ, уыцы ныхас. Роберт дæр хидхалæгæй æвдыст цæуы уыцы романы. Фыццаг кæмæ фæзынди уыцы хъуыды, стæй йæм куыд фæзынди – уыдæттæ ма чи базондзæн, фæлæ фæзынди. Æмæ дзурынц уыцы хъуыддаджы фæдыл алы бæрзонд трибунæтæй, фыссынц уый тыххæй алы газеттæ æмæ журналтæ. Дзурынц уый тыххæй, чиныг чи бакаст, уыдон дæр, æмæ йæ чи нæ бакаст, уыдон дæр. Фарон Хаджийæн Испанийы цыртдзæвæн куы гом кодтой, уæддæр адæмæн сæ ныхасы сæр уый уыди – Хаджи – Ксанти у Эрнест Хемингуэйы роман «По ком звонит колокол»-ы сæйраг архайæг Роберт Джорданы прототип.

Чи зоны, æмæ уыцы ныхæстæ чи кæны, уыдонмæ афтæ кæсы, æмæ, Хаджийы номдзыд романы хъайтары прототип куы схоной, уæд ын йæ кадыл кад æфтауынц, зæгъгæ. Фæлæ уый раст нæу.

Бар-æнæбары дæр фæзыны фарст: куыд ис уый гæнæн, æмæ æнæхъæн Мадриды – стæй канд Мадриды дæр нæ – йæ ном кæмæн нæрыди, уыцы булкъон Ксанти суыдаид хуымæтæг партизаны прототип? Уымæн, Робертæн, халæн æрмæг æрбарвыстой, цæмæй дзы уый хид фехæлдтаид. Æмæ йæ хæс сæххæст кодта.

Гъо, загътон ма йæ, Хемингуэй йæхи цæстытæй федта, Хаджи йæ бархионты къордимæ хид куыд фехæлдта, уый. Фæлæ Хаджи йæхæдæг нæ уыд рæмудзæг, Хаджи разамынд лæвæрдта хидхалджытæн. Æмæ уæд куыд æрцыдаид фыссæджы сæрмæ ахæм хъуыды, булкъон

Ксантийы, фæстæдæр цы роман фысдзæн, уым искæй прототип скæна? Фыссæджы куыстимæ зонгæ чи у, уый нæ бауырндзæн ацы хъуыддаг. Уымæн æй нæ бауырндзæн, æмæ фыссæг хъуамæ прототипы фæлгонцы, йæ удыхъæды ахæм исты æрцахса, цæмæй йæ хъайтары фæлгонц уый нывтыл скæрда æмæ йæ самайа. Ам та ахæмæй ницы зыны, æмæ нæ бадынц кæрæдзийыл, мæнæ Б. Полевойы литературон хъайтар Маресев æмæ йæ прототип Мересьев куыд бадынц, афтæ. Кæнæ, иууылдæр бирæ кæй уарзæм, уыцы киноныв «Семнадцать мгновений весны»-йы Штирлиц цы диссæгтæ æвдисы, уыдон булкъон Исаев царды раздæр кæй равдыста уæлдайджынтæй. Гъе, уый дын æцæг прототиптæ!

Гъо, æмæ ноджы – Роберт уыцы хид халгæйæ фæмард вæййы. Хаджи та сæрæгасæй æрбаздæхт Цæдисмæ æмæ уым, Испанийы, афтæ хъæбатыр æмæ æвзыгъдæй кæй равдыста йæхи, уый тыххæй, куыд фæзæгъынц, кад æмæ намысы бын фæци.

Ныр та æркæсæм, уыцы хабæрттыл цы уацмыстæ фыст ис, уыдонæй цалдæрмæ.

Мæнæ Сергей Макиевы уац «Чи дæ, булкъон Ксанти?», зæгъгæ, уымæй иу скъуыддзаг. Уац мыхуыры рацыди 2012 азы, 2-æм майы, йæ гриф «Совершенно секретно». «Мадриды булкъон Ксантийы ном алы ран æмæ алкæмæн нæ дзырдтой. Кæм-иу рауад йæ кой, уым дæр – æрдæгхъæлæсæй. Адæмæй уыд сæрхызт. Йæ ныббырстытæ адæмы ’хсæн хæлиу кодтой легендæтау. Йæ гыццыл къордимæ-иу æрбайсæфти горæтæй, стæй-иу уайтагъд æрыхъуысти горæтмæ: кæмдæр франкистты фæсчъылдыммæ фехæлдæуыд хæцæнгæрзты æфтауцуат, æндæр ран аэродромы сræмыгъдæуыд цалдæр хæдтæхæджы æд бомбæтæ;уым æмæ уым ныппырхчынди, æфсæнвæндаг кæуыл цыд, ахæм хид. Иннæ ран былæй атахти, немыцаг æмæ итайлаг хæцæнгарзæй йæ тæккæдзаг поезд... Испайнæгтæ дзырдтой æмæ æппындæр гуырысхо нæ кодтой сæ ныхæстыл: нæмыг нæ хизы нæхи Ксантийы.

Йæхæдæг та-иу искуы ныккæнды багуыбыр картæйыл, цыдæртæ барста, цыдæртæ йыл бæрджытæ кодта – иу ныхасæй, йæхи цæттæ кодта ног диверсимæ.

Хемингуэй уыд американ газеттæй цалдæры уацхæссæг æмæ йæ тынг фæндыд, Ксантийы куы фенид, уый – уагæры цавæр у, цы лæг у уыцы Ксанти?! Иухатт ын «Правда»-йы уацхæссæг Михаил Кольцов загъта:

– Фæнды дæ Ксантиимæ фембæлын? Уый дын мæ быгъдуан...

Æмæ – фембæлдысты. Фембæлдысты отель «Флорида»-йы. Михаил Болтанов йæ чиныг «Диверсант»-ы афтæ фыссы уыцы фембæлды тыххæй: «Хаджийы, раст куы зæгъæм, уæд æппындæр нæ фæндыд уыцы фембæлдмæ цæуын. Уый разамынд лæвæрдта, диверситæ чи

арæзта, ахæм сусæг къордæн æмæ куыд хъуамæ схæцыдаид искæмæн йæ къорды куысты хабæрттæ кæныныл!

Хемингуэй æркуырдта сæн, æмæ дзы дзургæ-дзурын иудадзыг ахуыпп-ахуыпп кодта, афтæмæй йæм лæвæрдта фарстатæ. Кольцов сæ тæлмац кодта Хаджийæн. Сæ ныхас уымæй райдыдта:

– Чи дæ? Кæцон дæ? Де ’цæг ном цы хуыйны? – фарста йæ Хемингуэй.

Хаджи дзуапп радта:

– Ам фæсарæйнæгтæн иууылдæр фæсномыгтæ ис. Мæн хонынц булкъон Ксанти. Æз дæн мæчъыдойнаг, базаргæнæг. Испанимæ æрбафтыдтæн Туркæй. Мæхи фæндонмæ гæсгæ бацыдтæн, Дуррути разамынд кæмæн дæтты, уыцы бархионты къордмæ.

Афтæмæй Хемингуэй нæ базыдта, булкъон Ксанти советон æфсæддон кæй уыд, ирон лæг, Мамсыраты Хаджи-Омар майор кæй уыди, уыдæттæ.

Куы аивгъуыдта Хемингуэй, уæд Хаджи загъта:

– Мæ зæрдæмæ нæ фæцыд ацы лæг. Зæрдæ кæуыл дарай, ахæмы каст нæ кæны. Бирæ нуазы æмæ дзæнгæда цæгъды.

Зындгонд кинооператор Роман Кармен дæр уæд уыди Испанийы. Уый дæр фыста Хаджийы тыххæй: «Хаджи никуы никæимæ лæууыди ныхасмæ, йæ куысты хабæрттæ никуы никæмæн æргом кодта. Кæдиу æй исчи бафарста, цы кусы, уымæй, уæд-иу йæ сатæгсау бецыкк фесхуыста иуырдæм æмæ-иу æфсæрмыгæнæджы худт бакодта. Уæд-иу йе ’нгомæвæрд былтæ кæрæдзийæ фæиртæстысты æмæ-иу се ’хсæн ферттывтой йæ урс-урсид дæндæгтæ».

Æмæ та раздæхæм, уæлдæр кæй кой кодтам, уыцы уацмысмæ – «Диверсант»-мæ: Егор Яковлев, хъуыстгонд журналист æмæ редактор, æхсайæм азты, Хаджи стыр бынат куы ахста – сæйраг разысгарæн управленийы хицауы хæдивæгæй куы куыста – уæд-иу æм арæх цыд йæ куыстмæ æмæ ахæм зондыл хæст уыди: нæй уый гæнæн, æмæ коммунист Мамсыры-фырт Хемингуэйы чиныджы хъайтар уыдаид.

Иуахæмы йæ комкоммæ бафарста Яковлев:

– Зæгъ-ма, æмбал Хаджи, дæхи базыдтай уыцы романы?

– Базыдтон æмæ нæ базыдтон, – уыди йæ дзуапп Хаджийæн.

Цы нысан кæны ахæм дзуапп? Уый нысан кæны – нæ базыдтон. Кæд дзы базыдта йæхи, уæд ма цæмæн хъуамæ загътаид: базыдтон æмæ нæ базыдтон? Загътаид – базыдтон. Æндæр исты зæгъæн ын нæ уыди. Нæ дзы базыдта йæхи. Уымæн дзы нæ базыдта йæхи, æмæ йæ кæй прототип хонынц, уыимæ кæрæдзимæ дард сты, тынг дард – царды сæ кæмæн цас æнтыстытæ уыд, адæмы ’хсæн сæ кæмæн цы кад уыди, чи сæ цы уаг æмæ æгъдауæй царди, уымæ гæсгæ дæр. Джордан чи у, уымæн цалынмæ йæ хид халыны æмгъуыд æрцыди, уæдмæ цалдæр

боны хъæды царди партизантимæ. Бон-изæрмæ туаг сæн нуæзта, æхсæв та-иу, фынæйгæнæн голлаг кæй хонынц, уым алæст, йæ рустæ сыгъдтытæ кæмæн бавзæрстой, ахæм сылгоймаджы фарсмæ. Цы хуызы хъуамæ базыдтаид Хаджи йæхи уыцы хъайтары фæлгонцы?! Стæй, æнæуи дæр, иронау зæгъгæйæ, кæм – номдзыд Ксанти æмæ кæм – хуымæтæг партизан?! Ægæр стыр у Хаджи, æмæ прототип та литературон хъайтарæй уал хатты стырдæр куыд хъуамæ уа!

Æмæ та раздæхæм «Диверсант»-мæ: «Роман кæс æмæ кæс, йæ хъайтарты миддунейы агур æмæ агур испайнаг интербригадонты сурæттæ. Раст куы зæгъон, уæд æз дæр агуырдтон, уыцы литературон хъайтарты змæлды легендарон Ксантийы удыскондæй исты кæм разынд, ахæм бынæттæ. Агуырдтон дзы æмæ дзы ардтон. Ардтон дзы Роберт Джорданы, ардтон дзы инæлар Гольцы æмæ ноджыдæр кæйдæрты фæлгонцтæ. Уымæн æмæ Хемингуэй Ксантийы характеры æууæлтæй бирæты схайджын кодта йæ хъайтартæй».

Бирæты! Роберты прототип кæй у, уымæн дзы йæ кой дæр нæй.

Йæхæдæг куыд дзырдта Хемингуэй, уымæ гæсгæ йæ романы цы хъуыддæгтæ равдыста, уыдон сты йе сфæлдыстадон фантазийы тæлмæнтæ. Æмæ дæ фæнда-нæ дæ фæнда, уæддæр дæм, уыцы ныхæстæ бакæсгæйæ, фарст куыд нæ фæзындзæн: ау, æмæ кæд Ксанти йæ романы хъайтары прототип у, уæд йæхæдæг цæуылнæ скодта йæ кой? Ау, афтæ цæмæ гæсгæ нæ загъта – уым, Испанийы, фембæлдтæн ахæм æмæ ахæм лæгыл æмæ йæ афтæ æмæ уфтæ равдыстон мæ хъайтары фæлгонцы. Нæ загъта. Æцæг куы уыдаид уыцы хъуыддаг, уæд æй, æвæццæгæн, нæ басусæг кодтаид. Фæлæ иугæр нæ уыди, уæд куыд загътаид, стæй иугæр нæ загъта, уæд та нæ уыди.

Æмæ цæй фæдыл у мæ ныхас?

Нæдæр фыссæг кæны уыцы хъуыддаджы кой, нæдæр, уыцы хъуыддæгтæ хорз чи зыдта, уыдонæй исчи, куынæ Хаджи йæхæдæг, уæд мах цы ныббыцæу стæм, нæ хъæлæстæ куы ныффæсус сты фыр ныхасæй, нæ къухтæ куы бафæлладысты фыр фыстæй – Хаджи, дам, Роберт Джорданы прототип у! Уæд нæ цæмæн бахъуыд уыцы раныхас-баныхас æмæ рафысс-бафыссы сæр?! Æмæ кæд Хаджийы фæндгæ дæр нæ кодта, искæй прототип уа, – æмæ йæ, цыма, нæ фæндыди, афтæ зыны – уæд та? Уæд ыл йе стыр ном, йæ сыгъдæг ном æнцад цæуылнæ уадзæм нæ ницы-мацы раныхас-баныхас æмæ уыцы фыстытæй? Уæлдæр ма йæ куы загътон – уымæй Хаджийы кадмæ кад нæ хауы. Хаджийы кад æндæрхуызон кад у, сыгъдæг Хаджийы кад у.

Æмæ, цы у, уымæй йæ 'мбæлы уадзын.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ХОДЫ КАМАЛ

(1941)

Тоэт мæсыг амайæгау у: дзырдбæстытæй, æвзаргæ ныхæстæй йæ схæссы бæрзонд æмæ фидар. Адæймагæн йæ зæрдæйы рæбинаг æнкъарæнтæ, йæ домбай зонды уæрæх хæтæнтæ кæмæй ныррухс вæййынц, царды фæзилæнтæм, æрдзы æууæлтæм бынтон æндæр хуызы кæй фæрцы кæсы, ахæм поэт. Æмæ уыцы æрдхæрæны поэты ном тынг фидауы Ходы Камалыл.

Ходы Хазбийы фырт Камал райгуырди Цæгат Ирыстоны Зæронд Бæтæхъойыхъæуы 1941 азы 26 январы. Йæ фыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй нал сыздæхт æмæ нал барæвдыдта йæ цоты кæстæры…

Камал æвзонгæй кусынмæ бацыд Беслæны нартхоры комбинатмæ. Уыцы иу рæстæг ахуыр кодта кусæг фæсивæды скъолайы – каст æй фæцис 1959 азы.

Стæй цыбыр рæстæг уыд Ирон театры артист. Чысыл фæстæдæр сси Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты студент. Фæлæ та ам дæр бирæ нæ бафæстиат: йæ зæрдæ тырныдта сфæлдыстадон куыстмæ. Уыд алы районты газетты уацхæссæг, республикон телеуынынады хистæр редактор. Стæй та – ног уæлдæр скъола: Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институт. Фæцис æй 1970 азы. Æмæ та ногæй – сфæлдыстадон фæллой: журнал «Мах дуг»-ы критикæ æмæ публицистикæйы хайады сæргълæууæг, чингуыты рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редактор, мыхуыр æмæ чингуыты базарады Комитеты сæрдар, Ирон театры директор, къорд азты Фысджыты цæдисы сæрдар.

Камал у Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон преми æмæ Хуадонты Зурабы хæрзаудæн фонды преми «Нарты фæткъуы»-йы лауреат, «Хæлардзинады орден»-æй хорзæхджынгонд.

Мыхуыры йын рацыд æмдзæвгæты къорд æмбырдгонды: «Бонвæрнон», «Цæхх æмæ кæрдзын», «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц», «Кар», «Ном», «Æрттигъ» (æртæ поэты иумæйаг чиныг), «Мыртæ», «Балсæджы цалх»...

Йæ уацмыстæм гæсгæ фыст ис зарджытæ, Камал у Цæгат Ирыстоны гимны автор.

Нæ зæрдæ йын зæгъы, æнæнизæй йæ сæдæ азты рындзæй куыд акæса…

Къ.А.

ХОДЫ Камал

ГАМО

Радзырд

Цæр-иу схуыссыны размæ лæгъстæ кæнын байдыдтон:

– Баба, акæн-ма мæн дæр райсом хъæдмæ. Æз дын дæ галыл иунæг дзынга абадын дæр нæ бауадздзынæн...

– Хорз, хорз, мæ хур, – дзуапп-иу лæвæрдта мæ фыдыфыд, – æрмæст та-иу хъуыр-хъуыр ма кæн, сæумæцъæхыл дæ куы хъал кæнон, уæд...

Нæ кæндзынæн, зæгъгæ-иу ын ард хордтон.

Фæлæ мæ ныхас никуы сæххæст кодтон: хъыг-иу мын уыди, боныцъæхмæ ма-иу дзæвгар куы хъуыди, афтæ-иу мæ баба сабыргай куы бауыгъта, фæгæпп кæн, лæппу, æмæ гал аифтындз, зæгъгæ, уæд.

Гал ифтындзын зонгæ рагæй кæнын, фæлæ мыл уыцы куыст æрæджы æууæндын байдыдта баба. Ныр дзы диссагæй та уæвгæ ницы ис. Гал, мыййаг, бæх куынæ у: тæбынгтæй иу слас æмæ уæрдоны рætæнæгъдтæ хæрдмæ схъен кæн, уый йеддæмæ Гамо (афтæ у нæ галы ном) йæхæдæг бамбары хъуыддаг – уайтагъд, бухъхъытæгæнгæ, йæ бынат æрцахсы. Стæй йын æфсондз йæ бæрзæйыл æруадз, дыккаг тæбынг æртъысс, тæбынгбос галы хъуырыл æрбайс, сæрбос æфсондзыл афидар кæн – æмæ галуæрдон цæттæ хъæдмæ цæуынмæ. Раст зæгъын хъæуы, ноджыдæр ма дзы бирæ цыдæртæ и, цæмæй хъæддзауы æрдæгвæндагæй фæстæмæ здæхын ма бахъæуа, уый тыххæй, фæлæ уыцы хъуыддæгтæ баба изæр бакæны: зæгъæм, хъуамæ уæрдоныл фæсте иу сæрхъæдæй иннæ сæрхъæдмæ дзуарæвæрд баст уа даргъ бæндæн, гуыффæйы – сыгъдæг хъæмп, бадынæн фæлмæндæр куыд уа, афтæ, дыууæ фæрæты: стырдæр – сугтæ кæнынæн, къаддæр та – мих æмæ уис цæгъдынæн. Æрмæст мих æмæ уис, кæнæ æрмæст суг ласынмæ куы фæцæуæм, уæддæр баба иунæг фæрæт никуы сæвæры: куыд вæййы – цы вæййы, ис, дам, мæгуыры хос нæу...

Абон мæ уæлдай раздæр райхъал кодта баба. Мæ цæстытæ тымбыл къухтæй æууæрдгæ рабадтæн мæ хуыссæны. Мæ бакомкоммæ баба гыццыл бандоныл бады æмæ йæ хъусджын дзабыртæ кæны.

– Скъæты дуар-иу дзæбæх рассон, фыстæ ма рауадз, – кæртмæ куы рахызтæн, уæд ма мæ фæстæ радзырдта.

Кæд уалдзæг раджы ныллæууыди, уæддæр нырма райсомæй уазал

вæййы. Скъæты дуар куы байгом кодтон, уæд цавæрдæр æхсызгон хъарм фаджысы тæфимæ цæсгомыл сæмбæлди... Талынг у скъæты. Фæлæ уæддæр æз комкоммæ бацыдтæн, æмæ Гамойы сæрбосыл мæ къух фæхæст. Йæ фарс ын бацавтон, æмæ гал раздæр зивæггæнæгау уæззау ныуулæфыди, стæй, цыма хинымæр афтæ загъта, цы уа, уый уæд, зæгъгæ, уыйау æвиппайды йæ цыппæртыл алæууыд.

Куы йæ сифтыгътон, уæд ын йæ фæлмæн дæллагхъуыртыл мæ къухтæ схъарм кодтон.

Диссаджы гал у Гамо. Сыхæгтæ нæм иууылдæр хæлæг кæнынц, ахæм хъæддзау гал нæм кæй ис, уый тыххæй. Æмæ уый хуымætæджы нæу. Гамо æнахуыр æмбаргæ у. Йæ хабæрттæ уын куы радзурон, уæд уæхи дæр ба- уырндзæни уыцы хъуыддаг.

Хъæд нæм дард, мыййаг, нæу. Кæд уа дыууæ сахаты цыд. Фæлæ фæндаг зын фæндаг у. Иуæй дзы бирæ ис хæрдтæ æмæ уырдыджытæ, иннæмæй та вæййы тынг гуыргъахъхъ, уæлдайдæр зымæгон. Ахæм гуыргъахъхъы цыппарцæфхадджын бæхæн дæр зын цæуæн куы у, уæд дзы галæн йæ сæфтæджытæ нæ риссынц! Стæй дзы науæд иу æмæ дыууæ галæн асæтты йæ сæфтæг, æмæ уæд мæйгæйттæ кусынæн нал сбæззынц. Фæлæ Гамо иуæй-иу галтау æнæсæрфат цыдтытæ нæ кæны. Хъавгæ, фæндагмæ лæмбынæг кæсгæйæ, йæ къах уæздан ист кæнын байдайы.

Мах хъæды дæхæдæг куынæ уай, уæд нæ бамбардзынæ, суджы уæрдонимæ рагъæй куыд зын цæуæн у, уый. Ранæй-рæтты фæндаг у бынтон æмуырдыг. Æнæмæнг ыл цæуын хъæуы «бырæнимæ» – афтæ хоны баба, гуыффæйæ зæхмæ цы сывылдзы лыггаг сбыцæу кæны, уæрдоныл фæстæмæ хæца, зæгъгæ, уый. Кæд «бырæн» гутонау хаxx байдайы, уæддæр фæстæмæ хæцынæн уыйбæрц ахъаз нæ вæййы. Уымæ гæсгæ, гал æмбаргæ куынæ уа, йæ сæрбосыл ын фæлтæрд хъæддзау куынæ хæца, уæд лæгæй, галæй, уæрдонæй ныххæррæгъ уыдзысты, далæ бынæй паддзахвæндаг комы гæрзæй-гæрзмæ ехсы фæдау кæцæй зыны, уым. Фæлæ Гамо... Зæххардыстæн, нæхи гал у, уый тыххæй дзы не ’ппæлын!.. Гамо цыфæнды уырдыджы дæр цымыдисаг тарст никуы фæкодта. Цыма йæхи уæлгоммæ йе рагъы нуæрттыл аппарынмæ фæхъавы, уыйау йæ уæз фæстæмæ ауадзы, раст цыма арвмæ скæсыныл фæархайы, уыйау сæр хæрдмæ сисы (æвæццæгæн, æфсондзæн сыкъаты сæрты рахауынæй фæтæрсы), раззаг къæхтæ цыдæр æнахуыр æмраст ныввæййынц, æмæ сабыргай йæ къахдзæфтæ фæнымайы...

Хъæдæй здæхгæйæ, Чысыл коммæ нæма æрхæццæ уыдзынæ, афтæ уым фæндагæй иу-дыууæфондзыссæдз санчъехы фалдæр сты нæ колхозы уæтæртæ. Уыцы уæтæрты ахæм фыййау куыйтæ ис, æмæ се ’мгæрон ауайын никæй уадзынц. Дыууæрдæм æрдынау ælвæст аргъонахъы, сæ иуæй иннæ хъæхъхъагдæр – сæхи фæндаггоныл куы рауадзынц, уæд, æвæццæгæн, уый фæзæгъы, адзалæй дарддæр мын хос нал ис, зæгъгæ. Куыйтæ æртымбыл вæййынц уæрдоны алыварс, лæбурын байдайынц галы хæмхудтæм, уæлдайдæр гал ногахуыр куы вæййы æмæ сæ лидзгæ куы фæкæны, уæд. Гамо лидзгæ нæ кæны. Кæд æдас нæ вæййы, уæддæр йæхи ныхъхъæбатыр кæны, суанг ма фæцархайы куыйты армаццагæй цæвыныл дæр...

– Цæттæ стæм, læппу? – мæ хъуыдытæ мын фæсырдта баба.

О, зæгъгæ йын дзуапп радтон. Баба гуыффæмæ баппæрста чысылгомау дзæкъул, йæ фарсмæ йын хъæмпы æрнорста къаннæггомау нарæгхъуыр дурын. Йæхæдæг дæр сбадти.

Æз зонын: дзæкъулы ис нартхоры кæрдзын æмæ хъæбæр цыхты къæртт, дурыны та – къуымæл, кæнæ йæ баба куыд хоны, – махсымæ.

– Ахæц галы сæрыл, мыййаг, сис куы акъуыра йе 'фсондзæй, – дзуры мæм баба, ныр æй зонгæ та уæвгæ кæны, Гамойæн йæ сæрыл æппын ахæцæг куынæ уа, уæддæр ныдзæвгæ дæр кæй ницæуыл акæндзæн, уый.

Баба Гамойы йæ номæй нæ хоны. Раздæр æй хуыдта уæныг, ныр та – гал. Гамо, зæгъгæ йæм никуыма сдзырдта. Афтæмæй йæ уарзгæ та диссаджы уарзт кæны Гамойы. Мæнæй дæр æй фылдæр цыма уарзы. Гъеныр, зæгъæм, мæнæ айфыццаг... Уæлæ къохы æндзарæнтæ ласынмæ уыдыстæм. Баба галы иу чысылгомау æрдузы суагъта, бæндæнæй йæ цалхмæ даргъ баст бакодта, йæхæдæг Æхсæрджыны суг кæнынмæ бафардæг. Хур дзæбæх æрæндæвта, афтæ нæ уæрдон уыди рарастæввонг. Уæдæ ма мæ махсымæйæ куы ануазин, зæгъгæ, баба, сырх къухмæрзæнæй йæ цæсгомы хид сæрфгæ, уæрдонæй чысыл æддæдæр цы æхсæры къутæр уыди, уыцырдæм бауади. Фæстæмæ раздæхти афтид дурынимæ: цæмæй хæйрæг уыди Гамо, чысыл раздæр йæ къах цы уымæл дзыхъхъы ныххауд, уым бабайы дурын ныгæд кæй уыди. Æвæццæгæн, бабайы бынаты æндæр исчи куы уыдаид, уæд йæ галы рагъ уисæй стæлмытæ кодтаид.Фæлæ баба не смæсты. Уый нæ уарзы хайуаны нæмын. Афтæ дæр ма загъта:

– Хуыцау хорз, æмæ дзы йæ фæстаг къах ныххауди, раззаг фелвæсын дæр зыдта...

...Нырма хъæуæй нæма ахызтыстæм. Ногсæрст сæмæны цæлхытæ тулынц æнæ уынæрæй. Искуы-иу кæртæй райхъуысы хуыссæгхъæлдзæг куыдзы уынæргъын. Арв тынг сыгъдæг у. Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн кæнынц. Стъалытæй ма иутæ, зивæггæнгæ, æрцъынд-æрцъындгæнгæ, мæнг æрттывд кæнынц. Кæмдæр уасæг йæ базыртæ сцагъта, цыма исчи кулдуарыл лæдзæгæй дзæхст-дзæхстæй ралæууыд... Рагъмæ куы схæццæ уæм, уæд стъалытæ бынтондæр бацъынд уыдзысты, нæ суджы уæрдон æрдæгконд куы уа, уæд сзындзæни хуры был, сабыргай стулдзæн, цыма цæмæдæр хъуызы, уыйау. Диссаг, æвæдза, хур куыддæр скæсы, афтæ мæлæты дынджыр вæййы, стæй къаддæрæй-къаддæр кæнын байдайы. Куыд къаддæр кæны, афтæ йæ тынтæ та тынгæй-тынгдæр фæтавынц. Уæдæ адæймаг куы райгуыры, уæд хæрз къаннæг куы вæййы, стæй рæзын байдайы...

– Абон хъуамæ рагъмæ дыууæ уады скæнæм, дзæбæх уæрдон дзы куыд раласæм, афтæ, – дзуры баба, мæнырдæм нæ кæсы, афтæмæй, – йе 'мбис ын Залдузæн акалдзыстæм, иннæ ’мбис та – нæхи.

Уыцы ныхæсты фæстæ бабайы цæсгомыл фæзынди цыдæр æбæрæг катайы аууон – йæ хъуынджын урс æрфгуытæ кæрæдзийыл сæмбæлдысты:

– Æрмæст нæ ма фенæд уыцы куыдзытугæйæхсад – Афæхъойæ зæгъын. Мыййаг æм мæхи куынæ бауромон.

Залдуз та нæ сыхаг ус у. Баба йын алцæмæй дæр æххуыс кæны. Тæригъæд, дам, у, æртæ фыртæй, дам, бавдæлон, æмæ, дам, мæгуыр у. Мæгуыр... Æмæ баба йæхæдæг тынг хъæздыг у уæд? Кæм ис мæ фыд? Кæм сты мæ фыды цыппар æфсымæры: Асæхмæт, Батыр, Микъала æмæ Дзæрæх? Кæм сты йæ фондз фырты бабайæн? Ныр цыппар азы куы рацыди, хæст куы банцади, уæдæй нырмæ...

Хистæртæм араех рауайы сæ кой. Асæхмæт, Батыр æмæ, дам, мæ фыды тыххæй хæсты фыццаг аз фæд-фæдыл ссыд «сау гæххæттытæ», хъæбатырæй фæмард сты сæ Райгуырæн бæсты сæраппонд удуæлдай тохы. Микъала фесæфти æнæбæрæгæй. Адæймаг, дам, æнæбæрæгæй фесæфти! Фæлæ фондз æфсымæры кæстæр Дзæрæхы кой никуы фæкæнынц нæ хъæуы. Кæд, мыййаг, искæй дзыхæй æнæбары схауы йæ ном, уæддæр æй иннæтæ бамынæг кæнынц. Цæмæн, цымæ? Кæддæр мын, хъæдæй здæхгæйæ, баба радзырдта иу хабар.

...Адæймагæн йæ фондз æнгуылдзæй кæцыфæнды куы ралыг кæнай, уæддæр ын уæлдай тынгдæр кæнæ къаддæр нæ фæрисдзæн. Алы

ныййарæг дæр, дам, афтæ у: йæ цотæй йын уæлдай адджындæр, кæнæ уæлдай æнаддæр никæцы вæййы. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, ныййарджытæ афтæ фæдзурынц æрмæст сæ цоты цæстмæ. Уымæн æмæ сын уæддæр сæ хъæбултæй иу æнæмæнг уарзондæр вæййы. Хъулон уарзт кодта баба дæр йæ кæстæр фырт Дзæрæхы. Нæ йыл хъæцыд æрхъæцмæ. Æнахуыр ныфс ын æвзæрын кодта уый йæ зæрдæйы – йæ лæугæ хох, йæ цæугæ мæсыг...

Хæсты размæ Дзæрæх нæхи хъæуы куыста дохтырæй. Нымад лæппу уыди. Йæ рацыд – нывыл, йæ дзыхыныхас – аив. Æрмæст йæ бакаст дæр бирæйы аргъ уыди: асæй – бæрзондгомау, астæу – ælвæст, мыдхуыз дзыккутæ, стыр æрвхуыз цæстыты арфæй æмбисонды ирд цæхæр æрттывта. Охх, цал æмæ цал æнæрцæф чызджы æмбæхстой Дзæрæхмæ сæ зæрдæты судзгæ уарзондзинад! Дзæрæхы та уарзынтæм нæ равдæлд. Адæймаджы нæ равдæлди уарзынмæ – хъуыди марын. Хъуыди марын, уымæн æмæ знаг æрбабырста нæ бæстæмæ, хъуыди марын, уымæн æмæ знаг бацахста Дзæрæхы райгуырæн хъæу; хъуыди марын, уымæн æмæ Дзæрæхы нæ равдæлд уарзынмæ. Æмæ Дзæрæх мардта. Уый уыди партизанты къорды раздзæуæг. Маргæ нæ – цæгъдгæ. Зноны дохтыр топпæй æхста афтæ, цæмæй адæймагæн уый фæстæ æппындæр мауал уа сдзæбæх кæнæн.

Афтæ хъуыди...

Афтæ хъуыди...

Нæ хъæуккаг Уыналаты Афæхъойы фырт Хъасбол дæр уыди парти- зантимæ. Фæлæ сыл гадзрахатæй рацыд æмæ сын амардта сæ раздзæуæджы – Дзæрæхы.

Хъасбол уыди Афæхъойы иунæг фырт, Дзæрæх та, бабайæн ма йæ фондз хъæбулæй чи баззади, уый. Ныр сæ иу дæр æгас нал у сæ фыдæн – хъоды бакодта Афæхъо йæ фыртыл, абон дæр кæм и, уый бæрæг ын нæй. Кæмдæр æцæгælон бæстæйы йæ боны хъиутæ æрвиты.

Цы аххосджын у мæгуыр хъæдгæс Афæхъо? Цæмæн æм акасти баба топпы кæсæнæй? Ау, Афæхъойы афтæ фæндыди, цæмæй йæ фырт уæйгæнæг æмæ лæгмар разына? Цæмæй йæ хорз хъæуккаджы чъылдымырдыгæй амара? Кæцы ныййарæджы фæнды йæ цоты æвзæрдзинад фенын? Кæцы ныййарæджы фæнды йæ иунæг хъæбулы цæрдудæй йæ зæрдæйæ сыскъуынын? Цæмæн кæсы баба Афæхъомæ топпы кæсæнæй?

Æппæт уыдæттыл дис кодтой адæм.

Фæлæ мæстджын зæрдæ лæджы коммæ нæ кæсы. Нæ касти йæ зæрдæ йæ коммæ бабайæн дæр. Дардмæ дæр-иу куы федта Афæхъойы, уæд-иу æгъатыр хъуыды сæрымагъзы зилдух кæнын байдыдта: «Уый у Дзæрæхы марæджы фыд... Уый фырт амардта Дзæрæхы...». «Нæу аххосджын Афæхъо... Нæу аххосджын Афæхъо...» – дзырдта-иу æндæр хъæлæс. «Амардта... Амардта...» – бар ын нæ лæвæрдта иннæ. Дыууæ лæджы алы мадзæлттæй кæрæдзийæ сæхи иртæст дардтой.

Хъæдгæсæй кусын æрæджы райдыдта Афæхъо. Тызмæг адæймаг æй хонынц хъæддзаутæ: дæ сугты æхсæн, дам дын иунæг хуылыдз тала дæр куы ссара, уæд, дам дæ æнæмæнг фæивар кæндзæн.

– Йæ куыст цы у, уый кæны, мæгуыр, – дзырдтой иннæтæ.

– Ахæм ма дзы фидар зæрдæйы хицау уа! Йæ иунæг фыртыл хъоды бакодта, – тæригъæдгæнгæ, дис кодтой æртыккæгтæ.

...Схæццæ стæм хъæды рагъмæ. Ам фæндаг бынмæ, хъæды арфмæ фæуырдыг кодта, стæй райдыдта хъæдбынты разил-базил кæнын. Иунæг уынæр никуыцæй хъуысы. Хъæд дыууæрдыгæй фидар нылвæста нарæг уæрдонвæндаджы. Æмæ фæндаг бынмæ фефсæрæгау кодта. Йæ былгæрæттæ хæццæ кæнынц Гамойы риумæ. Æнуд нæма у. Æнуд фæстæдæр уыдзæн, хур дзæбæх куы æрæндава, уæд.

– Мæнæ ацы æрдузы нæ гал суадздзыстæм, – загъта баба, стæй Гамойы галиу фарс уисæй ракъуырдта, æмæ гал рахизæрдæм баздæхт. Ам æй баба суагъта, уæрдоны фарсмæ йæ даргъ бабаста.

– Абад, мæ хур, ам. Æз мæхæдæг суг æрæввонг кæндзынæн, иу дæларм дзы æрбафтауц кæндзынæн, стæй иннæтæм иумæ ауайдзыстæм. – Йæхæдæг фæрæт райста, бæндæны лыггаг йæ астæуыл æрбабаста æмæ бæлæсты аууон фæци.

Æз гуыффæмæ сбырыдтæн, мæхи хъæмпыл уæлгоммæ ауагътон. Мæ цæстытæ сæхæдæг æрæхгæдтой. Хорз мæм хъуысы, Гамо ныллæг кæрдæг хъист-хъист кæнгæ куыд стон-стон кæны, уый... Дардæй, тынг дардæй райхъуыст æмыр къуырцц-къуырцц – баба сугтæ кæнынмæ бавнæлдта...

...Чидæр мæм æвдисы диссаджы рæсугъд хæрынкъа: «Гадзрахатæй-цæуæг куынæ уай, уæд дын ацы хæрынкъа ратдзынæн. Хорз хæрынкъа у. Йæхæдæг аразы уасæнтæ...» Чи у, цымæ? Куы бабайы хуызæн вæййы, куы та – Афæхъойы. Стæй мын ме уæхскмæ бавнæлдта æмæ мæ ныууыгъта. Æз æй бафæрсынмæ хъавын, уигъгæ та мæ цæмæн кæныс, зæгъгæ, фæлæ мæ ком ныххус, мæ дзыхы ныхас нæ бады...

Райхъал дæн. Баба лæууы мæ уæлхъус. Йæ цæстытæ – æнахуыр стыр, бæзджын урс æрфгуытæ фындзы сæрмæ кæрæдзиуыл нындæгъдысты. Былтæ афтæ 'лхъывд сты, æмæ æппындæр бæрæг нал дарынц.

– Гамо, – зæгъгæ, раулæфыди баба.

Гамо? Афтæ йæ куы никуы фæхоны. Гуыффæйæ мæхи куыд раппæрстон, уымæн ницы базыдтон. Уæрдоны фарсмæ – сугты стыр цæнд. «Æгæр афынæй дæн, æвæццæгæн», – ахъуыды кодтон мæхинымæр.

Базгъордтон Гамойы цурмæ. Хуыссы, йæ цыппар къахы йæ быны бакодта, афтæмæй. Бавнæлдтон ын йæ сыкъаты 'хсæнмæ. Йæ цæстыты урсытæй мæм скасти æмæ та йæ цæстæнгас зæхмæ æруагъта. Нымдзаст и, йæ цуры цы мæлдзыджыты губакк ис, уымæ... Мæ хъуыры æндыснæгау цыдæр абадтис, нæ мæ уадзы сдзурын, ахгæны мын мæ улæфæнтæ.

– Цы кæныс, Гамо? – Мæхи хъæлæс нал базыдтон, мæ ныхæстæ мæм кæцæйдæр дардæй райхъуыстысты. Лыстæг сау мæлдзыджытæ схылдысты Гамойы риуыл, байдзаг сты йæ уымæл фындзыхуынчъыты.

– Æвзæр, маргхъæстæ кæрдæг бахордта, – загъта баба.

Скасти та мæм Гамо. Цæстыты гагуытæ нал зынынц – ныббадти сыл мæрдон фæлм, йæ былтæ æрæнцадысты мæлдзыджыты губаккыл.

– Мæ кард, мæ кард мæ байрох ис нæхимæ, – дзуры та баба.

Кард? Цы дзы кæны кардзæй баба? Ау...

– Хæдмæл кæндзæни, – ногæй та мæм æрбайхъуыст.

Ныр бамбæрстон... Ныр бамбæрстон... Баба хъавы Гамойы аргæвдынмæ. Нæ йæ бауадздзынæн! Æз æй нæ бауадздзынæн æргæвдын. Баба мæнмæ байхъусдзæн...

Фæстæрдæм мæ сæр сабыргай разылдтон. Баба лæууы мæ цуры. Йе уæхсчытæ бынтондæр бынмæ æрхаудтой, цæсгом ныссау. Цыма мæ хъуыдытæн дзуапп læвæрдта, уыйау загъта:

– Ацы тыхст рæстæг дæ кусæг галæй бавдæлон у, стæй ма дзы капекк пайда дæр ма фæкæ – ныххæдмæл дын уæд! – уый хæдзары хæлдæй фыддæр у. – Стæй уæрдоны цурмæ бацыд, фæрæт систа, йæ комыл ын йæ хистæр æнгуылдз æрхаста. «Нæй, ницы аргæвддзæн. Бæргæ цыргъ уыди, фæлæ, акса, цас суг дзы ныццагътон!.. Иннæ фæрæт – уый та æгæр чысыл у», – ацы хъуыдытæ бакастæн бабайы цæстæнгасыл.

...Гамойæн йæ цæстытæ æрцъынд-æрцъынд кодтой. Цыма йыл ихæнриз стыхджын, уыйау-иу хатгай йæ буар базыр-зыр кодта.

Æвиппайды уæрдоны 'рдыгæй хус къæцæлты къæрццытæ фæцыди. Дыууæйæ дæр уыцырдæм фæкастыстæм: æрдузы фаллаг кæронæй,

лыстæг къалиутæ къухтæй фæйнæрдæм ссонгæ, рахызт Афæхъо – йæ галиу уæхскыл топп ауыгъд, фæтæн риуыл – дзуарæвæрдæй дыууæ æмыр хъатарайы. Æрдузгæрон æрлæууыди æмæ комкоммæ каст махырдæм. Уыцы уыцм мæм мæ зæрдæ афтæ сдзырдта, цыма Афæхъо æрдузмæ æргомæй рахизыны размæ аууон ранæй мах бирæ фæхъахъхъæдта.

«Ныртæккæ фæхыл уыдзысты. Ноджы, цыма, баба цалдæр хуылыдз талайы дæр ракодта...»

Уæртæ æрбацæуы Афæхъо, бабайы конд сугтæм кæсгæ дæр нæ фæкодта. Баба йæ бынатæй не змæлы. Æмраст кæсы Афæхъойы дыууæ цæстмæ, фæрæт йæ рахиз къухы, æрфгуытæ кæрæдзиуыл æндзæвынц. Йæ цæстыты исдугмæ цы æнæуынондзинады фæзынди, уый æнæбары раивта ныфсы хъарм æнгасæй. Æз мæхи ныттыхтон Гамойы хъуырыл æмæ зырзыргæнгæ æнхъæлмæ кастæн, дарддæр цы уыдзæн, уымæ.

Афæхъо нывнæлдта йæ дзыпмæ, сласта дзы лыстæг рæхысыл ауыгъд фæтæнфистон хæрынкъа æмæ Гамойы 'рдæм бакъахдзæф кодта...

Хъæды тарфæй райхъуысти базырты æваст пæр-пæр æмæ тарст хъуыдатт. Уый хуыргарк у. Æвæццæгæн, æхсæрæгимæ кæрæдзийæ фæтарстысты...

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **18-æм сентябры** ирон поэт, прозаик, драматург Чеджемты Георы 80 азы кадæн Фыскджыты цæдисы уыд йæ мысæн изæр. Фыссæджы тыххæй сæ хъуыдытæ загътой чиныгуадзæн «Ир»-ы редактор Дзуццаты Зæлинæ, поэт Къадзаты Станислав, журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ... Геор ирон литературæмæ бахаста уæзгæ хуынтæ: «Цола», «Цолайы чындзæхсæв», «Чери», сывæллæттæн фыст æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ, радзырдтæ…

► **23-æм сентябры** дæргъвæтин цалцæджы фæстæ йæ дуæрттæ байгом кодта Сыгъдæг апостол кънайаз Владимиры аргъуан. Советон дуджы размæ ацы историон-культурон объект нымад уыдис дины æхсæнады разамонджыты резиденцийыл. Бындур ын æвæрд æрцыд 1875 азы.

► **24-æм сентябры** Уæрæсейы географион æхсæнады вице-президент Артур Чилингаров фæндон бахаста, цæмæй Цæгат Ирыстоны хæхтæй иуæн лæвæрд æрцæуа нау «Арктикæ»-йы капитан, Социалистон фæллойы Хъæбатыр Кучиты Юрийы ном. Ныртæккæ йæ ном хæссынц Дзæуджыхъæуы уынгтæй иу æмæ скъола.


► **1-æм октябры** Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Битарты Вячеслав æмæ Кæсæг-Балхъары республикæйы Сæргълæууæг Казбек Коков бафыстой æмгуыстады бадзырд базарадон-экономикон, наукон-техникон, культурон æмæ туризмы къабазты. Ахæм бадзырд ма дыууæ республикæйы 'хсæн арæзт уыд 1995 азы. Уæд уый уыд Уæрæсейы регионты 'хсæн фыццаг бадзырд.

► **2-æм октябры** Смоленскы уыд Хæдбар Паддзахæдты документалон киноныв фæндзæм фестиваль «Еврази.DOC». Фестивалы эксперты хуызы архайдта РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ коммуникациты комитеты сæрдар Фидараты Юри. Уый информацион медиатыгъдад рапарахат кæнынмæ стыр æвæрæн кæй хæссы, уымæ гæсгæ йын радтой Белоруссийы сгуыхт журналисты ном.

► **4-æм октябры** зынгæ ирон поэт Бестауты Геуæргийы ном лæвæрд æрцыд Тбилисы Самгоры районы уынгтæй иуæн. Ахæм уынаффæ рахаста горæты совет. Бестауы-фырт ахæм кады аккаг сси, æнæмæлгæ поэмæ «Стайы цармдарæг» гуырдзиаг æвзагæй иронмæ кæй раивта, уый хынцгæйæ.

ТÆФÆРФÆС

ХЪАУЫРАТЫ ДАУЫР



Ирон литературæйыл æрцыд стыр зиан. 78-аздзыдæй йæ цардæй ахицæн курдиатджын фыссæг æмæ поэт, Уæрæсейы Фыскджыты цæдисы уæнг Хъауыраты Дауыр (Дзиойты Дауырбег). Райгуырдис 1942 азы Заманхъулы. Скъолайы фæстæ куыста районы газет «Размæ»-йы къамисæгæй. Йæ ист къамты æвдыста нæ республикæйы сфæлдыстадон интеллигенцийы æмæ хъæуы цæрджыты фæллойадон сгуыхтытæ. Фæсаууонмæ каст фæцис Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институт. Йæ уацмыстæ мыхуыр цыдысты республикон газеттæ æмæ журналты.

Хъауыраты Дауырæн йе сфæлдыстады сæйрагдæр архайджытæ сты Заманхъулы цæрджытæ. Уый тынгдæр рабæрæг йæ юмористон радзырдты æмбырдгонд «Сырдоны фæдонтæ»-йы.

Фыссæг стыр лæвæрдтæ ракодта сабитæн дæр. Йæ поэтикон æмбырдгæндтæ «Бускайы аргъау», «Цъырцъыраджы зарæг», «Цъиувæдис» æмæ æндæртæ сты аив, хуызджын ахорæнтæй нывæст. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнынц сæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад.

Хъыгагæн, цард æнусон нæу. Ацыд йе 'цæг дунемæ нæ уарзон адæймаг, æмгарджын, цæстуарзон, зæрдæхæлар, курдиатджын фыссæг. Фæлæ йæ рухс ном никуы ферох уыдзæн, ирон литературæ зынаргъ кæмæн у, ирон дзырдæн аргъ чи кæны, уыдонæй.

Рухсаг у, Дауырбег!

Журнал «Мах дуг»-ы редакци

* * *

Шеф-редактор	Н.С. ДЖУСОЕВА
Переводчик	А.В. ЗОЛОЕВ
Корректор	А.К. КАРГАЕВА
Компьютерный набор	М.К. КИРГУЕВА
Дизайн, верстка	М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам	А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано к печати 19.10.2020 г. Формат издания 60х90 1/16. Бум. офсет. №80г./м^2. Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1500 экз. Заказ №374. Цена свободная. Выход из печати 26 октября 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.